Индекс 73247
12+

МАХ ДУГ

3
2020

# МАХ ДУГ

3
2020





**ФИДАРАТЫ Фидар.** *Рагуалдзæг*

# НАША ЭПОХА

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЫЙ
И ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКИЙ ЖУРНАЛ

Издается с мая 1934 года

**Главный редактор**
Оксана ХЕТАГУРОВА

**Редакция**
Редактор отдела прозы – Борис ГУСАЛОВ
Редактор отдела поэзии и драматургии – Батрадз КАСАЕВ
Редактор отдела критики и публицистики – Тамерлан ТЕХОВ

**Редакционный совет**
Гастан АГНАЕВ, Руслан БЗАРОВ,
Зелим ВАТАЕВ, Клавдия ДЖУСОЕВА,
Станислав КАДЗАЕВ, Елизавета КОЧИЕВА,
Анатолий КУСРАЕВ, Анжела КУДЗОЕВА, Камал ХОДОВ

Владикавказ, 2020

# МАХ ДУГ

3
2020

ЛИТЕРАТУРОН-АИВАДОН ÆМÆ ÆХСÆНАДОН-
ПОЛИТИКОН ÆРВЫЛМÆЙОН ЖУРНАЛ

Журнал мыхуыры цæуы 1934 азы майæ фæстæмæ

**Сæйраг редактор**
ХЕТÆГКАТЫ Оксанæ

**Редакци**
Прозæйы хайады редактор – ГУСАЛТЫ Барис
Поэзи æмæ драматургийы хайады редактор – КАСАТЫ Батрадз
Критикæ æмæ публицистикæйы хайады редактор – ТЪЕХТЫ Тамерлан

**Редакцион совет**
АГЪНАТЫ Гæстæн, БЗАРТЫ Руслан,
УАТАТЫ Зелим, ДЖУСОЙТЫ Клавæ,
КЪАДЗАТЫ Станислав, КОСТЫ Лизæ,
КЪУСРАТЫ Анатоли, КУЫДЗОЙТЫ Анжелæ, ХОДЫ Камал

Дзæуджыхъæу, 2020

# НОМЫРЫ ИС:

**ХАДЖЕТЫ ТАЙМУРАЗ: 75 АЗЫ**

ХАДЖЕТЫ Таймураз. Уарзт уадзын мæ фæстæ. *Æмдзæвгæтæ* ..... 5

**НОМАРÆН**

ЦÆРУКЪАТЫ Алыксандр. Ног поэтикон комулæфт ...................... 19

ГÆБÆРАТЫ Юри. Къуыдары тызмæг хæхты æрдхæрæны зарæг ... 20

КАСАТЫ Батрадз. Рæстæг нæ демæ кæны хæстæгдæр .................. 28

АБАЙТЫ Эдуард. Поэт – стырдæр хæрзиуæг ................................. 33

*Æмдзæвгæтæ* ........................................................................... 35

**ГУСАЛТЫ БАРИС: 80 АЗЫ** .................................................... 41

ХÆЛÆРТТЫ САЛАМ .................................................................. 42

ГУСАЛТЫ Барис. Кæм –Хан æмæ кæм – Ханджери. *Дарддæр* ....... 48

**КРИТИКÆ ÆМÆ ПУБЛИЦИСТИКÆ**

МАМИЕВА Изета. Три слова об одном романе ................................. 82

**КАРЗ ХÆСТЫ ФÆНДÆГТЫЛ – УÆЛАХИЗМÆ**

ТЪЕХТЫ Тамерлан. Ныфс æмæ æфсармæй уарт ............................... 95

ÆЛДАТТАТЫ Виктор. *Æмдзæвгæтæ* ............................................ 100

**ДУНЕЙЫ ФИДАУЦ – СЫЛГОЙМАГ**

КЪУДУХТЫ Маринæ, НÆКУЫСАТЫ Наирæ, ÆЛБОРТЫ Беллæ, БЕТЕТЫ Фатимæ, ДЖУСОЙТЫ Майæ. *Æмдзæвгæтæ* ................. 102

ХАДЫХЪАТЫ Фатимæ. Цæринаг чызг. *Новеллæ* ............................ 109

**«МАХ ДУГ»-Ы РАВДЫСТ** ........................................................... 113

ЧЕТИТЫ Рубен. Аивады уæлтæмæн. *Уац* ....................................... 129

ХЪАЙТЫХЪТЫ Азæмæт. Чындз-богал. *Таурæгъ* ........................... 132

ДЖЫККАЙТЫ Шамил. Кард – æхсар æмæ намысы хотых. *Уац* .. 143

**ИРОН ПРОЗÆЙЫ АНТОЛОГИ**

СОТТИТЫ Риммæ. *Этюдтæ* .......................................................... 150

**МÆЙЫ ЦАУТЫЛ АФÆЛГÆСТ** ..................................................... 158

**ТÆФÆРФÆС.** БАГАТЫ Лади ................................................. 159

## ХАДЖЕТЫ ТАЙМУРАЗ: 75 АЗЫ



# ПОЭТЫ НЫХАС

Мæ мæлæтыл ма ку! Дæ цæссыгты зæй
Нæ расайдзæн хурбоны хъарм къухæй уарын...
Цард фæлдисæг æрдз ратты поэтæн, цæмæй
Уæлæуыл йæхицæн æвæсмард ыссара...

Мæ мæлæтыл ма ку! Уæрагсаст æфсир
Нæ фæзыны фæззæг бæркадджын тыллæгыл;
Мæйдар æхсæв ивы сæуæхсиды ирд, –
Цæстырухс нæ бафтауы никуы куырм лæгыл.

Æмгъуыд бонæй раздæр æвæрын мæ уаргъ, –
Ныууарыди залты мит царды æфцæгыл...
Мæ тухиты фæндаг цыбыр уыди, даргъ, –
Поэт лæг йæ бæхæй æрхизы рæстæгыл!..

Æмæ кæд нæ базыдтон арвау нæрын,
Мæ рифтаг фыдæнхъæл у амондæй, кадæй,
Рæстудæй мын бантыст бæласау цæрын,
Зæххон царды адджинаг банызтон адæн...

Æмæ-иу мыл ма ку!.. Мæ царды æдде
Мæ уарзт æмæ де 'рвон хуыз уадзын мæ фæстæ;
Фыдох уацыл ма 'ууæнд – фæсайдта дæ тел:
Поэт та йæ ног балцы араст æрмæстдæр!..



# МÆ ИРЫ КЪÆС

Нæ вæййы йæ номæй цымыдисаг лæг, –
Йæ фарн ис йæ авдæны хъармы.
Æз райгуырдтæн хохы. Нæ хæдзар – ныллæг,
Лæууыди цъæх æврæгъты армыл.

Сычъийы æхситт дзы куы фæцæуы сæрд,
Ныззæй кæнынц арф кæмттæм дуртæ.
Куы фæлгæсай рындзæй, кæсдзæни дæм уæд,
Дунетæй æвваxсдæр дæ хурмæ.

Уым саджы цæстытау æнæбын у арв.
Уым хæхтæ æрсытау – уæлгоммæ.
Æхсæрдзæн та рындзыл фæуадзы йæ хæрв,
Йæхæдæг ныййарц вæййы коммæ.

Бæзджын хъæр ныккæны гуыбырфындз цæргæс, –
Йæ ауон хæрæмигъæй тардæр!..
Йæ фыдызæхх райдайы хохаг лæгæн
Байраджы пырх барц æмæ кардæй.

Æз райгуырдтæн хохы, йæ удæй-иу арт
Кæм цагъта мæ фыдæл мæгуырæй:
Йæ къæбæр – цæххимæ, йæ суг та – сæнар,
Сæгъдзармæй фыдæмпъызт – йæ куырæт.

Зымæг-иу нæ кæмттæ, нæ рæгътæ – æмвæз
Рыг митæй... Уад ниудта кæуæгау.
Уæд уымæн та къуымы йæ арынджы лæгъз
Уыд афтид ыссады къæрмæгæй.

Уæддæр-иу нæ кодта йæ тухитæй хъаст:
Дæ тъæнджы мæй рагуалдзæг ма мыс!
Йæ удæй зынаргъдæр æм а зæххыл каст
Сæрибары дуг æмæ намыс.

Æууæнчы гæххæтт дзы нæ агуырдта лæг:
Йæ рихийы иу æрду – йе 'ууæнк.
Йæ цины рад ралæууы уымæн æцæг,
Нæртон лæг куы ссары, гъе уæд.

Мæнæн та мæ хорз уа, мæ цауды фæдтæ
Æвдисы нæ рухс хæхты айдæн.
У дуне мæ райгуырæн, фæлæ уæддæр
Мæ Иры къæсæр у мæ райдиан!

## МÆ КАРÆН ХÆСТОН

Цыппор фæндзæм аз... Нæмыг туджы цæмы
Саст Берлины куы фæци йæ ныхас,
Уæд æз райгуырдтæн хохбæсты. Атахт мæныл
Рогæй тугхъулон заман, нæ фыдаз.

Фæлæ абоны онг дæр, æхсæв уа, гъе бон,
Иу æвирхъау ныв уайы мæ цæстыл:
Ног мæ къæсмæ цæуы иу мæ карæн хæстон...
Уый фæмард цыппор фæндзæмы, хæсты.

Уый æрцыди фыццаг хатт: æрыгон, уæздан,
Уыд йæ сау-сауид бецыкк къæбæлдзыг.
Уæнгтæ – фидар, æлвæст, фæлæ къахдзæф – уæззау,
Цæстæнгасы – æргом ныфс, къæмдзæстыг.

Дуар бакодта цадæг. Æвзонг лæджы хуыз
Дардтой цырыхъхъы уыгард фæдтæ дæр.
Сидти хæстмæ мæнмæ. Хъæццул асхуыстон æз
Æмæ загътон: цæттæ дæн!

Уый æрцыди дыккаг хатт: йæ цæсгомыл – мæт,
Туг тымыгъау йæ уадултыл хъазыд.



Уыд йæ зачъе хъæбæрхъис, йæ фезмæлд – æзнæт...
Нæй, нæ уыди мæлæтыл уый разы...

Рæстæг бадомы хæхты дæр. Хъуыды уæддæр
У мæлæт æмæ царды 'хсæн арæн...
Уый та ногæй æрцæуы: азæй-азмæ – æндæр,
Фæлæ алы хатт дæр – мæ карæн!..

Уый та иу бон зындзæн, æз куынæуал уон, уæд:
У æнцон зонæн тугбын фæдтæй дæр...
О, уæд ма-иу ын исчи мæ бæсты зæгъæд:
Æз мæрдтæй дæр цæттæ дæн!

## СÆРИБАР

Фыдæй-фыртмæ дæ номыл царди лæг.
Æрвгæронау – æнæссаргæ, мæнгæфсон,
Ды сфæлдыстай лæджы уды хæлæг,
Нæ дæ ары, уæддæр цæры дæ ныфсæй.

Ды дæ æппæты дæр, фæлæ нæ дæ!
Лæгæн нæ дæ, нæ йын сæттынц йæ дойны
Уæд хорз цард, ном, æрдхорды ууæнк, нæдæр,
Æрвон рухсау рæсугъд сылгоймаг.

Дæ кувæндонмæ рабæтты йæ рон
Æхсон дур дæр, фæлæ йæ нæй фæхонæг.
Йæ мидвыны уа, й'адзалы кæрон,
Хуыцаумæ нæ, дæумæ кувы зæххон лæг.

Дæ сурæт уайы цæстытыл æдзух, –
Сырхъхъулон кæсаг ферттивы мæ разы!..
Æваст фæцæвын нæууы бын мæ къух,
Фæлæ дзы 'рмæст хъуынайы тымбыл райсын...

* * *

Зæрдæ æмбæхст у, зæрдæ дуæрттæ нæ дары,
Уарзтыл та хурау æргом у йæ дзырд.
Гъей, ды, æнæзонгæ! Хъусут ызнагæй, хæларæй:
Æз дæн адæмтæн се 'ппæты фырт!

Зæххыл, хуыцæуттау, нæ цæры лæгты лæг:
Арæх мæ тавта æцæгæлон арт.
Никæд ныббарстон лæджы зыд, лæджы мæнг,
Иры чысыл къуым – мæ зæрдæйы уарт!

Зæрдæ фæразон у, зæрдæ нæ тæрсы фыдфынтæй,
Хаста мæ бæрзæндты байрагау раст.
Уарзтон сылгоймæгты: удхары рæсугъд, фыдуындæй,
Фæлæ сæ иуыл мæ зæрдæ æнустæм уыд баст.

Дард балцы фæстæ-иу суры кæсагау æнуды
Фæндæгты рисæн ардтон йæ къæсы æнцой.
Сагъæссаг чи уыди, арт кæмæн цагътон мæ удæй,
Никуы йын ракодтон уыцы сылгоймаджы кой.

Райсом-иу хуыссæны хъарм дзулы тæфмæ мæ риуы
Айхæлди авдæны бастау æнæбæрæг цин;
Мæнæ и уыцы сылгоймаг – æппæт зæххыл иунæг:
Байрай, Гыцци!..

## ДÆ АЦЫД

Ды ацыдтæ. Дæ нымæг къахдзæф тары
Мæ хатæнмæ æмыр уазал хæссы.
У къуым афтид. Зынггур гæлæбу царыл,
Уæхствад галау тыгъд базырæй хуыссы.

Изæрмилтæ. Хъызы мæ уды хохыл.
Тæссар бæрзæндтæ ехсæй арв хынцы.



Ды ацыдтæ... Æмæ дæуæй у рохы
Дæ пъаты рис, дæ узæлды хъынцъым.

Тæхынц пырх мигътæ. Рудзгуытыл сæ фæрстæ
Гæдыйау хафынц. Ацыдтæ мæнæй...
Ды фæззæгимæ диссаджы æнгæс дæ:
Фæрныг рæстæг, фæлæ дзы зарæг нæй...

Æцæгæлон, æвæлмон, хъулон, барджын,
Къæйных дуне мæ рудзгуыты цæуы.
Цыма мæ раджы ферох дæ ды, раджы,
Фæлæ дæ сурæт цæсты раз лæууы.

Тæхынц пырх мигътæ. Рацахсын фæнды
Мæн урс æфсургътау уыдонæн сæ идон.
Фæлæ дзæгъæлы... Аууæрд сæ, уæд дзы
Ныллæдæрсы мæ уды бынмæ их-дон...

## КУЫДЗЫ МÆЛÆТ

Æхсæв, сау мигъ кæм хуыссы 'ввонгæй,
Каубын ихау, кæм нykъкъæдз сындз,
Уым фыдзæронд æмæ стонгæй
Марди бур-бурид митыл куыдз.

Уый хуыссыди куыдзау тымбылтæй,
Кодта дзæмбытыл хъарм йæ рус.
Тагъди цæстытæм миты тъыфылтæй
Æмæ хæдзары рудзынгæй рухс.

Хъуысти кæртмæ фæрныг фысымтæй
Гъæйтты зарæг, фыдрасгуыты дау,
Æмæ хицауы къухы фысы стæг
Дардмæ 'рттывта цырагъы зынгау.

Ферох куыдзæй, кæй хызта рагæй
Уыцы сау фысы – рафтыд йæ тых
Æмæ бирæгъы тигъджын дæндагæй
У ныры онг йæ синæй къуылых.

Уымæй ферох, кæй уыд æлвæстриу,
Тары цæстæй нæ ивгъуыдта мыст,
Уымæй ферох æппæтдæр, æрмæст-иу
Хатгай йе 'фсæры къæдз ныррызт.

Кæртмæ рахызти иу афон хицау,
Ыстæг раппæрста, айвæзта ком,
Фæлæ нал хъуыди куыдзы ницы, –
Уымæн йе ссыртæ нал кодтой гом.

* * *

Уыд мæ царды æппæтдæр хуымæтæг:
'Ууæрстон ногдзыд пысыра цæххимæ.
Уæлвæз цæндты сæрæй хуымæллæг
Æз бæгæныйæн хастон нæхимæ.

Изæр хъарм галты астæу бадтæн
Бæрзы урс зæнджы рухсмæ кæрты.
Уæд мæ хъуыды нæ карста, адæм
Дих кæй ысты сæрæгæстыл, мæрдтыл.

Уарзтон хуримæ уарыны найын,
Нозтон мæимæ 'хсыр мæ худæй.
Æз æппындæр нæ зыдтон, сайын
Лæг кæй зоны æрмæстдæр йæ уды!..

Æмæ хастон мæ зæрдæ м' армы
Æддагæтты цин æмæ хъыгмæ.
Бадт-иу чидæр йæ ауон хъармы,
Стæй-иу æй фехста рыгмæ.



Систы рагæй мæ армытъæпæнтæ
Куысты галы æвзагæй дæрзæгдæр, –
Æз нæ зыдтон уæддæр мæ хъæнтæ,
Уæд нæ калди мæ артæй фæздæг дæр!

Æз нæ зыдтон бæстон мæхи дæр,
Æз мæ зынтыл сæрыстырæй худтæн,
Æз Хуыцау уыдтæн, афтæмæй чидæр
Кодта арæх мæ фæстæ тутæ...

Æз нæ батыдтон сабидуг адæн.
Нæ, нæ кæнын фæсмон мæ фæдтыл;
Æз нæ бамбæрстон, удæгас адæм
Дих кæй ысты сæрыгæстыл, мæрдтыл...

Æмæ 'ууæрдын ныронг пысыра,
Арæх баназын саусæр бæгæны...
Кæд мæ калддзæг уд райгуырдæй сæрра,
Æви зæрдæ зæронд дæр нæ кæны?..

* * *

Баргъæвстæн дæ уазал цæстæнгасы,
Уый мæ туг йæ сабыр цавдæй зоны.
Кувæг лæгау ривад кувæндоны
Судзын демæ цины æмæ тасы.

Уыд мæ царды урс сатæг изæртæ,
Удæнцой сæ иу мисхал нæ райстон.
Де 'взонгдзинад агайы мæ зæрдæ
Дзулы тæфау хосгæрдæны райсом.

Хуыцау, куыд худæг у мæ конд:
Кæй уарзтон, уый нæ зыдтон уарзын!
Æгæрон денджызæн йæ бон
Нæу урс кæсагдзауимæ хъазын.

Æмæ къуытты бæлццон цытæн
Хæссы йæ афтид зæрдæ уынгты.
Цы уарзты аккаг мын уыдтæ,
Цы рухс амонд мæм каст, мæ зынгыл.

## ПОЭТЫ НЫХАС КАДЫ ТЫХХÆЙ

Мæн нал хъæуыс гъеныр!
Цæххæй сайгæ нæу
Фæллад гал, йæ гутон нæ хæссы...
Фыдуынд усгур афтæ,
Йæ бон зонгæйæ
Къух ауигъы уарзоны къæсыл.
Дæ хорзмæ бæлгæйæ,
Мæ цингæхц фæкалд,
Ныссур и йæ быныл. Дзæгъæлы!..
Нæ мæ хъуыди цардæн
Йæ фарны
Хæрзад,–
Дæ фæд-фæд фæтылди
Мæ тæлы...
Хъуыдтæ мæ, цæмæй уа
Мæ дзырдыл
Æууæнк,–
Цæргæйæ дæуæн кæнæм
Табу!..
Кæй къухы фæсæдзыс, –
Уый аккаг у,
Нæу –
Нæ адæмæн уый у сæ
Хъæбул.
Поэтыл – уæлæхох мæлæт æмæ
Кар! –
Сæ азар ызныхау



Нæ фæуы,
Уæлæуыл нæ цыди дæ номыл
Мæ бар,–
Мæрдты мæ куыдзæн дæр
Нæ хъæуыс!..

## ЧЫНДЗХÆСДЖЫТÆ

*Федтон, загъта диссаг:*
*Комы нарæджы*
*Курынц иу мæллæг саг*
*Фараст барæджы!*
*Къоста*

Талынг тæссæрттыл хуыснæгау
Адгуытæм хъуызы.
Арвы къуырф у сдæрд, ыстæгау –
Нал зоны хъызын.

Гъæйтт кæны зымæджы ирдгæ
Комы нарæджы –
Уайынц хорхаст бæхтыл сиргæ
Фараст барæджы.

Дымгæ фæскъуыбыртæй фесты,
Цæсгæмттыл тæфсы.
Кæд сæ даргъ куывдтытыл фесты, –
Нозты тæф хæссы.

Хохы салд зыхъхъырты зæлы
Бæхты знæт мыр-мыр;
Алчи хъамайы онг згъæры
Албæста йæ гуыр;

Ифтонг у нымæткъуы ехсæй,
Сæрыл – пака худ.
Мæнæ хъарм нымæты се 'хсæн
Иу бæстырæсугъд.

Сусæг цин æмбæхсы хинæй
Урс дзæнхъа хызы;
Цадæг йе схъæл риутæм зинау
Мæйы рухс хъуызы.

Кæд цæры нырма йæ фынты,
Райгуырæн къæсы.
Чидæр æм йæ худы бынты
Худгæйæ кæсы.

Гъайда-гъа, фæкъæртт и зарæг,
Дæнг!.. Гæрах!.. Гæрах!..
Арвыл фестъæлфыди барæй
Фиуыйас цырагъ.

Хъуысы бæхтæн дæр сæ цæнгæт
Къахæмдзæгъд хъæрæй;
Рухс хурау дызæрдыг фæндтæ
Уарзæг удтæм нæй.

Уæлæ хохы рæбын тары
Фарны хъæу æмбæхст;
Иу хæдзарæй чидæр дары
Фæндагмæ йæ цæст.

Гъæтт, æфсин! Фæкæс дæ артмæ!
Комы нарæджы
Уайынц хорхаст бæхтыл кафгæ
Фараст барæджы.

* * *

Цымæ ныр та кæй аргъуаны зæд дæ?
Цы лæг дæм кувы зоныгыл фæсусæй?
Дæ сонт буарæн йæ сагъæссаг зæлтæм
Цы цæстытæ, цы æнгуылдзтæ фæхъусынц?



Кæй цинаг у мæ тæргай уды зын,
Зæрин æнгуырыл чи аззад, кæй нæлгæф?
Мæнмæ кæсы, цыма цъæх арвы бын
Ныры онг дæр дæуæй улæфы уæлдæф.

Æмæ æхсæв, куы ссæуы уд хъуырмæ,
Йæ рафт-бафтæй куы нал фенцайы зæрдæ,
Мæ базыл уæд фæагурын куырмау
Дæ дзыккуты сæлæф зæйтæ мæ тæвдæй.

## СЫЛГОЙМАДЖЫ АМОНД

Лæджы фæндтæн мæлæт кæны кæрон,
Фæлæ нæ уыди уымæй саст сылгоймаг.
Æвзонг уыдтæн, рæсугъд æви зæронд,
Уæддæр мæ ном уыд адæмæн сæ койаг.

Æз та нæ тыхстæн амондыл... Æз æй,
Лæппын цъиуау мæ армы дзыхъхъы хастон.
Фæндыд-иу мæ – уадз, рахъомыл уа, стæй
Æндæр зæрдæйы саразæд йæ ахстон.

Мæ рæсугъдæн нæ фехъуыстон йæ хъæр,
Къуылымпыйау дзы никуы уыдтæн райгонд.
Кад, номыл уыд мæ тухитæн сæ сæр,
Поэты цин – мæ амонд.

Нæ фæивгъуыдта уыцы хорз мæнæй,
Фæлæ мæ сбаста, йе стыр монц та рафтыд:
Æцæг амонд æнæ сæрибар нæй,
Æнæ адæм Хуыцау куыд нæ ис, афтæ...

## МÆ ФЫДЫ НЫХАС

Æз æрцыдтæн фыдæбæттæн а зæхмæ, –
Уый мæ чысылæй нырмæ зыдтон.
Джихæй ма кæс мæ тызмæг,
зыд къахдзæфмæ,
Дурджын зæххыл ызнæт вæййы дон.

Цард мын радта афтид къух фæндаггагæн,
Стæй æххуырсты, мæгуыр лæджы ном:
Æз фæцыдтæн æвæдты дæллаг галæй,
Куысты нал зыдтон 'хсæв æмæ бон.

Згъордтой тымыгъты зул-мул
мæ фæндæгтæ,
Æз хъызты сырдау не 'взæрстон фæд.
Фидæн бонты ныссагътон мæ дæндæгтæ
Æмæ атардтон царды мæ фæнд.

Ныр æрбакалд мæ зæрондыл хъарм дымгæ,
Æмæ 'взарын мæ кæстæрты цин.
Мах уæд не 'вдæлд кæрæдзи рæвдауынмæ,
Ныр сымах та рæстмæ дуг фæци.

Æз фыдæбæттæн райгуырдтæн а зæххыл, –
Уый мæ чысылæй нырмæ зыдтон.
Джихæй ма кæс мæ тызмæг,
зыд къахдзæфмæ,
Дурджын зæххыл ызнæт вæййы дон.



*ЦÆРУКЪАТЫ Алыксандр*

## НОГ ПОЭТИКОН КОМУЛÆФТ

Хаджеты (Джусойты) Таймураз ирон аив дзырды хæзнадонмæ бахаста æмбисонды æвæрæн, равдыста æцæг курдиатджын поэты миниуджытæ, – сфæлдыстадон ног комулæфт, æмæ уымæй бацахста йæхи сæрмагонд къæпхæн, сбæрæг йæхи фæндаг. Кæронмæ æнусон æнæлыг темæтæ – хъысмæты сар, цард æмæ мæлæтыл сагъæс, адæймаджы миддунейы судзгæ хъуырдухæнтæ, æрцæуинаг цы у а зæххыл, уый раз, рæстад æмæ фыдохы – хæрамы æгъатыр тох æмæ бирæ æндæр вазыгджын фарстатæ лыг кæны не 'рыгон æдзард поэт. Ахæм темæтæй у рагон фыдæлтæй баззайгæ исбон. Цæрæн нын æнæ кæмæй нæй, уыцы мадæлон æвзаг – скифты, сæрмæтты, аланты æрдынæлвæст, нуарджын æмæ рæстдзæвин ирон ныхас. Мæнæ дзы куыд зæгъы:

*Мæлæн дын нæй, мæ фыдæлты æвзаг, –*
*Дæ зæронд мад у ацы зæххы къори,*
*Æмæ куы сæфай (ма зæгъæд ызнаг),*
*Дæуимæ сæфы дунейы истори!*

Ацы рæнхъытæ нæ бирæ цæуылдæрты сагъæсыл æфтауынц – нæ мадæлон æвзаг цы стыр диссаджы фæзынд у дунеты историйы, уый нырма æххæст кæронмæ нæма бамбæрстам. Нæ поэты интимон лирикæ зæрдæйы къуымтæ арф агайы, нæй йæ нымайæн хуымæтæджы хиирхæфсæн хъуыддагыл, уый – уды хъизæмæртты философи æмæ трагеди дæр…

Таймуразæн йæ кæцыфæнды уацмыс дæр йæ чиныг «Фæсизæр»-ы у сæрмагонд æркасты, равзæрсты аккаг. Зæгъæн ис: Джусойы-фырт иунæг æмдзæвгæ йеддæмæ куы ницы ныффыстаид, уæддæр айдагъ уымæй дæр йæ бынат цæттæ уыдаид нæ поэзийы!

*ГÆБÆРАТЫ Юри*

# КЪУЫДАРЫ ТЫЗМÆГ ХÆХТЫ ÆРДХÆРÆНЫ ЗАРÆГ

Уый дæр хуымæтæджы зæххон адæймаг уыд… Афтæ хъуыды кодта æмæ нымадта алчидæр, чи йæ зыдта, уыдонæй… Фæлæ йæ чи зыдта, уыдонæй кæйдæрты нæ фæндыд ууыл æууæндын, уымæн æмæ иуæй-иутæй уæлдай кæмæдæрты йæ зæххон удæй хъуыст, зæххон адæм ахуыр кæуыл нæ уыдысты, ахæм диссаджы ирон зарæг. Минмырон, æрдхæрæны зарæг. Цыма уыцы зарæг Ирыстоны хæхтæ сæхæдæг систой æмæ сын уæларвон зæдтæ та хъырнгæ бакодтой…

Æмæ се 'хсæн бацайдагъ сусæг-æргом тох ома, уый дæр, хуымæтæджы зæххон адæймагыл чи нымадта, æмæ йын йæ уды арфæй æнæзæххон зарæг фехъусын кæй бон баци, уыдоны 'хсæн. Афтæ та хъуамæ ма уыдаид, уымæн æмæ уыдæттæ чи загъта, «Ирыстон, цæф арсау цъитийыл цæрин, æрмæст мын уæд дæ ном уæлахиз», уыцы поэт Хаджейы-фырт уыдонæн сæ иутæн дæр æмæ иннæтæн дæр æцæгæлон нæ уыд, сæ туг, се стæджы æнусон æрхъистæй уыд.

Йæ хистæр æфсымæр, Ирыстоны кад æмæ намысы лæг Нафи йæ сæрыстыр, хивæнд æмæ схъæл схуыдта. О, сæрыстыр уыд. Хивæнд дæр уыд, йæхи загъдау – фырхивæнд, фæлæ йæхи фæнд йæхи хæрзæбонæн никуы тардта, стæй… Йæ фæнд, йæ хъуыдыйы рæстдзинадыл фидарæй не 'ууæнды, зæгъгæ, уæд-иу æй йæхæдæг ныссус кодта йæ уды мидхъуырдухæнты. Схъæл нæ уыд, æнæрцæф уыд. Æнæрцæф æмæ æнæбарон! Æнæхъуаджы æфхæрд Хуыцауæн дæр нæ барста… Нафийæн йæхи загъдау – йæ армы цирхъы ныхмæ хъæл куы уыдаид, уæддæр хъазуат тохы бацыдаид.

Рагæй зонгæ уыдтæн Таймуразимæ. Йæ иууыл æвვахсдæр æрдхорд æфсымæр, йæхиау æвæджиауы курдиатджын Гуыцмæзты Алеш мæ фыды æмхæрæфырт Кокойты Эльзæимæ йæ цард куы баиу кодта, уæдæй фæстæмæ. Сæ дыууæ дæр мæнæй дзæвгар хистæр уыдысты, фæлæ мыл уый тыххæй сæхицæй æддæмæ никуы ахæцыдысты. Алеш – фырнымд æмæ фыруæздан, сабыртæконд, Таймураз та ивылд дон уыд, йæхи загъдау, артуд, æлвæст æхсаргардау дзæнгæлтæ кодта. Фыццаг хатт нæм дзуары бонмæ куы бахаудысты, уæд ыл æнæхъæн хъæубæстæ сæрра сты, йæ аив зард, йæ куывдтытæ, йæ парахат уды хæлбурцъгæнаг цæлхъытæй бæстæ сызмæлын кодта.

Уæды онг ирон дзырдаивады уацмыстæй цыдæриддæр рухсмæ фæзынд, уыдон мын (хорзæй-æвзæрæй) иууылдæр каст уыдысты. Цæмæдæр гæсгæ мæ прозæ тынгдæр æлвæста йæхимæ, фæлæ алы хатт дæр æнæрхъæцæй æнхъæлмæ кастæн Таймуразы ног æмдзæвгæтæм. Дур фест, æмæ ма æнхъæлмæ кæс ахæм æмдзæвгæтæм – Ирыстоны тызмæг хæхты карз уайдзæфтæ æмæ куырыхон зондамындтæ кæмæй исыс, йæ суадæтты сæр-сæр дæм йæ чындздзон чызджыты кæл-кæл худтимæ кæмæй хъуысы, йæ æрдзы рæсугъд хуызтæ фыццаг уарзон чызджы мидбылхудтимæ дæ цæстытæй кæм ныхъуырыс, ахæм æмдзæвгæтæм!..

Оу, мæнæ диссаг, Хуыцауы диссаг! Ахæм поэт цы адæмæн ис, уыдон бузныг куыннæ хъуамæ уой, афтæ рæдау сæм чи у, уыцы Хуыцауæй?.. Йæ фыдæлты зæхх, къуыдары хæхтыл афтæ æнувыд чи уыд æмæ сыл йæ уды уарзт хъарм къæвдайы лыстæг æртæхтау чи луæрста, уыцы поэтæй нæ сæр бæрзæндты куыннæ хъуамæ хæссæм стырæй-чысылæй… Цыма Таймураз-поэты бæсты къуыдары тызмæг хæхтæ сæхæдæг кæнынц хъæрæй сæ сусæг-æргом ныхас:

***Уым саджы цæстытау æнæбын у арв.***
***Уым хæхтæ æрсытау – уæлгоммæ.***
***Æхсæрдзæн та рындзыл фæуадзы йæ хæрв,***
***Йæхæдæг ныййарц вæййы коммæ.***

Кæнæ:

***Хауынц рындзæй комы кæхцмæ дуртæ,***
***Уый дæр сæм йæ риуыгуыдыр дары.***
***Хох – чъынды лæг, саст къæйдуры муртæ***
***Арæхстгай йæ фæччитæм æвзары.***

Цас курдиатджын хъуамæ уа хуымæтæджы зæххон адæймаг, цас хъуамæ уарза æмæ зона йæ мадæлон æвзаг, цæмæй йæ коммæ афтæ

тынг кæса, цæмæй йæ зæххон удæй рантысой ахæм хуымæтæг, фæлæ алæмæты дзырдтæ:

***Горæт анығъуылд мигъы,***
***Тар æууилы йæ рæстæджы хай.***
***Мах хъæдласæджы дзоныгъау уигъы***
***Афтид трамвай…***

Бæрцæй цыппар цыбыр рæнхъы, хуымæтæджы зæххон æвзагæй рантысгæ дзырдтæ, фæлæ сæ кæрæдзи фæдыл ахæм æнахуыр æвæрдæй равæрдта, чындздзон чызджы сæрыхъуынтау сæ ахæм рæсугъд дзыккубыд акодта, æмæ сæ адæймаг анығъуылы æнæбын денджызы ленк кæнæгау. Ленк кæныс се 'хсæнты, сæ аив хуызтæй дыл ныдзæвынц, узæлынц дыл, рæвдауынц дæ…

Таймуразы «Фараст барæджы» йæхæдæг иу национ поэзийы аргъ у! Йæ æрдзы тызмæг-рæсугъд хуызты, йæ аив æмæ куыдрæсугъддæр ирон дзырдты цæлхъытæй бæстæ сызмæлы, сылыстæджы бæрджытыл йæ къух раджы чи ауыгъта, ахæм зæронд ус дæр, исчи ма йæ къæсæрыл усгуры номыл куы балæууид, уымæ бæлгæйæ, ставд, цæссыгæй ныккæудзæн, уатон зæронд лæг растдзæн æмæ чызгыскъæфынæн къуымты уæйлаг нымæт æрцагурдзæн…

***Талынг тæссæрттыл хуыснæгау***
***Адгуытæм хъуызы.***
***Арвы къуырф у стæрд ыстæгау, –***
***Нал зоны хъызын.***

***Гъæйтт кæны зымæджы ирдгæ***
***Комы нарæджы –***
***Уайынц хорхаст бæхтыл сиргæ***
***Фараст барæджы.***
***……***

***Ифтонг у нымæткъуы ехсæй,***
***Сæрыл – пака худ.***
***Мæнæ хъарм нымæты се 'хсæн –***
***Иу бæстырæсугъд.***



***Сусæг цин æмбæхсы хинæй***
***Урс дзæнхъа хызы;***
***Цадæг йе схъæл риутæм зинау***
***Мæйы рухс хъуызы.***

***……***

***Уæлæ хохы рæбын тары***
***Фарны хъæу æмбæхст;***
***Иу хæдзарæй чидæр дары***
***Фæндагмæ йæ цæст.***

***Ætт, æфсин! Фæкæс дæ артмæ!***
***Комы нарæджы***
***Уайынц хорхаст бæхтыл кафгæ***
***Фараст барæджы.***

Йæ поэтикон цæстнылдзæвæн цы уынинæгтæ федта æмæ хуры хæрдгæ тынты фæлыстæй кæй ранывæста, уыдон Ирыстон æмæ ирон адæмы риссагдæр æмæ цинагдæр зæгъинæгтæ сты, бæстондæр сæм куы ныккæсæм, уæд фендзыстæм, Таймураз-поэты йæ фыдæлты зæххыл паддзахы гауызвæлыст галуанæй мæгуыр хæххон къæсы сыджытдзар тынгдæр кæй рæвдыдта…

Æндæр æй ницы хъуыд æмæ ницы æндæвта. Йæхицæн бибитæ, хæрзиуджытæ нæ домдта, нæдæр ын сæ радтаиккой. Хуыдтой йæ сæрбæрзонд, æгæр бирæ домаг, афтæмæй фысы комæй хал нæ райстаид. Домгæ кодта, фæлæ йæхицæн нæ – йæ фыдæлты зæххæн, йæ мады æхсыримæ цы мадæлон æвзаг бададта, уый хæрзиуæгæн. Историимæ дæр «фæтох» кодта, фæлæ уым дæр Джусойтæн, сæ хæдзарвæндаг Хаджетæн ницы агуырдта – Ирыстон уыд йæ рыст æмæ йæ цины сæр – Къуыдары хæхтæй Мæздæджы быдыртæм:

***Кæддæр æз буц уыдтæн, бæргæ,***
***Мæ дард фыдæл, дæ ном, дæ кадæй,***
***Фæлæ цы ныууагътай уæвгæ,***
***Мæнæн дæ цирхъ æмæ дæ фатæй?!***

Йæ судзгæ-уыраугæ цард æрмæстдæр Ирыстонæн нывонд уыд, уæддæр ын бузныджы бæсты йæ цæстмæ дардтой, цыма æгæр хиуарзон у, æгæр февæрссыд йæхиуыл. Уый та, йæхи загъдау:

*Æниу мæн ницы хъуыд, бæгуы, –*
*Зæрдæйы рухс æмæ сæрибар*
*Уыдысты хохагæн, мæгуыр,*
*Йæ уды цин æмæ йæ риссаг…*

Ацы мæнг дунейыл, цалынмæ хорзæй хорз зæгъын кæй хъæуы, æвзæрæй – æвзæр, уыцы фæтк сæйраг суа, уæдмæ дзы рæстдзинад агурæн нæй. Æцæг поэттæй поэтгæндтæ фылдæр рæвдыд цы царды æййафынц, хæрзæбоныл хæрам кæм уæлахиз кæны, уым Таймуразæн æрмæст удхайрагæй цæрæн уыд. Бафæллад сæ йе 'нæрцæф уд, æмæ-иу хатт йæ масты фæдыл дæр ацыд, хатт-иу æй скодтой уый онг дæр, æмæ-иу кæмæндæрты сæ цæстмæ бадардта, сæ цуры поэт кæй ис, уый. Стæй-иу фæфæсмон кодта йæхæдæг дæр… Куыд æндæр курдиатджын фысджытæм, афтæ хæлæггæнджытæ уыдис Таймуразмæ дæр, æмæ йын йæ цард цæмæй сæнад кодтаиккой, ууыл уыдысты. Чи? Бестауты Гиуæргимæ рынчынфæрсæг чи бацыд, æмæ афтæ кæмæн загъта, «цæмæн мæм æрбацыдыстут, цæмæй уæ бауырна, мæлгæ кæй кæнын, уый», уыдон…

Адæмæн, йæ табугæнджытæн æй цæмæй сæнад кодтаиккой, ахæмæй йæм ницы ардтой æмæ ныззезелæг сты иу примитивон азымыл: иууыл, дам, йæхицæй æппæлы, тынг схъæлбæрзæй, дам, у, иннæ поэтты, дам, ницæмæ дары. Йæ амондæн политикон цæстæнгасимæ æмдзæвгæтæ нæ фыста, æндæра йæ Сыбыры хай бакодтаиккой.

Афтæ сæ æнæтуг æргæвст кодта Алешы курдиат дæр. Уымæ дæр агуырдтой къухбакæнæнтæ, фæлæ йæм цы хъуамæ ссардтаиккой æмæ уæд æрынцадысты иу æнæбындур азымыл: йæ усæн, дам, æмдзæвгæтæ уый фыссы… Алешы нæ цыфыддæр знæгтæ амардтой 1992 азы майы мæйы 25 бон. Уæдæй фæстæмæ Кокойты Эльзæ цалдæр поэтикон чиныджы рауагъта мыхуыры, уыцы нымæцы Алешæн йæхи сау мæлæтыл фыст хъарджытæ дæр. Уыдон та йын чи ныффыста æмæ фыссы?!.

Нафийæн хуыздæр уыд йæ уавæр, æнхъæлут?.. Арвыстой йæ Гуырдзыстоны Фысджыты цæдисмæ… Цæдисмæ, дам дæ райстой æмæ, дам дæ бæлвырдгæнæн рахæсс. Уый дæр ныццыд. Фысджыты цæдисы кадрты хицау сылгоймаг «бæстæ ракалдта», фæлæ – ницы. Куыд рабæрæг, афтæмæй йын йæ документтæ æрвитгæ дæр нæма акодтой, цæмæй йæ Фысджыты цæдисмæ айстаиккой…

Кæдмæ нæ хъуамæ хæра æмæ æргæвда ацы æнæхайыры ирон хæлæг?.. Дæс азы размæ Таймуразæн йæ 65 азы юбилей куы нысан кодтам, уæд Цхуырбаты Мира ныхасы рацыд æмæ афтæ зæгъы: «Æз Таймуразы поэзи Къостайы поэзийæ фылдæр уарзын». Фæлæ йын нырмæ дæр йæ ныхæстæ, зыгъуыммæ фæлдæхтæй, алы æмвæзадтыл æмбырдты фæлхат кæнынц: афтæ, дам, загъта, æз, дам, Таймуразы цур Къостайы уынгæ дæр нæ кæнын, Къоста, дам, цæй поэт у Таймуразы цур æмæ афтæ дарддæр. Тынг хорз æй фехъуыстой, куыд загъта, уый, фæлæ сæ цæст йæ фехъусын нæ бауарзта… Æз Пушкины æппæт поэтты бардуагыл, дунеон поэзийы Хуыцауыл нымайын, фæлæ Тютчев æмæ Есенины фылдæр уарзын, мæ удæн æхсызгондæр æмæ æхцондæр сты… Афтæ загъта Цхуырбиан дæр. Æндæр ницы…

Лæг нал ис, Хуыцау нын рæдауæй цы диссаджы поэт радта, уый нын æгъатырæй байста. Фæлæ йын хæлæг кодтой æмæ кæнынц йæ мардмæ дæр. Адæм æй кæй уарзынц, æндæртæй йæ кæй хицæн кæнынц, уый тыххæй. Нæ интеллигенцийы хуыздæр минæвæрттæй сæ иу Саулохты Тамарæйы иронау кæсгæ нæ, фæлæ дзургæ дæр кæд чи федта – фылдæр, кæнæ та бынтондæр уырыссаг æвзагæй пайда кæны. Фæлæ… Кæддæр æм цыдæр хъуыддаджы тыххæй хæдзармæ куы бахаудтæн æмæ мын уыцы уæлмонц æнкъарæнтимæ Хаджейыфырты поэзийы кой кæнын куы райдыдта, уæд джихæй баззадтæн. Зæгъын... уырыссагау ын бакастæ йе 'мдзæвгæтæ?.. Уымæн йæ мæллæг, фæлæ цардуарзæг цæсгомыл æхцон мидбылхудт ныззæй кодта æмæ райдыдта Таймуразы æмдзæвгæтæ кæрæдзийы фæдыл дзурын. Цахæм рæсугъд æвзагыл фыст ын сты, ахæм рæсугъд ирон æвзагыл. Кæддæр, дам ын æнæнхъæлæджы иу цыппар рæнхъы бакастæн, æмæ, дам мæ йæ уацары бакодта…

Уый та алы поэты бон нæу. Уымæй дæр, куы уа ахæм ирон «поэттæ», йæ иу рæнхъ бакæсгæйæ дæр дын ирон æвзаг дæ удхæссæг чи фестын кæна…

О-х-х-х, тæхуды!..

Тæхуды, иу хатт карз сомы ракæн, дæхи бауром æмæ, нæ кад, нæ намысы лæгты кой кæнгæйæ, «бездартæ» æмæ хæрам удты кой ма скæн!..

Фӕлӕ сӕ дудгӕ рыст ӕгӕр судзаг у, бафӕллад сӕ ацы хӕстарыд ӕмӕ цардӕфхӕрд зӕхх, сӕ кӕлмхӕрд удты фыдӕх дӕм зӕххыскъуыдӕй дӕр сзындзӕн…

…Таймуразы сау хабар фехъусгӕйӕ, арвы, цӕфау куыннӕ хъуамӕ фӕуыдаиккам… Чъребайы систа йӕ уд йӕ хойы хӕдзары… Йӕ хӕрӕфырт Дзерассӕ ма йӕхи уынгмӕ аппӕрста, исты хостӕ йын ӕрбахӕссон зӕгъгӕ, фӕлӕ йӕ удмидӕг нал ӕрбаййӕфта… Иуцалдӕрӕй фӕцӕуӕг стӕм мӕрддзыгой… Уыцы бонӕй цыппар аз раздӕр Алешмӕ куыд фӕцӕйцыдыстӕм, афтӕ, зӕрдӕрыст ӕмӕ сусӕг-ӕргом цӕстысыг ныхъуыргӕйӕ… Уалынмӕ…

О-х-х-х, тӕхуды иу хатт дӕхи бауром!.. Фӕлӕ куыд?!.

Ногдзауты парчы комкоммӕ куы ныхӕццӕ стӕм, уӕд немӕ мӕрддзыгой чи цыд, уыдонӕй иу ӕрлӕууыд. Цыма ахӕм дудгӕ хабары фӕдыл нӕ цыдыстӕм, цыма, Ирыстоны хӕдбардзинад баныма дтой, ӕмӕ уый фехъуыста, уыйау йӕ цӕстытӕ цавӕрдӕр аслам ӕмӕ примитивон цинӕнгасӕй сӕрттывтой. Цыдӕр хъуамӕ зӕгъа, фӕлӕ йын нӕ «пълан» кӕны, йӕ ахуыр куыд уыд, афтӕ уал иуцасдӕр йе 'взагӕй йӕ былтӕ фесдӕрдта, стӕй ӕппынфӕстаг сӕппӕрста йӕ зӕгъинаг:

– Ед у, Юра, ног хабар нӕ фехъуыстай? Дзуццаты Хадзы-Мурат Дзӕуджыхъӕуы базармӕ бацыд. Иу ус карк уӕй кодта, ӕмӕ йын йӕ карчы (уӕ фарн бирӕ) с…мӕ фӕлӕбурдта, бумбулитӕ дзы стыдта ӕмӕ сӕ йӕ боцъоты батъыста, афтӕмӕй Галазовмӕ бацыд ӕмӕ йын афтӕ зӕгъы: «Мӕгуыр дӕн, ӕмӕ мын ӕхца ратт, мӕхицӕн сӕрвасӕн уӕддӕр балхӕнон…»

Бӕргӕ йын хъуыд, уыцы 'взагӕй уынгӕджы бон кӕуыл уыд, уыцы былтӕн «иу февӕрын», фӕлӕ, иуӕй, мӕ фыды карӕн уыд, иннӕмӕй та… Таймуразы йӕ хойы хӕдзары фӕндзӕм уӕладзыгӕй бынмӕ кӕртмӕ куы 'рхастам, уым ӕй, Цӕгат Ирыстонмӕ йӕ аласыны размӕ, чысыл куы «ӕрулӕфын» кодтам, уӕд уӕддӕр мӕхи нӕ баурӕдтон, хӕстӕг ӕм бацыдтӕн ӕмӕ йӕ бафарстон:

– Цӕуыл тынгдӕр цин кодтай ӕрдӕбон – хӕлӕгӕй кӕмӕ мӕлыс, уыцы поэттӕй иу кӕмдӕр мӕгуыры бонтӕ кӕй ӕрвиты, ууыл, ӕви, иннӕ поэтмӕ мӕрддзыгой кӕй цыдтӕ, ууыл?..

Ӕмӕ, Хуыцау мын ӕй ӕдылыйы хатыр ныккӕнӕд, фӕлӕ кӕд нӕ батӕхуды кодтон Таймуразмӕ, йӕ мӕгуыр, йӕ курдиатджын уд ахӕм лыскъзӕрдӕты сымӕрӕй кӕй фервӕзт, уый тыххӕй…



Ногиры уӕлмӕрды, йӕ ингӕны уӕлхъус йӕ хистӕр ӕфсымӕр Нафийӕ ахӕм рӕнхъытӕ рантыст:

*Йӕ уӕлингӕн йӕ цырт – нымӕр,*
*Кӕсы йӕ цӕхӕр цӕст ӕрхуымӕй…*
*Тыхстӕн йӕ сонт митӕй кӕддӕр,*
*Ныр та? Кӕй сӕ нал кӕны, уымӕй!..*

Йӕ мӕгуыр уд фервӕзт йӕ уӕлион царды хъыгтӕй, ирон хӕлӕгы удӕвдӕрзӕг, ӕнӕзӕрдӕхцон хъуырдухӕнтӕй… Йӕ тӕккӕ фӕлдисыны кары йӕ бахъуыд, йӕ курдиатджын удӕй кӕмӕн лӕггад кодта, уыцы поэзийыл къух сисын. Ахицӕн, йӕ цардӕй фылдӕр кӕй уарзта, уыцы хохаг дуне, уыцы Къуыдары уӕзгуыты уарзт ӕмӕ цинтӕй. Фӕцыд, фӕстӕмӕ ӕрцӕуӕн кӕцӕй нал вӕййы, уыцы ӕнӕхайыры бӕстӕм. Фӕлӕ йӕ туг, йе стӕг адӕмӕн ныууагъта минмырон зарӕг, Къуыдары тызмӕг хӕхтӕ ӕнустӕм кӕмӕн хъырндзысты, ахӕм ӕрдхӕрӕны зарӕг. Кӕд уыцы зарӕгӕн, куыд ӕмбӕлы, афтӕ хъырной йӕ фӕстагӕттӕ, йӕ туг, йе стӕг, уӕд уый Таймаразы амонд нӕ уыдзӕн, уый Ирыстон ӕмӕ ирон адӕмы амонд уыдзӕн!..

Фӕлӕ... О, дунесфӕлдисӕг иунӕг кадджын Хуыцау! Сомбон нын нӕ фӕстагӕттӕ нӕ дзырдаивады истори куы иртасой, чи цы уыд ӕмӕ цы хъом уыд, уыдӕттӕм лӕмбынӕг куы 'ркӕсой ӕмӕ дзы Къостайы номыл премийы лауреаттӕй куы феной, уӕд цы зӕгъдзысты махӕн, ирон адӕмы абоны фӕлтӕрӕн?!.

Уый абон иууыл судзаггагдӕр ӕмӕ риссагдӕр фарст хъуамӕ уаид махӕн, фӕлӕ дзы Таймуразы ӕнӕрцӕф ӕмӕ курдиатджын удмӕ ницы азым хауы...

*КАСАТЫ Батрадз*

# РÆСТÆГ НÆ ДЕМÆ КÆНЫ ХÆСТÆГДÆР

*...Мæ Иры фарн æмæ йæ кадыл*
*Уыди мæ цин, мæ рыст, мæ тох.*
*Сæ номыл а-фæрниаг царды*
*Уыди мæнæй æппæт дæр рох...*

Ахæм зæрдæйы уаг, ахæм утæхсæнтимæ фæцард æмгаруарзон, сыгъдæгзæрдæ, быцæугæнаг йæ мидæнкъарæнты сæрвæлтау, рæстдзинад агургæйæ, стыр курдиаты хицау–æцæг поэт Хаджеты Таймураз.

Йæ удæгасæй арæх дзырдта, фæстæдæр та йæ хо Клавæ бæстондæр ахæм хабар ракодта: Къуыдаргомы, Ногхъæуы фарсмæ Теделеты хъæуы Джусойты сиахс, Гæджитæй, бæхты куыст кодта. Йæ рæстæджы иу байраг фæиппæрд, æрцахсын æй йæ бон нал уыд. Æрцыд Ногхъæумæ æмæ фæсивæдæн загъта, чи йæ æрцахса, уымæн æй балæвар кæндзынæн, зæгъгæ. Фæсивæд ма йе 'рцахсынил уый размæ дæр архайдтой, фæлæ сæ бон нæ бацис. Ацы хатт семæ ацыд Таймураз. Хæдзары йæ хотæ тыхстысты, уæдæ йæ куы нæ æрцахса, куы фæхудинаг уа, зæгъгæ. Таймураз уæд йæхæдæг дæр, йæ хъару, йæ цæнгдых цы фæкодтаид, уый нæ зыдта. Райста бæндæны гæбаз æмæ ацыд бæх ахсынмæ. Æнæбадт, чи схъæддаг, уыцы байраджы фæстæ фæрахау-бахау кодта æмæ йæ изæры, йæ бырынчъытыл ын бæндæнæй иуварсырдæм дзыларгонд æрбæтгæйæ, уæлбæхæй йæ фынккалгæ æрхæццæ кодта. Уыцы нывмæ цæстытыл арæх ауайы. Бирæ хатт мæм æрцæуы ахæм хъуыды: уый кæд хуымæтæг хъæддаг байраг, нæ уыд, уый кæд Таймураз бæрзонд поэзийы æфсургъыл йæ барцæй фæхæст æмæ йæ йæ царды кæронмæ нал суагъта. Уыцы æфсургъы барæг уæвгæйæ, равдыста йæ балц ирон аив литературæйы, поэзийы сусæгдзинæдтæм æмæ дзы байгом кодта йæхи, Хаджейы-фырты, ног дуне. Фæстæдæр ирон литературæйы арвыл Бонвæрнонау чи сæрттывта æмæ арвæрдынау алы хуызтæй



бæстæйы адæмты литературæмæ дæр фæндаг чи айгæрста Литературон институты бакасты фæстæ, уыцы Хадже.

Таймураз йæ фыццаг чиныг схуыдта «Фараст барæджы». Уыцы фараст барæджы, царды зилдухæнтыл рацæуугæйæ, дунейы, æхсæнады ныхмæвæрдтыл æмбæлгæйæ, Иры фарн, йæ кадыл тохгæнгæйæ, нывæзтой поэты цин, рыст æмæ тох, æмæ сæ ирон чиныгуарзджытæн рантыст фараст чиныджы. Иу дзы, «Голос молчания», уагъд æрцыд 1986 азы Мæскуыйы рауагъдад «Современник»-ы, æмæ йын стыр аргъ скодта литературæиртасæг Лидия Мигдалова. Фарæстæм чиныг «Арты уидæгтæ» Таймураз нал федта.

Таймураз йæ поэзийы куыд ирд, цæхæркалгæ æмæ сыгъдæг уыд, афтæ уыдис царды дæр. Æнæхин, сыгъдæгзæрдæ, рæдау – йæ цинил, мастыл – æхгæд, цæй бæрц фæрæзта, уыйас. Æмгæрттæм-иу хатгай куы фæхæрам, уæддæр фыдзæрдæ никæмæ хаста. Искæимæ-иу фысджытæй куы фæбыцæу, уæд дзы ахæмтæ уыд, æмæ-иу Таймуразæн, цæстмæхъусæн кæимæ фæбыцæу, уый фыдкой райдыдтой. Таймураз-иу сæ æрдæгыл фескъуыдта: «Уый æвзæры кой мæ цуры мачи кæнæд, уый мæ поэт æфсымæр у».

Иуахæмы йæ хæлæрттæй иу фæтыхст. Тынг æхсызгонæй агуырдта æхца, æмæ йæ Хуыцау Таймуразмæ æрбахаста,бамбарын ын кодта йæ тыхсты уавæр. Таймуразы тынг фæндыд баххуыс кæнын, фæлæ йæм цæй æхца уыд. Мызд кæнæ-иу гонорар куы райста, уæд-иу сæ йæ хæлæрттæ æмæ зонгæтыл уайтагъд хардзгонд фæци. Уыдоны æхсæн та ахæмтæ уыд, æмæ сæхицæй капекк никуы рантыстаид.

Таймураз бирæ фæхъуыды кодта, цы хуызы йын баххуыс кæна, ууыл, æмæ йæ сæры цыдæр фæнд фæмидæг. Проспекты дæллаг тигъыл уыд дæндæгтæ дзæбæхгæнæн клиникæ. Уым фæмидæг æмæ цастдæры фæстæ уыцы райгондæй рахызт. Куыд рабæрæг, афтæмæй Таймураз йæ рæбинаг дæндаджы сыгъзæрин цъар рафтауын кодта æмæ йæ дохтыртæн сæхицæн ауæй кодта, æхца та йæ хæларæн радта ахæм ныхæстимæ: «Ме 'фсымæр, зоныс æй, æз æхца æфстау нæ фæдæттын. Ис мæм, æмæ дын хæлар уæнт. Сæ кой дæр макуыуал скæн». Уыцы хæлар афтæ дæр нæ базыдта, Таймураз ын æхца кæцæй ссардта, уый.

Йæ хæлæрттыл куыд аудыдта, ууыл дзурæг ма иу цау та ахæм уыд. Фæссихор æй йæ иу хæлар, хицауад кæм бадтысты, ахæм кусæн уатмæ бакодта.

– Таймураз, сихор афон у, æмæ, кæд дæ зæрдæ зæгъы, уæд фæйнæ арахъхъы дæр бануазæм, – загъта фысым.

– Фæрсгæ рынчыны фæкæнынц, рауадз дæ нуазæн, бæгуыдæр бануаздзынæн.

Фысым агуывзæ байдзаг кодта, фæлæ Таймураз æваст фенкъард:

– Нæй, нæ бануаздзынæн.

– Цæуылнæ, цы дыл æрбамбæлд?!

– Айрох мæ, Дзæхаты Игоры чиныг ратæлмац кодтон æмæ йын зæрдæ бавæрдтон ссæуынæй. Хуысгæ рынчын у, æмæ йæ куыд фæсайон.

– Иу арахъхъæй дын цы уыдзæн? – нал æй уадзы фысым

– Цы куы зæгъай, уæд Игорæн нуазæн нæй, хос кæны, мæнæй арахъхъы тæф бамбардзæн, æмæ уый дæр æрфæнддзæн бануазын, уымæн та дохтыртæ нæ уадзынц, æмæ тæригъæд у.

Нал банызта Хадже йе 'рдхорды хъыджы ма бацæуыны тыххæй.

Ирон поэтты хистæртæй чидæр, бæлвырд æй нал хъуыды кæнын, Хаджейы-фырты æмдзæвгæты тыххæй афтæ загъта: «Адæймаг сæ кæсын куы райдайы, уæд фæзæгъы, цы ма дзы зæгъдзæн ногæй, зæгъгæ, фæлæ алы æмдзæвгæйы дæр ахæм цыдæр æнæнхъæлæджы фæзилæн ссары, æмæ адæймаджы йæхимæ нылвасы, бауæндын æй кæны йæ хъуыдыйы ногдзинадыл».

Уый, æвæццæгæн, æмдзæвгæйы композицион арæзтыл дзурæг у. Æркæсæм-ма дзы иумæ:

*Хæхтæ райгурынц хæхты…*
*Фæлæ уыдон дæр, –*
*Уый уыд мæ царды фыццаг диссаг, –*
*Зонынц мæлын…*

Автор нын радта фыццаг тезис «Хæхтæ райгуырынц хæхты» æмæ дарддæр, нæ тагъд кæнгæйæ, сабыргай цæуы, чиныгкæсæджы йæ фæстæ кæнгæйæ, æмæ та зæгъы цымыдисаг хъуыддаг: «Уый уыд мæ царды фыццаг диссаг». «Цы?» – ахъуыды кæны чиныгкæсæг, æмæ уæд дзуапп – иннæ рæнхъы: «Зонынц мæлын». «Куыд? Цы хуызы?» – равзæры та мидфарст? Æмæ уæд автор райдыдта ныв кæнын, æндонвидар айнæг лыстæг чырсау куыд згъæлы лыстæг хуырæй хохы дæлвæччимæ. Хох кæны ныллæгæй-ныллæгдæр, йе



згъæлæнтæ та – бæрзондæй-бæрзонддæр. Иуафон айсæфы сыджыты, хуыр – йæ саби, бæрзонд сырæзы æмæ свæййы хох.

Æмæ та дарддæр ног цымыдис. Автор нын равдыста йæ царды фыццаг диссаг, дарддæр цæстытыл ауайын кодта, хох куыд нызгъæлы æмæ йе згъæлæнтæй æндæр хох куыд рауайы. Фæлæ дарддæр та цы? Æмæ мæнæ, иу цымыдисæй нæ иннæмæ, нæ зæрдæйы тæгтæй ивазгæ, цы цæхгæр æмæ æнæнхъæлæджы фæзилæнтимæ æрхуыдта, уый:

*Æмæ ысвæййы хох,*
*Фæлæ йæ фыдæлты номæн*
*Йæ ронбастмæ не 'ххæссы*
*Никæд!*

Уыцы кæрон дæр æм фаг нæ фæкаст, æмæ йæ дызæрдыджы хуызы бафидар кодта: «Кæд ирон лæджы хъысмæт у уый!»..

Бынтон фидарæй йæ кæй нæ зæгъы, уым дæр ис авторы дæсныдзинад, ома чиныгкæсæджы бынтон иуварс не 'вæры, фæлæ йæ кæны фæрсæгау. Уыдон сты æцæг поэзийы æууæлтæ.

Таймуразы сфæлдыстад йæ райдайæнæй кæронмæ йедзаг у уарзондзинадæй йæ райгуырæн хæхтæм, йæ ныййарджытæм, фыдыуæзæгмæ, фыдæлты рæсугъд æгъдæуттæм. Æмæ поэт фыдыуæзæджы рухс къæсæрæй царды уæрæх фæндæгтæм куы рахизы, уæд ноджы тынгдæр базмæлы йæ æнæрынцой зæрдæ, уæд бынтондæр свæййы æнæсæттон царды алыхуызон фæзындтæн, уæд фæагуры сæрибармæ фæндаг, сæрибар цард. Уæд тынгдæр разыныц йæ уарзты æнкъарæнтæ фыдызæхх æмæ фыдыуæзæгмæ, поэты æнæнцой зæрдæ уды тæгтæй фæнывæнды уарзт æмæ масты æнкъарæнтæ. Цас фылдæр рæстæг цæуы йæ ацыдыл, уыйбæрц хæстæгдæр кæны зæрдæмæ. Уæвгæ та зæрдæйæ хæстæг уыдыстæм æдзухдæр. Мæ саг æфсымæрæй мæм дзырдта, Фысджыты цæдисмæ дæр мын рекомендаци уый ныффыста. Мæ мысинæгтæ мæ фæуын фæнды Таймуразы номарæн æмдзæвгæйæ, йæхи зæрдæмæ дæр цыди:

# ÆНÆСÆТТОН

*Хаджеты Таймуразæн*

Мæнг цинтæй бафæллад мæ зæрдæ,
Ныккæрзы хъулон митæй уд,
Тæхынц хæрзиуджытæм æвзæртæ,
Ам разыны хъайтар тæппуд.

Уæддæр æдылыйау, æррайау
Цæуын, нæ райхъуысы мæ хъаст,
Æмæ мæхи уæнгты æртайы
Æмбæхстæй, сусæгæй мæ маст.

Фæлæ та, уалдзæгмæ бæлгæйæ,
Ыссарын тых æмæ хъару,
Цæмæй, кæйдæр цинтæм цæугæйæ,
Зæгъой, йæ фыдау уый лæг у.

Æмæ та кафын æмæ зарын,
Фæлывд митæй та зæрдæ – дур,
Æфсармы охыл уын ныббарын,
Сæттæ та уын нæ кæнын мур…

*Время откроет истинную цену всего, что создано Т.Хаджеты, ибо в его самобытной поэзии найдены ответы на самые сложные жизненные вопросы в философском плане.*

***Р. Тедеев,***
***поэт, критик, к.ф.н.***

***

*Он – Хаджеты – ушел в свой небесный мир, но оставил после себя Легенду своего земного пути.*

***Геннадий Аламия,***
***абхазский поэт***



*АБАЙТЫ Эдуард*

# ПОЭТ – СТЫРДÆР ХÆРЗИУÆГ

Зындгонд ирон поэт Хаджеты Таймуразы йæ диссаджы лирикон æмдзæвгæты тыххæй бирæтæ хуыдтой «ирон Есенин».

Хаджеты Таймураз райгуырд Хуссар Ирыстоны Къуыдаргомы Ногхъæуы бирæ бинонты æхсæн. Уыдон уыдысты куыстуарзаг, ирон æгъдæуттыл хæст бинонтæ. Таймураз йæ сывæллоны бонтæ арвыста йæ райгуырæн хæхты хъæбысы. Фыццаг ахуыр кæнын райдыдта Къуайсайы, астæуккаг скъола та каст фæцис 1964 азы Цхинвалы. Советон Æфсады арæнхъахъхъæнæг хæйтты баслужбæ кæныны фæстæ 1968 азы ахуыр кæнынмæ бацыд Мæскуыйы Горькийы номыл литературон институтмæ. Фидæны поэтæн ам фидардæр кодта йæ поэтикон курдиат.

Таймураз æдзухдæр агуырдта сфæлдыстадон сæрибардзинад æмæ, цæмæй йæ номдзыд æфсымæр Джусойты Нафийы ауuон йæхи ма хатыдтаид, уый тыххæй йæхицæн æрхъуыды кодта литературон псевдоним «Хаджеты», йæ фыдыфыды хуыдтой Хадже, æмæ уымæ гæсгæ.

Хаджеты Таймураз æрмæст курдиатджын поэт нæ уыд, фæлæ тæлмацгæнæг дæр, стæй ма хорз арæхст зарынмæ, йе 'мдзæвгæтыл фыста музыкæ æмæ-иу сæ йæ хæлæрттæн зарыд. Йе 'мдзæвгæтыл фыст зарджытæ зарынц Цоциты Аннæ, Гуыцмæзты Георги, Джабиты Лаурæ æмæ бирæ æндæртæ.

Таймуразы чингуытæ цæуын райдыдтой 1973 азæй фæстæмæ: «Фараст барæджы», «Хъысмæт æмæ зарæг», «Уацмыстæ», «Æхсон дуры хъæлæс», «Урс хæхты зарджытæ», «Фæндæгты фарн», «Фæсизæр», «Арты уидæгтæ»… Йæ поэзи дзаг у уарзондзинады æнкъарæнтæй райгуырæн уæзæгмæ, ныййарæгмæ, уарзон сылгоймагмæ, цин æмæ маст кæимæ дих кодта, уыцы æмбæлттæм.

Йе сфæлдыстады ахсджиаг бынат ахсынц, йæ бæхимæ кæм ныхас кæны, уыцы æмдзæвгæтæ. Афтæ æнувыд уыд йæ бæхыл. Зындгонд куыд у, афтæмæй йæ фыццаг чиныджы æхцатæй балхæдта тæлтæг бæх, Цæгат Ирыстоны куы цард, уæд. Зылдис æм йæ зонгæ хъæуккаг, æмæ-иу Таймуразæн чысыл гæнæн дæр куы уыд, уæд-иу æй абæрæг кодта.

Хаджеты Таймураз 1979 азы Советон Цæдисы Фысджыты цæдисы уæнг цы сси, æндæр ницавæр нæмттæ æмæ хæрзиуджытыл хъуыды кодта. Фæлæ йын адæм йæ поэтикон уацмыстæ кæй уарзтой, æмæ,

æнæ адæмон поэты ном райсгæйæ, адæмон поэт кæй уыд, уый уыд йæ иууыл стырдæр хæрзиуæг.

Поэт амард 1996 азы, æмæ йæ бавæрдтой Ногиры. Фæцард 51 азы.

Загъдæуыд, æппæты хуыздæр дзырдтæ, дам, æппæты хуыздæр фæткыл куы равæрай, уæд уый поэзи у. Чи зоны, афтæ дæр у, фæлæ ма уыимæ æнæмæнг хъуамæ уа, уырзæй бавналæн нæ, фæлæ зонд кæй нæ ахсы æмæ зæгъæн дæр кæмæн нæй, ноджы ахæм æбæрæг цыдæр. Æвæццæгæн, нæ фыдæлтæ Хуыцауы комытæф уый хуыдтой, уый. Æвæццæгæн, сæйрагдæр уый кæны афтæ зæрдæскъæфгæ Хаджеты Таймуразы сфæлдыстад, æмæ йын йæ ныхасмæ адæймаг сагъдауæй уымæн аззайы.

Поэт Хаджеты Таймураз уыд, рæстæджы фыдæвзарæнтæй зæрдæсаст чи фæци, фæлæ, куыд фæзæгъынц, чи ныггуыбыр кодта æмæ æвæллайгæйæ фæллой чи кодта, дæллаг галау уæзæгæй чи куыста, уыцы поэттæй. Уый йæ удыхъæдмæ гæсгæ уыд лирик. Йæ лирикон хъайтар у рæстдзинадыл тохгæнæг, рæстзæрдæ адæймаг. Йæ уды хъизæмары агуырдта æцæг амонд. Кæд-иу хатт хиуарзон, хиввæрсон уыд, уæддæр никуы никæуыл фервæссыд, йæхи хæсджынил нымадта адæмы раз. Поэт æмбæрста, куыд вазыгджын у цард, куыд арф у адæймаджы зæрдæ, æмæ йæ фæндыди сабыргай, хъуыдыгæнгæ æрдзы, адæймаджы, царды сусæгдзинæдтæ басгарын. Уымæн зæгъы:

*Мæн сындæггай цæуын фæнды,*  
*Сабыр нæ зæххыл,*  
*Сусæг тасау къæрцхъус, фæлæ*  
*Барджын, уæндонæй.*  
*Райсом боны рухс цъирын*  
*Æхсырау, йæ цъæхыл*  
*Хъусын æхсæвы аргъаумæ тары дæлдонæй.*  
(«Мæн сындæггай цæуын фæнды»)

Таймуразæн, æвæццæгæн, æнтысгæ дæр уымæн кодта, æмæ тæдзынæгау, куыройы нучы донау, иу ранмæ уыд йæ цæвæн. Кæцырдæмфæнды йæ куы здæхтаис, уæддæр йæ каст уыд поэзимæ, ард уымæй хордта, уый уыд йæ сомыгæнæн. Таймураз уыдис, æдзух йæхимидæг удхар, хъизæмар чи кодта, æдзух æрдуйы хидыл, карды комыл чи цыд, ахæм поэт. Æрмæст хъæрзын, нæтын нæ уарзта, лæгау лæгæй хъæцыд йæ зынтыл, йæ уд сыгъд цырагъау, фæлæ йе 'мгæрттæм тар цæсгом никуы равдыста, æлхынцъæрфыгæй никуы ракаст. Йæ уд мыдадзын цырагъау басыгъд, йæ зæххон цард фæцис Хаджеты Таймуразæн, æмæ райдыдта цæрын адæмы зонд æмæ зæрдæйы.

## ПОЭТЫ МЫСГÆЙÆ…

*НАФИ*

# ХАДЖЕТЫ ТАЙМУРАЗЫ ЦЫРТЫ РАЗ

Сæрыстыр, хивæнд лæг, ысхъæл –  
Фæдисы, сау куысты, ныхасы!..  
Йæ армы – цирхъы ныхмæ хъæл,  
Уæддæр – хъазуатыл лæуд æдасæй.

Йæ уæлингæн йæ цырт – нымæр,  
Кæсы йæ цæхæр цæст æрхуымæй...  
Тыхстæн йæ сонт митæй кæддæр,  
Ныр та?... Кæй сæ нал кæны, уымæй!..

*18.08.2001 аз*

*ХЪАЗИТЫ Мелитон*

Оу, куыд стырзæрдæ, куыд хиввæрсон адæм стæм...

Хорз куы фæуынæм, хорз куы фæзонæм, нæ цуры кæмæндæр скад кæнын хъæуы, кæйдæр хъæуы барæвдауын...

Æви ныл пъæззы ныббады...

Æмæ та нæ кадцухæй, рæвдыдцухæй не 'нусон дунемæ фæцæуы...

Æвæццæгæн, æцæг, дуртæ фестадыстæм, маст нæм нал хъары, æндæра не 'взаг куыд тасы дæ ном зæгъынмæ... Таймураз.

Куы уыдтам, нæ разы, дыууæ кæронæй ссудзгæ цырагъау бонæйбонмæ тайыс, дæхи æддæмæ тыххъæлдзæг цы æвдисыс, æндæр дын дæ зæрдæ мидæгæй сау маст сау калмау хæры, уæд нæ бон куыннæ бацис де 'нцой балæууын, дæ зæрдæйы рыст дын иучысыл уæддæр фæрогдæр кæнын?

Æмæ нæ литературæ дæ нуарджын поэзийæ аззад къахырæй, дæ бирæ æмгæрттæ – æмгарцухæй.

Æниу, дæу дæр де 'нæрцæф уды тыххæй де 'мгæрттæй, æвæццæгæн, бирæтæ иу æмæ дыууæ хатты нæ фæуагътой дурзæрдæйæ. «Ме 'мгæрттæм» куы бакастæ, уæд уымæн фæхъæр кодтай:

– Мæнил фыст у! Мæнæн æй схæлар кæндзынæ!

Дæ удæгасæй нын уый фенын дæр нал бантыст. Фæлæ æрæджиауы хорзæх дæр хорзæх у.

# МЕ 'МГÆРТТÆМ

Хаджеты Таймуразæн

Мæ хæлæрттæ, Уастырджи – уе 'мбал!
Мæнмæ кæсын уаид æрра ми –
Фыддуджы азарæй хæснагыл
Мæ дзыппыты нал арын суари,

'Мæ уадзут мæ хауд зæрдæ дурæй,
Мæнæн та æрцæуы мæ арфæ.
Рæхджы мын Ыстыр Хуыцау исты
Æнæмæнг æрæппардзæн арвæй.

Ыссардзынæн уе 'мбæхсæн гъеуæд, –
Кæсдзыстут мæм зæдтæй уæздандæр, –
Уыдзысты ме дзаг дзыппытæ
Æнæ сымах
мæ зæрдæйы дурæй уæззаудæр.

Хатыр, нæ бон дæ бавæрын кæй нæ бацис.
Рухсаг у.

*«Хурзæрин», №5,*
*14.09.1996 аз*

*ХЪАУЫРАТЫ Дауыр*

# ХАДЖЕТЫ ТАЙМУРАЗÆН

Дæ лирикæ – æхсæрдзæны зæл комы,
Ды – раст тæрхоны пирæн.
Кæмæндæрты дæуæй фæкæнын сомы,
Кæмæдæрты – æртхъирæн.



*КЪАДЗАТЫ Станислав*

* * *

Дæуæн æхсырæй хаст дæ дзырдтæ,
Цæхх кæнын сыл нæ хъæуы, йе сæкæр.
Ды музæйæн йæ кæстæр фырт дæ,
Æмæ дæ уарзы иннæтæй фылдæр.

Дæ рæнхъытæй мæм ногкарст уистау
Кæлы хæххон уыгæрдæны хæрздæф.
Æхсæрдзæнау цы зарæг систай,
Мæ зæрдæ уымæй урс фатау фæцæф.

Уадз, дзурæнт: «А Хадже, фыдвæнд у,
Куы нæ скæны йæ сонт митæй хъуырмæ!..»
Нæ уыны арвæрттывд йæ фæндаг,
Йæхæдæг дæр йæхи рухсæй куырм у.

*1993 аз*

*Геннади АЛАМИА*
*абхазаг поэт*

# ХАДЖЕТЫ ТАЙМУРАЗÆН

Поэт – уый саби, æнæхин у,
Тæргайгæнаг саби,
Фæриссы чысыл ницæмæй дæр йæ зæрдæ,
Куыд нæ рисса,
Алчи йæм амоны йе 'нгуылдзæй:
«Кæсут-ма, æррайау йæхиимæ дзуры!»

Поэт æнæ исты аххосæй
Хæхты 'мæ быдырты зилы,
Цуанон у, фæлæ сырдтæ нæ мары, –
У царды аив та йæ цин.
Уый дон-дон фæцæуы йæхи 'вастæй,
Æмæ йын фæкæнынц тæригъæд,

Чи йыл æрбамбæлы, уыдон.
Æцæг. Бирæты бафæнды
Уымæн йæ фæдыл куы адзурид:
«Æвдæлон готлекк!»
Никæй æндавы йæ хъизæмар,
Йæ сагъæсты дуне, йæ мæт,
Йæ нуæртты ныкъкъæрццæввонг ризын.

Куы баййафы быдыры ’фхæрд,
Поэт уæд фæлидзы йæ хæхтæм,
Куы не ссары уым дæр æнцой,
Уæд фесафы дардмæ йæ сæр.
Æвæццæгæн, арæх æййафы æфхæрд
Мæ хæлар – поэт Хаджеты,
Уый нæй, уæд цæмæн дзуры афтæ:
«Æз хъуамæ фæлидзон Абхазмæ,
Мæ уарзон æфсымæртæм!..»

*Абхазаг æвзагæй йæ ратæлмац кодта Нафи*

*МАМЫКЪАТЫ Хъазыбег*

## ХАДЖЕТЫ ТАЙМУРАЗ

*Æз куы амæлон, уæд-иу мыл*
*Ды, мæ хæлар, ма кæ хъарæг!*
*– Кæс, – зæгъ-иу, – тæхы æвдиуау*
*Иры урс бæрзæндтыл барæг.*

Нæ уыдтæ ды быдзæу-лæгтæн æххуырст,
Нæ кодтай цыт æлдæрттæ кæнæ сихтæн.
Æвдиуау нæ – ды рухс сагау тæхыс
Нæ урс хæхты æнусон цæхæр – ихтыл.

Гуыбырфындз цæргæс кад кæны дæуæн:
Йæ уаз тæхæнты цавæр зæд дæ, чи дæ? –
Фæйнæрдæм лидзæнт хин æмæ кæлæн
Дæуæй, куыд лидзынц цуанæттæй сычъитæ.



Тæхуды, фестад арв-цатыр дæ уат,
Æдзух дзы хъуысæд де ’рдхæрæны зарæг.
Æртæхæд абон Царциатæй фат,
Æрæнцайæд æхсинæгау дæ дуармæ…

Ды нал дæ абон а зæххыл. Дæ уд
Ысси æрвон, дæ зарджытæ æнусвага.
Нæ зæрдæйы – дæ хæлар мидбылхудт,
Дæ цырты дурыл та: «…рæстæгмæ –
рухс… саг».

*КОСТЫ Лизæ*

## ХАДЖЕТЫ ТАЙМУРАЗÆН

Байрйай, Поэт! Цымæ ныр кæм дæ?
Уары дæ цыртыл.
Сонт арв æрцæвы хæстæг кæмдæр
Сатæг быдыртæ.

Уалдзæджы цинæй æрыхъал зæхх.
Кæрдæг рæмудзы.
Де ‘рдыгæй чи и – салам сын зæгъ.
Сойдзырагъ судзы.

Махыл ыстых и бынтон хæрам:
Алчи – йæхицæн,
Æмæ нын табуйаг систы ам
Уæрст æмæ хицæн.

Уарзтон æз уарзон хæлæртты зард, –
Зонæй ма хъуысы,
Æмæ, фыдæхы æвдылдæй, цард
Сабыргай сысы.

Байрай, Поэт! Цымæ ныр кæм дæ,
Рухсаггаг? Рухсы?!
Сонт арв æрцавта хæстæг кæмдæр
Æмæ фæхъус и...

*20.05.2003 аз*

*БАСИТЫ Зæлинæ*

## ХАДЖЕТЫ ТАЙМУРАЗÆН

Сыгъдæгзæрдæ Поэзийы ыстъалы!
Сæрибаруарзаг базырджын цæргæс!
Сыгъдис дæ зæрдæ ирд цырагъау тары,
Æвæрд дыл уыд ирон поэты хæс.

Æцæг поэт! Нæртон дзырды зæрингуырд,
Дæ хъæлæс уыд æргом æмæ зæлланг.
Нæ кодтай 'вгъау дæ уды артæй никуы,
Уыдис йæ тавс æгас дунейы фаг.

Рæстзæрдæйæ, сыгъдæг цæсгомæй цардтæ,
Æрвон курдиатыл кодтой адæм дис.
Фæлæ уæддæр æнцойдзинад нæ ардтай –
Æнкъарæг уд æдзухæй дæр рыстис.

Цæй сæрыл уыд ирон поэты сагъæс?
Цæй сæрыл уыд ирон лæджы хъынцъым?
Æнæкæрон зындзинæдтæ дæ алварс
Нæ фæрæзтой дæ бæллицтæ сæттын.

Æдзух цыдис ныфсдæттæгау дæ разæй
Нæ фыдæлты æнæмæлгæ æфсарм,
Æмæ сыгъзæрин рухс тынтæй уæларвæй,
Дæ удмæ калд ирон поэты фарн.

*10.02.2020 аз*

# ГУСАЛТЫ БАРИС: 80 АЗЫ



# БОГАТСТВО ТРУДОВ, ОПЫТА, ДОСТИЖЕНИЙ

Борис Гусалов, без сомнения, не только крупнейший осетинский писатель, но и целое явление как в литературной, так и в общественной жизни Кавказа. Все, что связано с его именем, к чему прикасается животворящее Слово Мастера, приходит в движение, сбрасывает привычные формы, высвечивая их отжившее присутствие или являя изумленному взору существование нового, черты неповторимого в знакомом. И все это изменение оптики происходит празднично весело, и даже трагедийное, наполняясь пиршественным присутствием жизни, служит эпически высокому духу её играющих сил.

Роман «Разрыв-трава», переведенный самим автором, свидетельствует о таком виртуозном владении русским языком, что нам, не имеющим радости знать осетинский язык, остается догадываться, как же счастлива его судьба, если она на кончике волшебного пера писателя Бориса Гусалова. С поистине нартовской силой и дерзостью он бытийствует в нем, чувствуя его и пробуя на вкус новые сочетания, удивляя диапазоном лексической полифонии и, словно состязаясь со Львом Толстым в синтаксисе, стремлении одним предложением охватить многое.

Любое слово – это отражение и мысли, и способа мысли. Служение Слову – это всегда и служение нравственности, миру, людям. Борис – и поэт, и философ, и гуманист. Следить за его речью – значит следовать за гибкой и сильной орнаментальной мыслью, мгновенно связывающей миры и творящей их.

Такая глубина отношения к Слову дается отдельным людям, чтобы через них природа являла неисчерпаемые возможности восприятия и отражения мира, его познания и преображения. «Нет никакой почти возможности выразить точными словами неясные процессы, протекающие в нашем мозге. Слова неудобны именно тем, что очертания их резче, чем контуры мысли. Не имея четких контуров, мысли зачастую сливаются друг с другом; слова – иное дело. Поэтому какая-то смутная часть нашей души всегда ускользает от слов. Слова имеют границы, у мысли их нет», – писал В. Гюго о том, что мешает людям



своевременно и точно понимать друг друга и усложняет нам жизнь.

Умение мгновенно дифференцировать различное и подобное и сформулировать это в образной и одновременно точной мысли, эта вдохновенная импровизация – для окружающих – импульс к саморазвитию, потому что к этому и ведет любое нарушение ожидаемости формы, провоцирующее внимание к содержанию. Язык –это лава, то спокойная, то стремительно движущаяся, это стихии воды, воздуха и земли. Но неизбежно язык есть сама жизнь, узнающая себя и оттого еще более содержательная.

Явление Бориса Гусалова в Слове – тут не игра слов, как может показаться людям, либо ревностно настроенным к писателю, либо далеким от литературы. За балагурством или ироническим эпосом писателя – то золотое детство человечества, когда все было поводом для восхваления жизни в самых ее разных проявлениях. Служение национальному, своему родному языку – это всегда и служение языкам мира. «Если я и делал что-то целенаправленно, то только то, что стремился раскрыть удивительную красоту, могущество осетинского языка, чтобы читающий получил истинно эстетическое наслаждение», – такие слова не могут не отозваться в сердце каждого осетина, они же радуют и меня, потому что если неродной русский так полнозвучен у писателя, какое же феерическое звучание может приобретать у него родной язык, которому он посвятил жизнь?

Я говорю не только о письменном, но и устном слове классика современной осетинской литературы, единство которых отражает органичность и естественность и творческой, и личностной природы писателя. Открытость, прямота, юмор, гостеприимство, искренность, гражданское мужество, патриотизм, любовь к традициям своего народа и глубокое их знание, интернационализм – все эти черты – проявления сильного и яркого характера. Я люблю его образное, меткое слово, потому что оно у него действительно образ дела, согласно высказыванию Соломона, которого сам Борис любит цитировать. И эти слова выбивают укоренившееся в силу нашей реальности избитое представление об их противоположности. Нет, не надо пороки отдельных людей или политических систем присваивать Слову. Борис Гусалов никогда ни на йоту не отступает от высокого понимания Слова и умеет защитить его.

Юбилей – это богатство трудов, опыта, достижений. Есть богатство,

которое невозможно хранить в запасниках. Оно должно быть открыто всем, чтобы хранить душу народа, его духовное достояние. На Кавказе всегда было важно уметь прислушиваться к мудрецам. Слово мудрого – дело созидания и мира. Раны на сердце Кавказа начинают кровоточить и в наших сердцах, когда распри затмевают разум народов, когда пережитые трагедии становятся для народов не поводом к самоочищению и прощению, а средством для растравления ран и взращивания новых причин для раздоров. Насколько нравственно исправлять попранную справедливость новым ее попранием? Для Всевышнего приемлемо ли стремление людей втиснуть созданный Им многокрасочный мир в черно-белую схему?

«Свет в начале туннеля», – так называется одна из многих публицистических статей Бориса Гусалова, написанная в 1993 году, полная боли и взыскующая к оружию разума во имя защиты людей от вакханалии нацпсихоза. Эти статьи, этот честный и горький диалог с народом необходимо включать в школьные хрестоматии по литературе, чтобы дети воспитывались на примерах людей, которые умеют ломать навязываемые рамки ограниченного национального самосознания, потому что «предрасположенная и настроенная на взаимопонимание добрая воля наших народов и наша горская мудрость, которую Создатель ставит в пример другим народам, должна спасать в пору политических катаклизмов». Да, хлеб всех народов одинаково полит соленым потом, и подлинные поэты, писатели всегда являются выразителями сокровенных дум своего народа, голосом его совести.

Целебный микроклимат творчества Бориса Гусалова – наше общее достояние. Поклон ему от всех собратьев по перу, от всех читателей, и многие лета еще большому Мастеру, умеющему вести разговор на уровне болевой человеческой души, открывать ее бесконечные горизонты, хранить язык – «единственный, родной до боли, до счастья и вселенского света».

***Миясат МУСЛИМОВА,***
*поэт, член Союза российских писателей,*
*Международного Союза писателей Иерусалима,*
*Клуба писателей Кавказа. Дагестан*



# МОЕМУ МЛАДШЕМУ СОБРАТУ

**Борису Гусалову**

Дорогой мой брат! Как я рад, что ты родился 80 лет назад – ровно на 1 год и 10 месяцев позже меня и, значит, оказался по всем кавказским меркам младше. И сразу хочу сказать, почему я рад. Младшему горцу предписано судьбой очень много забот о старшем, вплоть до спасения его от верной смерти.

Сегодня мало когда надо рисковать жизнью ради спасения другого. Но не меньше мужества надо иметь сегодня для защиты настоящей литературы, литераторов, а на основе этого – для предотвращения межнациональных столкновений. Художественное слово служит сближению человеческих душ, единению здравомыслящих – для этого у тебя, как у писателя, есть все: дальновидность, здравомыслие, беспокойство за чужие судьбы (не просто это тебе давалось, знаю я), глубокое знание жизни и совершенно оригинальный, глубоко народный юмор, который тоже работает на твой человеческий облик, характер.

Иметь в своих рядах такого Человека, как ты, дорогой Борис, Клуб писателей Кавказа, который именно с такой целью и был создан 10 лет назад, в юбилейном заседании которого ты активно участвовал, считает для себя даром судьбы.

Живи долго ради литературы, ради нас, ради семьи своей, и не бойся, что, как старший, я тебя охранником у сердца долго не буду держать, но в сердце моем твое место определено.

Мало тебе быть рожденным от людей,
Надо Человеком вырасти при них.
Самое справедливое из идей –
Знать желания сородичей своих.

Знаешь, Боря, Человека пьедестал
Там, где совесть пред людьми его чиста.
Это кредо в наших душах и устах –
От гениальных Кязима и Коста.

Здравым мыслям становясь опорою,
Как и должно на Кавказе, смелые
Возвышают и ныне они горы,
Горы на их плечах – бурки белые.

Ты хорошо усвоил этот наказ наших классиков! Поэтому ты такой хороший человек и писатель!

Дорогой Борис, будем верны вещим словам наших учителей! Долгих лет тебе!

Салих ГУРТУЕВ,
*Народный поэт КБР, КЧР и Калмыкии*

## ВОЗРОЖДАЮЩИЙ УТРАЧЕННОЕ

Уважаемый Борис Мустаевич! Наш коллектив искренне желает Вам, чтобы жизнелюбие и оптимизм никогда Вас не покидали!

Ваши произведения знают и за пределами Осетии, их не только читают, но и перечитывают, что дорогого стоит в наш век, когда интерес к литературе, к Слову упал, как никогда.

Герои Вашего романа «Разрыв-трава» (Хромой Али, Урусхан, Магомед и другие) – люди нелегкой судьбы, однако в любых ситуациях не теряющие мужества, своеобразного сочного чувства юмора. Они завоевали признание читателей журнала «Вайнах». Вы активно участвуете в налаживании связей между северокавказскими литературами, напрочь утерянными после развала Советского Союза. Только благодаря таким интеллектуалам, настоящим сына гор, как Вы, былое братство народов Кавказа должно возродиться.

Мы желаем Вам творческого вдохновения, новых интересных сюжетов, необычных идей, крепкого здоровья, верных друзей, успехов в делах и большого счастья в личной жизни!

Живите долго и счастливо, Борис Мустаевич! С днем рождения Вас!

*Муса АХМАДОВ,*
*Народный писатель Чеченской Республики,*
*главный редактор журнала «Вайнах»,*
*Президент Клуба писателей Кавказа*



## МÆ РАГОН ЗОНГÆ

Куыд фыссæджы, афтæ Гусалты Барисы раджы базыдтон – сæйраджыдæр, уый охыл, æмæ мæ зæрдæмæ иттæг тынг фæцыд йæ уацмысты æвзаг. Уæвгæ та, æмткæй, йæ фыстыхъæд у феноменау нырыккон ирон литературæйы.

Афтæ зæгъынæн мын быңдур ис, уымæн æмæ зонгæ дæн къорд ирон фыссæджы сфæлдыстадимæ дæр. Нæ мадæлон æвзагмæ абон цы цæстæй кæсæм, уый хорз нæу.

Ныр æз Ирыстонæй дæрддзæф цæрын, æмæ мæм ирон чиныг дæр æмæ «Мах дуг» дæр фыццагау нал æфтынц, фæлæ бацархайдзынæн сæ амал кæныныл.

Барис та æнæниз уæд, æмæ ма ирон чиныг чи уарзы, уыдоны зæрдæтæ барухс кæнæд йæ нæуæг уацмыстæй.

*СИДАХЪАТЫ Иринæ,*
*Санкт-Петербург*



*ГУСАЛТЫ Барис*

# КÆМ –ХАН ÆМÆ КÆМ – ХАНДЖЕРИ
## КÆНÆ
## ИУ ДÆР ДЗЫ – ФЫССÆГ ÆМÆ ИННÆ ДÆР
*Мысинæгтæ**

...Фысджыты Цæдис...

Нæ йыл дзурдзынæн, куыд уыдис, цы уыдис, цæмæн бахъуыд иу цары бын, иу цъары тыхтæй фысджыты бацæдис кæнын Парти æмæ Сталины, фæлæ Цæдисы уæнг дæ, зæгъгæ, уæд – политикон хуызы, идеологон цæстæй дæм кæсгæйæ, æууæнкджын дæ, æмæ дын, гъа, дæ чингуытæ мыхуыргондæй; гъа, фатер дын; гъа, фæлладуадзæн æмæ дын сфæлдыстадон, кусæн-фыссæн хæдзар – ничи дæ дзы хъыгдардзæн советон цырдарæзтæй дæ фынккалгæйæ æппæлын, хæрдмæ йæ исын, æнусты дæргъы йæ фæллойгæнæг адæмы бæллиц хонын, Парти та – «ум, честь, совесть нашей эпохи», «коммунизм – вековечная мечта всего человечества», «империализм – последняя стадия загнивающего капитализма». Стæй ныффысс лакæй бæзджын сæрст роман «Кавалер Золотой Звезды» æмæ дын, гъа, фыццæгæм къæпхæны Сталины номыл преми, стæй...

Кæддæр, 1957 азы, пединституты фыццæгæм курсы хомбыл студентæй, мæ фыд Мустæйæ дæр ма мын ахсджиагдæр, зынаргъдæр æмæ адджындæр фыд чи уыд, уый тыххæй цы 'нарæхст æмдзæвгæ ныффыстон, уымæй ма мæ зæрдæйы фæйнæгыл дыууæ рæнхъы арф къахтæй баззадысты – хъомысджын уырыссаг æвзагыл:

*Из-под истории развалин*
*Имя гордое восходит – Сталин!*

Ох-хына,зæгъын, Сталины гипотетикон райгасы фæстæ ма уæд та ма мæй-дыууæ мæйы чи аирвæзы цæргæйæ æмæ йын йæ абоны æвдакат фарсхæцджытæ-фарсласджытæ-дымысдæрты куыд ахсдзысты сæумæдæвдæгæй æнæмæлгæ хахуыргæнджыты ардыдæй, уый ма фен, уый! Æнхъæлынц, æмæ Сосойы æгæрон уарзты фæрцы сæхи ног Тройкæты раз феназымджын кæндзысты. Азимаг та, æппын ницы, фæлæ уымæй уыдзысты, æмæ мæ хуызæттимæ иу рæстæджы цæрынæн кæй быхстой, Сталины цы цардарæзты æфхæрдтой, дæлдзинæг кодтой, уым дæр сæм

* Кæрон. Райдайæн 2020 азы журналы 1-æм номыры



цард цæринаг цард кæй каст – нæ сыстадысты æд белтæ-сагæйттæ уæд та ма, кæнæ не 'рцауыгътой, нæ амардтой сæхи: æнцъыхтой æмæ хордтой æгæр хорз дæр ма...

Рабад, рахъен у, раст, райгас-ма у иу афæдзы æмгъуыдмæ æппын къаддæр, хæрзты цæгъдæг Бесойы нæрæмон фырт. Уый – раздæр. Ныр та, дæхиуыл рагон нæртон лæджы фидис ма 'руадз, æвзæрты-'взæрдæры фидис, æмæ афтæмæй æцæг худинаджы гуырдтыл Мукарайы сæрдасæн рауадз!

Фæлæ – Хуыцау бахизæд. Æнæ æргом æвзæрæй хорз дæр хорзы бæрджытæ нæ дары... Ивддзаг кæндзысты...

Ма нæтут, ма хъæрзут, уæ ингæнты къæйтæ ма сисут, ног цардарæзтад-паддзахад-Сталины амæттæгтæ: уе стджытæ дæр Советон Цæдисы мæнгæфсон бындур-фундаментæн бахъуыдысты. Фæлæ абон цы бацис уыцы бæстæ, зæгъгæ, кæд мæн фæрсут, уæд уын цы зæгъон, цы? Сайд уыд, мæнг уыд, хал дзы халыл кæй нæ хæцыд, уымæн базгъæлæнтæ?! Æви дзы адæмтæ хъуыддагæй æвдисгæ æфсымæрон адæмтæ кæй нæ уыдысты, суанг ма славяйнæгтæ сæхæдæг дæр – иу рагфыдæл мады гуыбынæй рантысгæйæ, уыцы азар ын уыдаид...

Суанг ма сæ кæрæдзимæ кардыкомæй сдзырдтой, топпыкæсæнæй акастысты, нæмыгауæрст сæм нæй. Зæгъæм, кæд нæ кæй бауырныдтаиккой Украинæ æмæ Уæрæсейы ныртæккæйы ахастдзинæдтæ...

«Если бы мы, прокуроры, хорошо работали, то многие из вас не здесь бы сидели», – Генпрокурор Чайка загъта Паддзахадон Думæйы депутаттæн...

Советон адæймаг...

Ног, бынтондæр ног адæмыхатт: советон адæм...

Суанг ма Хуыцауæн дæр кæмæддæрæгон адæм: йæ кувæндæттæ йын рæмудзæг…

Ног цивилизаци: советон...

Мой адрес, дам, не дом и не улица – мой адрес Советский Союз.

Как, дам, тебе не стыдно: ты же учился в советской школе! Ты же советский человек!

Читайте, дам, завидуйте: я гражданин Советского Союза!

Мать моя, дам, Родина, а я – большевик.

Я, дам, готов сам лечь в плавильную печь, где выплавляется новый – советский! – человек.

Мæнæ адон та Николай Бухарины судзгæ 'хсидав ныхæстæ: *«Пролетарское принуждение во всех своих формах, начиная от расстрелов и кончая трудовой повинностью, является, как ни парадоксально это звучит, методом выработки коммунистического человечества из человеческого материала капиталистической эпохи».*

Ахæм, гъе, золотое дитя Партии…

...Æрбагуылф мæм кодта ахæм мысинаг: 1991 азы август, 19-æм бон, кæд ма исты зонын, уæд. ГКЧП. Тынгдæр цæмæн старстæн, уый мæ чиныг «Фаллаг, бæрзонд был»-ы къухфыстæн. Йæ редактор Дзанайты Ирæйæн ныффæдзæхстон, ахæсс æй, зæгъын, рауагъдадæй æмæ йæ бафснай-бамбæхс: большевиктæ та фæуæлахиздзау сты, зæгъгæ, уæд сæ фыццаг «плохо» мыхуырырдæм фæуыдзæн – сæхи дыууæ-æртæ газеты ма ныууагътаиккой, иннæтæ æмæ чингуытæ – сæ зондахасты æвастæй фыстытæ, арты амæттаг бауыдаиккой, сæ автортæ та... Гъемæ дыккаг бон куыстмæ куыд фæцæйцыдтæн, афтæ Проспекты бульвары астæу лæууæг æнæзонгæ лæппулæгтæй, мæнырдæм дзургæйæ, райхъуыст:

– Фендзыстут æй ныр, демократтæ-дерьмократтæ-антисталинисттæ, фендзыстут! Бæрæг уæм уыдзæн!

Сæ ныхæстæ мæнмæ дæр æцæгæй хауынц, зæгъгæ сæм фæрсæгау ракастæн: мæнмæ, мæнмæ – сæ сау сындз цæстытæ мæм ныззынг кодтой.

Нæ редакцийы кусæг сылгоймæгтæ мæ удаистæй бафарстой, цы, дам, уыдзæн, цы – Рацарæзт ныр та цæхгæр фæстæмæ бацарæзт уыдзæн?

Мæхицæй Санаты Сем акодтон:

– Ницы уыдзæн! –Æмæ ма уырыссагау дæр фæбæлвырддæр кодтон мæ ныфсæвæрæнтæ: – Это их крокодил перед смертью бьет хвостом. Йæ гæндзæхтæ цæгъды...

Абоны мæстæйфыцгæ адæм Сталинæн уымæн табу кæнынц сæйраджыдæр, æмæ уый куы уаид, уый, уæд дзы цастæм бæрæг уаид, цастæм, советон цардарæзты бонхортæм, алы ног æнæфсис тугцъиртæцъулбертæм!..

Лес, дам, рубят – щепки летят. Дыма, дам, без огня не бывает. У нас,дам, просто так, ни за что не сажают. Æмæ ноджы: сверху виднее!

Мæгуыр советон адæм, мæгуыр: кæрон нæ уыд сæ уарзт, се 'ууæнкæн, зæгъæм, Всесоюзный староста Михаил Калининмæ дæр. Ирыстоны зæххыл йæ цытджын къах кæй æрæвæрдта, ууыл цингæнгæйæ та мах фырцинæй хурмæ худтыстæм, мæймæ кафыдыстæм, раст кæфойы зæронд фестадыстæм.



Фæлæ арвæн æркæлынæй чи тарст, æцæг сыл æнæнхъæлæджы ахæм хафт ауайдзæн – сæ ахсджиагдæры сын хъæдамантæ 'вæрдæй Сыбыры балæууын кодтой... без права переписки – уый та-иу афтæ амыдта, æмæ йæ уæдмæ пъадвалы, науæд хъæды астæу, кæнæ æдзæрæг ран агæрах ластой сæ тæрхонхасты хæдфæстæ: цæй æвдакат, цæй æвдисæнтæ, йæй хъæстытæ-апелляцитæ-йедтæ...

Тыхст-уырыд адæм уыдæттæн цы зыдтой, æмæ лæгъстæ кодтой Калининæн, цæмæй сын сæ рæстæй æфхæрд хион-хæстæджы хъуыддагмæ лæмбынæг æркæсын бадома, равзарой йæ «не на осуд, а на рассуд», ома.

Æнæбон Михаил Иванович, тæригъæддаджы æнæбон! Кордебалеты чызджыты, дам, уарзта, стæй, иунæгæй къулбæрзæйæ куы аззад, уæд, дам, Сталины цырыхъхъытæн батæ кодта, мæ уарзон ус Екатерина Лорбергы мын мæ удæгасæй ахæстонæй рауадз, зæгъгæ...

О, Барахъты Еленæ-Надяимæ, Гинойы бинойнагимæ, иу лагеры йæ хъиутæ хордта Екатерина дæр, сыстмарæгæй дзы куыста...

...Чысыл раздæр мæм кæфойы кой куы рауад, уæд ахъуыды кодтон, цымæ ма, зæгъын, фæсивæдæй, кæфæй цы дзаума уыд, уый сæ исчи зоны? Уæвгæ та кæцы чызг, науæд лæппу райсдзæн йæ къухмæ иронау фыстытæ. Стæй ма абоныккон цивилизацийы иу ног ахæм бæллæх: газ цы хъæуты ис, æрвцъæх артаг, уым кæфой нæ, фæлæ, фæрæт циу, уый дæр нал зондзысты, суг сæттынмæ дзы кæстæртæ нырыдæгæн дæр нал арæхсынц – Зилгæйы хъæуысæр быдыр хаттæн дзаг вæййы æвзалыйау цæхæрдæттæг акъаци бæлæсты дæргъæй-дæргъмæ къодæхтæй. Стæгау йæ хъæбæр æмæ фидар хъæд уæрдоны цалхы чъил æмæ дæндæгтæн дæр никæйуал бахъæуы...

Ирыстоны ма нымад адæм кæсы «Литературная газета» æмæ уæдæ иннæтæн зивæджы адæргæй куы нæ ныуадзин уырдыгæй æнæ рафысгæ мæнæ ацы къорд рæнхъы 2017 азы 5-æм номырæй:

*«Террором можно добиться практически всего! Причем на достаточно длительное время. Создать, например, новую общность людей – советский народ. Живоносящая или отмершая общность – кто знает? В этом продукте прочно соединены жертвы, палачи, герои, творцы, охранники, вожди...*

*И грузин Лаврентий Берия – маршал, Герой Соцтруда, кавалер пяти орденов Ленина, и еврей Ефим Славский* * *– трижды Герой*

* Ефим Павлович Славский(1898 – 1991) уыд паддзахадон архайæг, сси Советон Цæдисы рæстæмбис машинæтæарæзтады министр.

*Соцтруда, кавалер десяти орденов Ленина, и русский Сергей Королев, дважды Герой Соцтруда, кавалер трех орденов Ленина, и белый офицер с русско-шведско-украинскими корнями Анатолий Александров – три Звезды Героя Соцтруда и девять орденов Ленина, поляк Андрей Вышинский – шесть орденов Ленина...*

*Всех их, безусловно, объединяет преданность делу и страх. И еще были миллионы известных и безвестных, виновных и невиновных, превращенных в лагерную пыль. И народилось поколение с испуганной душой.*

*Хотел бы я жить в такое время? Нет... Вернемся ли мы когда-нибудь к такому испытанному способу управления людьми, как террор? Появится ли такая идея, которая его оправдает, и люди на сходках вновь будут от страха иступленно кричать: «Расстрелять, как поганых псов»?..*

*Еще будет нам твердая рука и молчание ягнят! Если мы этого захотим...»*

Дурсæр, дурзæрдæ тæрных сталинисттæм ацы хабæрттæй кæй ницы бахъардзæн, уый зонын: абон дæр та ма уæдæ райдайæд-бацайдагъ уæд куырысдзаутыл – «адæмы знæгтыл» – цуан, æмæ сын барвæндæй уыцы цуанæттæ 'рмæст сæхи нæ, фæлæ сæ дзидзидай сабиты дæр сталинистты цæстыты раз уæхстыл кондæй арауæнт, кæнæнт физонæг, уæддæр нæ ныккæрздзысты, зæрдæты бæсты сæ риуты цы тыгуылдуртæ ис, цъæх дойнагдуртæ, уыдон: ахæм фыдмитæн дæр та сæм разындзæн æвдакаттæ, Андрей Вышинскийы бындар-зæйц-байзæддæгтæ. Хæрх уыдзысты, хæрх! Кургинянау дзыхджын-бæхджын хъæхъхъаг аргъонахътæ.

Терроры тæригъæдтæ исæг, рæстытæ йæ кæнæг, йæ рыгтæ йын цæгъдæг æмæ йын йæ тугтæ ‘хсæг идея та... Рæстырдæм хъуыдыгæнæг дзыллæтæн, адæмы 'лгъыст æмæ Хуыцауы налат чи нæу, уыдонæн чысыл дæлдæр мæ зæрды ис Махатма Гандийы ныхæстæ 'рхæссын...

Худæг цас нæу, уыйас дудæг уа, æви дудæг цас нæу, уыйбæрц худæг уа – Камал та йæ зондзæн, фæлæ дын иуахæмы, дунетыл хъуыстгонд стыр лæг – Уæрæсейы абон уымæй стырдæр æмæ нымаддæр хицау нæй, уый афтæ куы рахъаст кæнид:

– Ганди дæр амард, æмæ ма зæрдæбынæй кæимæ аныхас чындæуа, уый нал ис...

Уæдæ, уæдæ: Уæрæсейы лæгагур цæуын ма бахъæуа Президенты къæлæтджынмæ авд азы фæстæ…



О, Мохандас Карамчанд Ганди, ома, Махатма, бæстон æууылд ныхасæй загъта:

*– Лæг йæ цард нывондæн кæй сæрвæлтау æрхæсса, ахæм идейæтæ дунейы мидæг бирæ ис, фæлæ дзы иу дæр уый аккаг нæу, æмæ йын йæ сæраппонд цæмæй æндæр искæй марай.*

Лев Толстой та карзæй афтæ фæдзæхста, æмæ, дам, хæстæндзарæг чи у, хæстмæ сидæг, уый йæхæдæг разæй цæуæд.

Бафтауæм ма йын йæ ныхæстæм: стæй революцимæ сидæг дæр йæхæдæг раздзогæй тырыса хæссæг уæд! Иннæты фыссæггæндтæ чи хоны былысчъилæй, æрæджыты иу ахæм схъæлботт, сæрбæрзонд–æнæгага тутт æфсирау, йæ егъау, æнахъинон егъау интервьюйы басаст, æз, дам, тæккæ абон дæр революцийæн табу кæнын.

Гъемæ йын æз дæр зæгъын:

– Дæ пърастинæ дæ куыдзы тугæй сырх сахор, бафтау æй даргъ хъæд-æндзалмыл, райс дæ гуымсгæнæн æмæ – размæ! Дæ фæдыл «в бой кровавый, святой и правый», «в последний решительный» фаг рæвдз куынæ цæуой дзыллæтæ, «которым нечего терять, кроме собственных цепей», уæд та-иу дæ пърастинæ-тырыса йæ хъилы алыварс атух, æрхæц ыл фидар «натруженными руками рабочего – строителя коммунизма» æмæ та зондхъуаг сæртæн – ахъаззаджы хафт! Мæнæ дын дзæгъæл гæрахæй мæхи æрхъуыдыгонд эпиграммæ дæр ма:

*Игорь Кваша дзæгъæл куы уаса,*
*Уæд ын Валя Гафт йæ сæрæн – хафт!*

Хъазын æдзух хынджылæг скъæрын нæу, хынджылæг та – æнæхин хъазын, æмæ та мæ ацы туттæфсир «революционеры» азарæй Нобелы лауреат Бунины «Окаянные дни»-мæ раздæхын бахъуыд –Чеховы ныхæстæ кæм æрымысыд Леонид Андреевы тыххæй, уырдæм уал: «*Прочитаю две страницы, – надо два часа гулять на свежем воздухе».*

Мæныл дзы уæдæ цы 'мбыд каутæ рафæлдæхы, нæ сойвых революционер-фыссæджы уацмыстæн мыхуырмæ фæндаг дæтгæйæ! Цалдæр хатты æрхатыдтæн Æхсармæ, ирон литературæ йæ хъиутæ хæрынмæ 'рцыд, журнал «сыдæй мæлы», о, æмæ йын нырма ахæм луарæнтæ-цъæмæлтæй йе стонг сайæм, фæлæ уæддæр мæнæ амæн йæ бынтон донджахи уацмыстæн цы фæсныхас ныффыстон, алцыппæт æмбаргæ

журналкæсæгæй хатыртæкургæйæ, уый мын боны рухсмæ ауадз. Æмæ, дам, уыцы луарæнты хицауы нæ, фæлæ нæхи бафтаудзыстæм цæсты, ахæм литературон фыдвæды бæсты фæлтау быныон æвæд цæуынæ стут, зæгъгæ. Кæд та ирон бон дæр цæуы æмæ ирон дзырдæн дæр фарн хæссид. Стæй, дам, уыцы сгуыхт графоманы дæр стыр зæрдиагæй кæсджытæ дæр куы ис...

Ис, ис! Хабæрттæуарзджытæ.

Æз дæр æмæ Шамил дæр иуахæмы ацы прозаикыл дæрæхсæнгæнæг критикон уацтæ ныффыстам æмæ, дам, как слону дробина: уый дæр та абон-райсом куы суа адæмон фыссæг дæр æмæ Къостайы номыл премийы лауреат дæр, уæд та уым дæр уадиссагæй ницы уыдзæн...

Æмæ, дам, нæм литературон критикæ нæй. Ницы æндавы, нымады нæу æмæ – нæй.

Ирон аив дзырд – хъандзалбазыр тъыфыл цæргæс – кæрчытимæ хизын райдыдта

О, Бунин... Хæсты дæр, революциты дæр тугæй фылдæр алы чъизитæ, адæймаджы ном дæлдзинæггæнæнтæ раивылы. *«Все будет забыто,* – фыссы Иван Алексеевич уыцы «окаянный» бонты тыххæй, – *и даже прославлено! И прежде всего литература поможет, которая что угодно исказит, как это сделало, например, с французской революцией то вреднейшее на земле племя, что называется поэтами, в котором на одного истинного святого всегда приходится десять тысяч пустосвятов, выродков и шарлатанов».*

Уый дын – гъе...

...Стыр фыссæг, дæрдтыл хъуыстгонд, номдзыд у Джойс Джеймс, фæлæ йын йæ нæргæ роман «Улисс» кæронмæ бакæсын та стæмты бон бавæййы, афтæ зын кæсæн у йе 'нахуыр фыстыхъæдмæ гæсгæ – журнал «Иностранная литература»-йы йæ цалдæр хатты райдыдтон кæсын æз дæр, æрмæст та-иу мæ фæлварæнтæй ницы рауад. Куыд фыста, уыцы мадзалыл ахæм бæрæггæнæн ном сбадт: «поток сознания». Бантыст мын бакæсын йæ радзырдты æмбырдгонд «Дублинцы» иу -дæс æмæ ссæдз азы размæ, йæ дæсны, арæхстджын къух æмæ мæ йæ цырддзаст дисы бафтыдтой, æндæр дзы мæ зæрдыл ницы бадардтон.

Гъемæ, Джойс дæр та, йæ мастфыцгæйæ, иуахæмы йæ райгуырæн бæстæйæн ахæм тæрхон рахаста: «Ирландия – свинья, пожирающая собственных поросят»...



Тæрхъусæй тæппуддæр цæрæгойтæ ис (зæгъæм, хæфс), фæлæ та, ау, ирон лæгæй, МАХÆЙ, хихордæр исчи разына?!

Цард циу, уымæй – фæсмойнæгтæ: фадат дын уыди, дæ фæрæзтæ амыдтой, дæ хъару, дæ тых ма –дæхимæ, фæлæ дæ-иу хорзæй, удыбæстæйагæй цы бакæнын æрфæндыд, дæ хорз зæрдæйыл уæвгæйæ, уый нæ бафтыд дæ къухы – мæнæ райсом, мæнæ боныхъæд куы фæнывылдæр уа, йе уалдзæг æрцæуа, йе 'нæбындз сæрд ныллæууа, æндæр номæй та – саузым... Æмæ уæд, – æз мæ фыдæн аккаг фыртæн нæ райгуырдтæн! – фæцæуудзынæн Красноярскмæ, уырдыгæй та хъæу Овсянкæмæ Виктор Астафьевмæ...

Исты амалæй йæ фендзынæн, базонгæ уыдзынæн йемæ, байхъусдзынæн ын йæ ныхæстæм...

Хæстон лæг æмæ æдæрсгæ стыр фыссæг бауæндыд, йæ ныфс бахаста цыдæр ахæмтæ зæгъынмæ патриотты пъæлхъ-пæлхъæй фыцгæ зондæн хъыг ныхæстæ:

– Мы утопили немца реками крови и завалили горами трупов.

– Жуков браконьер русского народа, абсолютно, не жалел солдат: русские бабы снова нарожают, - зæгъгæ, дзураг, дам, уыд.

– Там, куда, дам, дошел, проник язык коммунистов, никогда ничего хорошего не жди... (Æмæ дзы коммунисттæ сæ маст райстой: крайы парламенты æмбырды йæ ныхмæ схъæлæс кодтой Виктор Петровичæн, цæфтæ-сахъæттæ хæсты инвалид-ветеранæн, сæрмагонд пенси куыд нæ истаид, афтæ.)

Фæстагмæ та, дам, афтæ раулæфыд:

– Ацы дунемæ цингæнгæйæ, цардбæллонæй рацыдтæн æмæ дзы ныр зæрдæсаст, удрæсыдæй цæуын.

Кæддæр Ирыстон йæ базыртæ куыд сцагъта, уый ма бирæтæй нæ ферох уыдаид: Сирийæ нæм Дзасохты Алыксандры раивтой партийы обкомы фыццаг секретарæй – ома, Сæргълæууæгæй, абоны æвзагæй амонгæйæ.

Фысджытимæ дæр ын фембæлд уыдис. О, æмæ дзы диссагдæрты-диссагдæр та уый уыд, æмæ уæд Алыксандры Хæблиаты Сафар комкоммæ куыд бафарста, уый:

– Александр Сергеевич, мæнæ кæстæрты тынг зæрдиагæй фæнды иу хъуыддаг бæлвырдæй базонын: куыд у, ды дæр та гæртæмттæ исдзынæ, æви?..

Цъыгъгъуытгæнаг, бырынцъаг дипломат раздæр фæкуыддæрау, стæй цыдæр къæбæрсайæн ныхæстæ загъта – нæй, нæ сæ бадардтон мæ зæрдыл.

Мысгæ та йæ ацы хатт сæйраджыдæр уый охыл æркодтон, æмæ дын културæ æмæ аивады уæды министр Дзантиаты Анатоли газеты фехъусын кодта, Дзасохы-фырт, дам, Ирыстонмæ уазæгуаты кæд æмæ схоны... Солженицыны!

Мæнæ дуне йæ фæтевзæ æддæрдæм рафæлдæхта æцæджы хъуыддагæн! Хæрзæрæджыты дæр ма Конституцион тæрхондоны Советон Цæдисы Коммунистон Партийы сæрыл тугхæсты бацæуæг, советон дуджы æппæтæй уæлдæр сирвæзæг-схизæг ирон лæг – Политбюройы секретарь! – Ирыстоны президент куы ссис, уæд йæ партийы цыфыддæр знаджы, советон хицаудзинады æнæбасæттондæр фыдгулы, уартæ «литературон власовец» кæй хуыдтой, стæй, фæсарæнтæй фæстæмæ куы 'рбаздæхт йæ райгуырæн бæстæмæ (уæвгæ та не 'мхохаг у – райгуырд Кисловодскы), уæд та цы номыр раппæрста: Ельцины къухтæй нæ бакуымдта райсын Уæрæсейы Федерацийы уæлдæр хæрзиуæг – орден Андрея Первозванного! Æмæ, дам, схонинаг у уыцы стыр фыссæджы, Нобелы премийы лауреат Александр Исаевич Солженицыны, ...

Уасæг ныууасыд, ныр, дам, æппындæр мауал сбон уæд! Ничи йæ схуыдта, мæнæн дæр, бонæй-бонмæ æргъæвгæйæ, нæ бантыст зæронд фыссæгмæ фæцæуын  æмæ йæ бæсты уæд та суг асæттын, дуканимæ йын ауайын – нæхи фысджытæн сæ цæлхбæдтыты æнæзивæгæй цас фæкæстæриуæг кодтон, уый сын хæлар уæд...

Уæуу, дæ хицау – хъæуы хицау! Уый дзы-иу уыцы азты чиныгдзуан уыдис, уый – уацау «Один день Ивана Денисовича» куы фæзынд 1962 азы, уæд. Стæй та «Не хлебом единым» – Дудинцевы фыст, стæй Александр Бекы «Новое назначение», уый фæстæ та  – Анатоли Рыбаковы «Дети Арбата»... Æвзонгæй йын цы бирæ бауарзтон йæ уацау «Кортик», цы!..

О, стæй уæд егъау «Архипелаг ГУЛаг» – Ирыстоны «рекорд» дæр æм бахауд: Мæскуы нæ сæркъуыртæн бахæс кодта, «фыццаг категорийæ», ома, маринæгтæ-фехсинæгтæ «адæмы знæгтæй», дам, минырдæг рауидзут! Æмæ, дам, хорз, хорз, фæлæ, дам, нын бар раттут æмбис сæ фæфылдæр кæнынæн. Сталин, дам ын цы зыдта,  кæмæ цал карчысæгъы-фысы-стуры-хайуаны ис, адæмæй чи цы зондыл хæст у, уымæн? Ницы, æндæр дын уый, адæмы уарзон фæлмæнзæрдæ лæг, искæй



æфхæрын уагъта, уæлахизтæй «головокруженитæ» кæнын! Нæ зыдта, Молотовæн æмæ Калининæн дæр устытæ кæй ис æмæ сын ахст кæй сты, Кагановичы æфсымæр авиацийы министр уæвгæйæ, цы бацис, уый.

Æмæ ма хæсты фæстæ дæр нæ зыдта, Вознесенскийтæ æмæ Кузнецовтæ чи сты, «ленинградское дело» æмæ «дело врачей», иннæ ахæм «мингрельское дело»-тæ йедтæн дæр ницы 'мбæрста – ницы 'рцыд йæ бирæтæ зонæг хъустыл ахæмæй... Стæй космополитизмæй тугуарæн азымы дарын дæр уый æвастæй расидтысты…

Йæ зонддзын, налат сæр мын кæд голладжы тыхт нæ уыд!..

Сыбырмæ та æндæр кæмæдæр фæцыдтæн – барвæндонæй. Суанг Иркутскмæ. Байкалмæ. Валентин Распутинмæ.

Фæлæ...

Иучысыл сæрæй дзургæ у хабар.

Нæ номдзыд  Проспект,йæ фыдæлтыккон бæлæсты дыууæ рæнхъы астæу рейкæтæй конд стыр бандæттæ – къуырфау се 'рбадæнтæ, æмдымбылау сæ фæсонтæ – бæстон бадтæй сбад, дæхи дæ зæрдæйыдзæбæхæн, дæ фæллад уды хæрзæбонæн фæстæмæ ауадз æмæ хъус, Балаты Тембол, кæйдæрты худгæбылæй прохвосттæ хонгæйæ, цытæ дзуры æмæ цы рагон хабæрттæ мысы, уыдонмæ.

Цæрукъаты Алыксандр-иу бадтаид, кæнæ та лæугæ-лæууыны ныхасы бацыдаид искæимæты, йæ разы бæрзондæй сæм æргуыбыргæнгæйæ (уый 1961 азы уыдаид раст, мæнæ «Мах дуджы» фыццаг хатт мæ ном куы фæзынд, уæд Дæбейы роман «Адæм адæм сты»-мæ цыдæр фаутæ хастон, Хъайтыхъты Габо та дзы æнауæрдонæй фелпæлыд – гъемæ мын Алыксандр ам йæ дынджыр уæззау къух мæ мæллæг уæхскыл æрæвæрдта æмæ мæ «маладец» загъта; Габо та, дам, рецензитæ «цъæхы» номыл ацъапп ласы... Бирæ фæстæдæр ма мын мæ кæцыдæр фыстытæй дæр разы уыд Алыксандр, æппæлыд сæ, фæлæ мын йæ ныхæстæ йе 'фсымæр Валодя фæзмыдта, æмæ сæ куыд, цы цæсгомæй æрхæссон: сæ иу дæр уæлæуыл уартæ кæдæй нырмæ нал ис – æмæ мын уæд чи фæлæууа 'вдисæн...)

Бадтис-иу ам къæбæрдæттон Дзаттиаты Тотырбег дæр. Иуахæмы нæ къорд лæппуйæ, ресторан «Интурист»-мæ амонгæйæ куы хуыдта, Хуыцауы ном дзы ссарæм, зæгъгæ, уæд ын не 'мбæлттæй иу –Дзасохты  Музафер–чысыл фалдæр иунæгæй бадæг Хъуылаты Черменмæ ацамыдта, уый та, дам, нæ хоныс...

Чермен, къæдзæх лæг, тынг зæрдæхæлар, хорз фельетонтæ фыста.

Цыдæр бар дардта аив литературæмæ дæр.

Тотырбег бахудт:

– Уæдæмæ афтæ бакæнæм: кæнæ сымах иууылдæр цомут, Чермен та, куыд бады, афтæ бадгæйæ баззайæд; кæнæ та Чермен иунæгæй рацæуæд мемæ, сымах та адæммæ кæсут æмæ сæ фыдгой, науæд хорзы кой кæнут...

Арæх-иу федтаис ам стыр хæлæрттæ Нафи æмæ Гришы фæрсæй-фæрстæм бадгæ, зæрдиаг ныхæстæ кæнгæйæ.

А Плион Гриш чи у, уый зæрырдæм алы æрымысæггаг мысинæгтыл фæбæндæн – къорд ын сты, кæмдæрты мыхуыргонд дæр сты, фæлæ дзы мæхи хъустæй цы фехъуыстон, уыдоны тыххæй... Ардасенты Хадзыбатыры ус Лидæйæн, Куыдзæджы хойæн дын дзуры:

– Уæд Мæскуыйы бынмæ хæст цыдис. Зымæг – йæ тæккæ хъызтæй. Æз траншейы лæууын. Уалынмæ дын мæм комкоммæ цавæрдæр афицер урс-урсид æфсæддон кителы 'рбацæуы. Æрбахæццæ. Æмæ: Иосиф Виссарионович! О, о, Сталин йæхæдæг. Ме уæхск мын æрхоста рæвдаугæйæ æмæ афтæ:

– Держись, лейтенант, держись, враг будет разбит! Победа будет за нами! – æмæ дарддæр ацыд. Бирæ нæ афæстиат, мæнæ та мæ уæлхъус алæууыд:

– Ничего, лейтенант, ничего. И на нашей улице будет праздник! – æмæ та фæцæуы. Урс-урсид æфсæддон дарæсы – генералиссимусы формæйы бынтондæр.

– Афтæ хæстæгмæ йæ федтай Сталины? – кæнгæ дисы бацыд Лидæ дæр.

Уый дæр цыма нæ бауырныдтой Гришы таурæгътæ. Æмæ ма уыдон зæронд хæстоны æнæхин сæнттæ фæуæнт, фæлæ уыцы адæмæй та цы загъдæуа, Молотовы ныхæстæ зонгæ-зоныны Сталинырдыгæй чи фæкæны, уыдонæй?..

Гришы иннæ æрымысæггаг истори та ахæм у – кæддæрты дын махæн  дзуры:

– Ныр Фадеевы фæдыл дæр зилын райдыдтой,Александр Александровичы, бынтондæр æй сцух нал уагътой сæ соглядатайтæ, фæдысмудджытæ. Цæргæ та кодта Горькийы уынджы, Тверская чи уыд раздæр, уым дыккаг уæладзыджы. Гъемæ бынæй телыхъæдыл стыр цырагъ судзы, филер чи у, уæд «топтун» кæй хуыдтой, уый тротуарыл куыд тыннывæндæн кæны, уый Александр Александрович йæ уаты



къулыл уыны: «топтуны» аууон ыл сдыууæрдæм! Йæхи дæр уымæн фехста Фадеев, ау, мæныл дæр та æууæнк нæй, зæгъгæ.

– Гриш, бахатыр кæн, фæлæ зæххæй дыккаг уæладзыгмæ лæджы аууон кæуылты схæццæ? – фæрсын æй.

– Физикæ дæр нæ зонут, физикæ, ныры фысджытæ! Бынтондæр неучтæ стут: закон преломления света ис, закон!..

Æгъуызарты Саукуыдз дын иу заман афтæ бакодта:

– Мах дæр, уартæ уыдонау куы базæронд уæм, уæд уым баддзыстæм æмæ алы ныхæстæ уафдзыстæм, зæрдæхъæрзгæйæ чызджыты рæсугъдтæм кæсдзыстæм...

Зæронд баистæм, фæлæ иу бон дæр уым иу уæдыккон æрыгон фыссæджы дæр бадгæ нæма федтон. Уыцы зæронд фысджытæй та нын-иу кæйдæрты фенд нæдæр цæсты рухс уыд, нæдæр зæрдæйы сой, фæлæ сæ ныр  мæрдтæм адджынæн æрымысæм, бæлвырд цæуылдæртыл фæсмонгæнгæйæ…

Æрмæст та уæддæр Хуыцауы æлгъыстау стæм: растæй раст куынæ зæгъай, зылынæй зылын, уæд чи дæ, чи æмæ цы дæ, цы де 'фсармы раз?

...Иу заман Проспекты æнæмæнгæй хъæугæ фидауцау рауад Тетцойты Таймуразæй: райсомæй куыстмæ 'мгъуыдæй раздæр куы фæцæйцæуай, уæддæр та кæс, æмæ – ам лæууы: редакцитæ, Стыр Ныхасы, афтеччыты правленийы, чингуыты рауагъдады иумæйаг бæстыхайы бацæуæны тæккæ ракомкоммæ. Йе 'нхъæлмæгаст та-иу уыд журнал «Ираф»-ы кусджыты 'рбацыдмæ – Васо, Эльбрус, Виталимæ...Зæгъдзынæн ма мæ арфæйаг ныхас Таймуразы тыххæй...

Ирон æвзаг сæрбæрзонд уыдзæн Айларты Измаилы хъуыдыйады арæзт-дæргъвæтинæй: фæзæгъыс, мæнæ ныртæккæ стъæлф сæвæрдзæн, улæфт дæр ын нал сфаг уыдзæн æмæ дзырдтæ дæр, фæлæ та йæм разыны фаг дзырдтæ дæр æмæ уæлдæф дæр. Æмæ 'хсызгон вæййы ирон дзырдты алдымбыд халын, сæ бон-сæ хъомыс æрдзон æгъдауæй афтæ атъанг кæныны фаг кæй разыны, уый.

...Уый дын бынтон зын кæсæн Джойс Джеймсы «Улисс», иннæ ахæм роман «Шум и ярость» æмæ йæ иннæ уацмыстæ йедæн... Уæуу, мæнæ мæ мæ кæрдзыны номау куыд æрбайрох сты фыссæгæн йæ ном-йæ мыггаг – ме 'взаджы бынты рауай-бауай кæнынц...

Фолкнер, Фолкнер!

Уильям!

Кæсын ын райдыдтон кæддæрты йæ «Авессалом, Авессалом»

дæр, фæлæ дзы кæд Маниловæй иуцасдæр фылдæр бакастаин (æви уый Ноздрев бакаст йæ царды бонты кæцыдæр чиныгæй æрмæстдæр 14 фарсы?)

Сæ хицаумæ сæ рардæуа, кæд сын-иу цастæ фыссын бантыст, уæд – Фолкнерæй дæр, Голсуорси, Диккенс, Бальзак, Маннтæн дыууæйæ дæр, Достоевский, стæй ма... Дæ размæ фесты, зæгъгæ, суанг фыны дæр, уæд мысты хуынкъ фыццагон туманæй агур, ды та, семæ абаргæйæ, цы маргъ-цы мæлхъ дæ, цы тæхæг-цы хилæг. Зивæджы æмæ алы 'фсæнтты амæттаг, курдиаты кой ма чи кæны...

О, йæ «наивный реализм»-æй уæлдай ма цы æрæфтыд йæ зæрдыл Фолкнерæн: æрымысыд хицæн бæстæ – Йокнапатофа, – æмæ дзы йæ фылдæр чингуыты персонажты æрцæрын кодта.

Ахæм мадзалмæ ма фæцарæхст Грант Матевосян дæр: уымæн та йæ ахæм цæрæн бынаты ном у – кæд ма мын сæр-зæрдæ ис, уæд – Цмакута.

Уæдæ нæхи Сафарæн та æрымысгæ хъæу-бæстæ-горæты цæрджытæ не сты йæ уацмысты дзæвгар архайджытæ, фæлæ Зилгæйы уынгтæй комкоммæ иуы – Къуымы Сыхы.

Сафары чингуытæ – бæлвырдæй цы зонын, уый зæгъын – æгæр æвгъау, æгæр тæригъæддаг хъуыддаг сты ирон литературæйы фæсдуар лæзæрынæн. Уавæр та уымæн афтæ у, æмæ скъолатæн ирон литературæйæ хрестоматитæ æмæ ахуыргæнæн чингуытæ чи аразы, уыдоны зондахаст, сæ литературон зонындзинæдтæ абон дæр ма цымæ советон скъолайы æвдæм къласæй бирæ уæлдæр æмæ уæрæхдæр нæма сты, уыйау уайы. (О: Изетæйæ фæстæмæ та: уый ма суанг мæнæ мæн тыххæй дæр цыдæр хæрзтæ зæгъынмæ-ныффыссынмæ бавдæлд. Æцæг нæхимæ нæ, фæлæ Хъæрæсе-Черкесы Университеты æмбырдгонд æмæ Интернеты...)

…Куыд мæ загъта, цытæ мæ загъта уыцы дзæбæх ус, цытæ – йæ чызг, чингуыты рауагъдад «Ир»-ы кусæг Мысыкаты Зарæ мын фæзмыдта йæ тæрхон:

– Æркæстытæ дын кодта дæ чиныгмæ ранæй-рæтты, цыдæртæ дзы бакаст, стæй срæцыгъта: «Ныр, цымæ, ацы лæг цæуыл йæхи тухæнæй амардта, æнæ фысгæ йæ чи нæ уадзы?..»

Ахæм тæрхонгæнæг мын фыццаг уый нæу, стæй, æнхъæл куыд дæн, афтæ фæстаг дæр. Иу бæлвырд кæмæндæр сæ уыдонæй æз дæр фидисгæнæгау загътон:

– Скъолайы ахуыр кæнын фæхъæуы, ахуыр, бæрæзеты 'хсæн æмæ



къахбавæрыны тамако дымыны бæсты. Стæй мæнæ æз дæр симфонион музыкæйæн мисхал дæр ницы 'мбарын, æмæ уæд азимаг чи у – музыкæ æви æз?

Хи стауын – хи фауын, фæлæ уыцы дуг ралæууыд, æмæ чиныгкæсджытæн фысджытыл цин кæнын нæ, уыдоны рæвдауын, хонын алы фембæлдтæм нæ, фæлæ хъуамæ фысджытæ хъулон кад кæной нырыккон диссаджы фæзындæн – иронау ма кæсын чи зоны, æцæг кæсын, дзырдæн йæ ад банкъарын кæй бон у, уыцы чиныгкæсджытæн!

...Æвæццæгæн, афон у, Иркутскы куыд стæлфыдтæн, уыцы хабархыбур ракæнынæн дæр. Æрмæст та иу фиппаинаг йæхицæн сæрмагонд бынат агуры, дзырды бар домы. Фыссыны хъуыддаг дæр, æвæццæгæн, цæмæйдæрты цæугæдоны раивылды хуызæн у – йæ хъæлæсы дæ ахæссы, æмæ дæ сæргом кæнын цы цаутæ нæ фæфæнды, уыдон дæр æгæр хорз дæр ма хабæртты хуртуанмæ ракалыс. Стæй, уартæ Гарсия Маркес куыд загъта, афтæмæй литературон уацмыс у ахъаззаджы мастисæн мадзал: кæй нæ уарзыс, ахæм адæймаджы сурæт дзы æппæрццæгæй сныв кæн, йæ ном-мыггаг ын аивгæйæ, æцæг йæхæдæг дæр йæхи æнцонæй куыд базона, æмæ, кæд уыцы уацмыс кæсджытæ фæуа, уæд æй уыдон дæр, æнæ къухæй йæм амонгæйæ, куыд базоной. Иннæрдыгæй та...

Иннæрдыгæй та афтæ: чи дæ, цы дæ, цавæр дæ, цы мæрддаг дæ – цы туг æмæ стæг дæ дæхæдæг, уый, фæнда дæ, ма дæ фæнда, уæддæр дæ фыстытыхъæд æмæ уагæй, сæ мидарæзт-ахастæй, цæуылтыл æмæ куыдтæ фыссыс, чердæм хæцы дæ хъуыды, цавæр зондахасты фарсхæцæг-фарсласæг дæ – æппæт уыдæттæ æмæ ма ноджы уымæй уæлæмæ дæ мидхъулæттæ дæр рабæрæг вæййынц.

Цы тæхудиаг дæ, лæджы тых, лæджы хъару, йæ ныфс æмæ ма... Æмæ ма йе 'ррадзæф туг сæ афоны бынат куы фæахсынц, уæд!

Цæвиттон, Сау денджызæй нæхимæ, Ирыстонмæ, здæхтæн. Поезды. Æмбисæхсæв уыдаид, тынг æнафон, иу дзырдæй. Фæлæ мæм уæддæр хуыссæг æмгæрон нæма цыд – боны цаутæ фæлхатыдтон мæ мидзæрдæйы...

Армавир. Стыр станцæ у, æмæ дзы поездтæ афæстиат вæййынц...

О, гъемæ ам кæддæриддæр ног бæлццæттæ æрбахизы вагонмæ. Æмæ фæзынд уый дæр – раст мæхицæй бæрзонддæргомау, уарзæгой къухтæй саг-сæгуыты фисынтыл амад æмæ конд, мæнæ фактурон кæмæй фæзæгъынц, ахæм цæсгомæвæрд ын – стыр сау цæстытæ,

стыргомау бæзджын былтæ, аккаг фындз, уæззаубын роцъо, уæрæх æвæрд дзаг рустæ, уæхсчытæм уæгъдæппæрст дзыккутæ...

Фестъæлфыдтæн, фесхъиуæгау кодтон мæ мидбынаты, уæдæ нæ – цы мыл цыдис, кæд дæ нæ фæнды: уæлæмæ дæр æмæ дæлæмæ дæр æхсæз æмæ дыууиссæдз азы. Уый мын уæртæ кæддæр цыдæр æгъдауæй мæ авд æмæ ссæдз азы фенад сты, уæдæй фæстæмæйы кары бонтæ та – тæхынц æмæ тæхæнт, таутæ бæласы халасдзæф сыфтæрау æмгуыппæй згъæлынц æмæ згъæлгæуæнт!..

Гъемæ, чызгæн æрмæст йæ уындæй лыстæнтæй артæндзæрст фæцис ме 'ххормаг туг, æмæ батабутæ кодтон мæхимидæг, уæ Хуыцау, зæгъын, мæхи ирон хорз Хуыцау, ацы æнафоны зæдæн йе 'ргом мæнырдæм цы фæуа, æмæ мæ фарсмæ цы 'руадза йæхи!

Хуыцау дæр хатгай мæнау куыдзы ныхас дæр фехъусы – æвæццæгæн, куыдз цы хуызæн уа, цас хорз куыдзгонд, уымæй аразгæ вæййы хъуыддаг!

– У вас место свободно?

– Да, да, пожалуйста!.. – Æмæ йын йæ сæрак сырх саухъулон спортивон хызын райстон æмæ йæ бадæны бынмæ арæхстгай-хъавгæ бассыдтон.

Адæм æмбæлццон уавæры æнцонæй фæзонгæ вæййынц. Базонгæ стæм мах дæр. Дзæуджыхъæуы йын хæстæджытæ ис мадырдыгæй, æмæ уыдон бабæрæг кæнынмæ цæуы. Йæ куыст та кæд æмæ ис – цæргæ дæр уым кæны, – до-о-о-лæ Иркутскы! Кусгæ та кæны уымы егъау политехинституты.

Бонтæй мæйтæ рауад, æмæ мæнæйуый куы ныцъцъæх, ныффæрск, ны... Цы ма зæгъон «ны»-имæ? Ныццæхгæрмæ: æз Иркутскмæ тæхын! Æз хъуамæ Байкал фенон! Уæдæ ма кæд ферра уыдзынæн æмæ кæд афтдзынæн уырдæм – кæд ма мæ дзы цы ферох уыдзæн?

Æрмæст æй Æхсарæн загътон мæ фæнд, сгаргæ кастæй мæм æрбакаст:

– Чызджы фæдыл усгур цæуыс?

– Мæ фыдымад дæр ма дзы чызг: мойгонд уыд, чысыл чызг ын ис...

– Кæд дæ искæй фæлтæрд зонд зондæн хъæуы, бæззы дын, уæд дын уый мæ зонд: мауал ракур ус, нырмæйы мæстытæ дын фаг фæуæнт.

– Цæй усгур цæуын! Сыбыр фенон, Байкал фенон, кæд ма мæ равдæлдзæн мæн арвы кæронмæ фæцæуынмæ? Стæй «Мах дуг» хæрзæрæджы нæ ныммыхуыр кодта Распутины радзырд «Уроки фран-



цузского» Бицъоты Гришы тæлмацæй – аласон уый дæр: æхсызгон ын уыдзæн Валентин Григорьевичæн...

Æмæ уыд январь, 1987 аз. Саузым, æнæбындз сæрд. Нæ! Иугай цъæх-цъæхид галбындзытæ фесхъиу-фесхъиугæнгæ тахтысты – Иркутскы афтæ 'ппæлыдтæн нæхи бонахастæй, уыдоны уазæлттимæ абаргæйæ, æмæ йæ уымæн бадардтон мæ зæрдыл...

Мин-Водæй ТУ-154 фæтахт Челябинскмæ, йæ фæллад дзы суагъта, фæтæген-бензинæй ма ныттыппыр æмæ дарддæр алæвæрдта. Стыр горæтты цырæгътæ мæм-иу зындысты, æндæр – арв писийау сау.

Фæсæмбисæхсæв ныххæццæ стæм. Фенхъæлмæ мæм каст Елизаветæ – нырмæ йын йæ ном, æнхъæлдæн æмæ, нæма бацамыдтон. Сæ институты æмдзæрæны мын ректоры æххуысæй хицæн уат самал кодта. Уым мæ фæуагъта æмæ йæ чызгмæ батагъд кодта: куы райхъал уа, уæд, дам, фæтæрсдзæн (стæй мæ – ныр уымæн ахъаззаг мацы зæгъ! – иннæ æртæ боны дæр йæхи дæрдты ласта, мæ уаты æмгæрæтты дæр никуыуал ауад – злые, дам, языки цы сты, уый, дам, дын æнæзонгæ кæм уыдзæн.

Замманай уæздан лæг разынд сæ ректор: цæмæй мæн Байкалмæ автобусæй фæхæццæ кæна – иуырдæм 70 км, – уый тыххæй Елизаветæйы лекцитæ 'ндæр кæмæндæр бабар кодта. Уый дыккаг бон мæ фæндыд «Мах дуг» сæ Фысджыты Цæдисмæ Распутинæн бахæссын.

– Йæхи-иу ын ма бацагур: нæ дыл бацин кæндзæн – раст, дам, йе сæфт уыны алы нацменьтæй, уæлдайдæр дзуттæй, – фæдзæхсы мæ Елизаветæ.

– Уанцон нæу! Ахæм хъуыстгонд фыссæг, ау...

– Æз дын цытæ дзурын, уыцы хуызы дæр у хъуыстгонд...

– Хорз... – Сразы дæн йемæ, фæлæ фидарæй та афтæ сфæнд кодтон, удæгас классик уым, Цæдисы разынæд, æндæр кæд уæд та Кавказæй сæрмагондæй æрцæуæг уазæджы æфсæрмæй уæздан фысымæй равдисид йæхи...

Нæй, дам, уæвгæ дæр горæты – Байкалы былгæрон ын цы хæдзар ис, уым вæййы арæхдæр... Журнал та, дам ыл сæмбæлын кæндзыстæм, æхсызгон ын уыдзæн æнæмæнг.

Кæмдæр мын фенцондæр, Елизаветæйы ныхæстæ мæм раст нал кастысты, кæд сыл сæ цæфыл бынтон нæ бауæндыдтæн, уæддæр...

Изæрæй хуынды уыдыстæм сæ факультеты доцентмæ – Надежда Иннокентьевна цыма хуынд. Фыццаг хатт – стæй фæстаг хатт дæр –

уæд базыдтон дæвдæг салд дзидзайы ад, строганинæйы. Ницы ахæм бæллиццаг мæм фæкаст, фæлæ мын дзы æнæнхъæлæджы цин цы 'рхаста ацы фатеры, уый уыд Къостаимæ фембæлд: йæ академион рауагъды фондз томы лæууыдысты этажеркæйыл.

Æнæфенд лæджы æнкъарæн уа кæмæндæрты, фæлæ мæ зæрдæ ауæрыкк, ныббуц, ныццирк: мæнæ кæм æмæ кæм сты ирон лæджы литературон фæллæйттæ дæр. Иронау, дам, куыд зæлынц йе 'мдзæвгæтæ, уый нын куы фехъусын кæнис... Æмæ сын зæрдылдардæй радзырдтон «Ныстуан».

...Уазал бон. Фæндаг ныддаргъ. Хæхбæстæ. Хихджын хъæдæхгæд. Бæрæг у, мит дзы астæумæ кæй ныууарыд, уый. О, хус уазал у амы уазал: барæй-иу ату кодтон, æмæ-иу зæххыл ихы чысыл къоригонды къæрцц фæцыд. Фæлæ дзы уæддæр, нæхимæйы уымæл уазал лæджы иннæрдæм куыд фæхизы, уыцы хус уазалы афтæ ихæн нæ уыд.

Æрмæст Байкалы тæккæ былгæрон хъæу Листвянкæйы цы тыхджын дымгæ къуыззитт кодта, куыд налат уыд йæ хъызт дæр, уый – аба-бау: Сыбыр йæ уаг æвдыста.

Елизаветæ уæладзыгджын хæдзары фæсте дымгæйæ бамбæхст. Фæлæ ныр æз Байкалы уæлхъусæй, Байкалæн йæхи æнæфенгæйæ, куыд аздæхон? Уынгæ та йæ куыд фæкæнон, куы ницы мæм зыны сылæг мигъы бæзджынæй, уæд?! Хæрз хæстæг бацыдтæн денджызмæ – былгæрæттæ иу-дæс метры фæтæнæн–их æмбæрзт, сæ фале та æрбапæллахъхъ – æрбауылæнтæ кæны сау-сауид дон.

Æрхуыссыдтæн ихы сæрыл æмæ – по-пластунски – фæбырын донмæ. Ныр мæ дымгæ куы сцæва-смыхъхъ ласа, æмæ цъенгæ ихыл уыциу цъыввыттæй Байкалы судзгæ уазал арфы куы смидæг уон, уæд... уæд...

Цы хорз дуне дæ, цы, лæгæн йе 'дæрсгæйы дуг! Куыд адард дæ æмæ рæстæджы цъыдагъсау фæлмы амæттаг куыд бадæ!..

Баивæзтон мæ къух Байкалмæ, армыдзаг дон дзы систон æмæ йæ схуыпп ластон. Стæй та ногæй...

Ныр амæй фæстæмæ сомыгонд дæн: æз Байкал федтон, йæ донæй йын фæхъæстæ дæн!

...Фысджытæ æмæ сæ Цæдис...

Ныр цалæмдæр хатт «Литературная газета» иу номырæй иннæмæ критикон уацтæ æмæ эссетæ мыхуыр кæны, цæмæй фыссæджы кад фыццагау сбæрзонд уа, сæ Цæдис цæмæй йæ дуæрттæ афтæ уæрæх тыгъдæй мауал дара, науæд графомантæй куы байдзаг – фæстаг азты, дам, иу кандидатæн дæр йæ развæндагыл цæлхдур нæй, ды фыссæджы табуйаг номы аккаг нæ дæ, зæгъгæ. Взностæ фидæд æмæ – æгас цæуæд...



Ныр æй æрымысон Фысджыты Цæдисмæйы мæ фæндаг.

Пединституты дыккаг курсы уыдаин, æви нырма фыццæгæмы – уартæ 'ндæр цард, æндæр дуг-заманы, 1957–58 азтæ. Проспекты уынджы хæхтырдæм куы цæуай, уæд дæ рахиз фарсмæ кæс – мæнæ айдæнтæ-авгæй конд агъуыст, нырыккон æнæуд халагъуд, йæ хæдуæле та - йе 'мкъул фыццагон агъуыст – уд дæр ын ис æмæ дзы уынд дæр ис, – Национ музейы бæстыхæйттæй иу.

Æмдзæрæнæй æрæфтыдаин, æндæр уæдæ кæцæй ардæм, ацы аив хæдзары бакомкоммæ æвæрд бандонмæ. Æрттиваг дзæбæх бон кæй уыдис, уый ма мæ зæрдыл лæууы, фæлæ уалдзæг уыд, сæрд, уый та – рæстæджы фæлмы ныгъуылд. Бадын æмæ, хæдзармæ кæсгæйæ, – уæд дзы Цæгат Ирыстоны Фысджыты Цæдисы правлени уыд, – мæ бæллиц уафын: «Æрцæудзæн, чи зоны, искæд уыцы райдзаст бон дæр, æмæ мæнæн уырдæм фæндонæй бацæуыны фадат кæд уыдзæн! Æмæ-иу уæд цæстыдзагæй фендзынæн Дæбейы, Асæхы, Михалы, Георы, Максимы, Гришы, Алыксандры, Барисы, Дауыты, Хадзыбатыры, Сергейы, Тотырбеджы... Зæххон хуыцæуттæ кæд не сты, уæддæр мæнæн мæ уæдыккон цæсты – пехуымпартæ.

...Сафар газеты фæрстыл фехъусын кодта «городу и миру»: Фысджыты Цæдисмæ, дам нын æвæстиатæй райсинаг сты Косты Лизæ æмæ мæнæйуый. Лизæйæн Цæдисмæ бацæуын йæ фæсонæрхæджы дæр никуы уыд æмæ абон дæр нæй, æз та Сафармæ лæбурæгау бакодтон:

– Хæрз æрæджы дæр ма уе 'мбырды – мæнæ Юри кæм уыд, партийы обкомы бæрнон кусæг, Къониаты Ибрагимы фырт, уым æз хъæрæй нæ загътон, æз уæ дзырдхæсджыты цæдисмæ, кæрæдзийыл тугтæ кæм мысыдысты, афтæмæй фысджыты æвзаргæдæрты-хуыздæрты чи бын кодта, мæлæты хъæлæсмæ сæ чи тардта, уыдоны 'хсæнмæ нæ бацæуудзынæн, зæгъгæ?

– Омæ дзы æз дæр дæн, Æхсар дзы ис, Васо, Бицъоты Гриш, Камал, Шамил, Алыксандр, æппынфæстаг!

– Нæ цæуын! Уæддæр мæ, кæйдæрты уæ разагъдонтæй критикæ фæкодтон, æмæ мæ, сæ маст мæ исгæйæ, ныххæххытæ кæндзысты – гъемæ сын æз ахæм цины сахат нæ сараздзынæн.

Рауад нымад бонтæ. Куыстмæ мæм Гриш æрбацыд æмæ мæ мæ галстукæй хурх кæны:

– Цæй-ма, мауал зæвæтдзæгъдæн кæн: ныффысс курдиат! Мах дын æртæйæ тæккæ абон дæр цæттæ стæм рекомендацитæ раттынмæ.

– Йед...

– Ныууадз-ма алы 'фсæнттæ! Зонæм æй, нæ дыл схъæлæс кæндзысты, цал хъæуы, уалæй. Фæлæ сæ уæддæр æмæ уæддæр ракъахæм: ау, уыйбæрц ничитæ-ницытæ сты, æмæ дæ сæ маст ахæм хуызы исой?! Стæй æз дæр æмæ Сафар дæр дæуæй уæд та ма хистæр стæм – фæйнæ авд-аст азы, æмæ нæ коммæ кæс, уисæнгæнæг кæстæрау, кæд дæ арты æппарæм, былæй дæ схойæм, уæддæр!

Ныр Цæдисы иумæйаг æмбырдмæ æцæгдæр нымадæй цалдæр боны йеддæмæ нал баззад. Фæсастæн, нал бацыдтæн дыууæ кадджын хистæры хъыджы – кадджын, нымад æмæ цытджын та айдагъ мæ цæсты нæ уыдысты. Стæй, ирон аив дзырд ирон тугау зынаргъ кæмæн у, уыдоны цæсты дæр тъымы-тъымамæ хъуамæ ахæмтæй баззайой.

Райстам Гришимæ Фысджыты Цæдисы уæнгты номхыгъд æмæ тæрхæттæ кæнæм, нымайæм, чи уыдзæн мæ фарс æмæ мыл «сойджын дзуар» та чи сæвæрдзæн, уыдоны.

Цыбыр ныхасæй, цы гæххæттытæ хъуыд, уыдон афойнадыл цæттæ уыдысты. Мемæ ма Цæдисы уæнг суæвын зæрдиагæй фæндыд Тедеты Георгийы, индзылер, фыста уырыссагау, тæлмац кодта суанг Нарты кадджытæ дæр (æцæг иухатт æнахъинон тæлмац скодта ирон зарæджы ныхæстæ: «куырдадзы цæгъдæнтæ» кæд æмæ уырыссагау схуыдта «кузнечные мешалки». Уый та ма дзы цавæр «мешалкæтæ» сты? Цы нæ зоныс, уымæй-иу, иронау чи фыссы, уыдоны бафæрс, зæгъгæ йын загътон æмæ æдылыйы бынаты ма фегуырай – уыцы цæгъдæнтæ амонынц осколки, железные стружки... Æниу бæрæг чидæр та ирон æмбисонд «Зынг зæгъынæй ком нæ судзы» афтæ куы раивта: «От того, что произнесешь «огонь», ущелье не сгорит», ирон æвзаджы дæсны Измаил та «хæстбойнон сылгоймаг»-æй боевичка цыдæр зæгъы, ноджы ма, сывæрджын кæй амоны, тагъд рæстæджы чи ныййардзæн, ахæм, ууыл нæ сæтты, басæттын лæгдзинад нæу, зæгъгæ. Бынтон худæг та Алешы тæлмац рауад: «Маугли æфсæрмы кодта йæ трусикæй». Æркастæн уырыссаг тæлмацмæ Киплингæй: «Маугли стесняли его трусы!» Мæхæдæг та дзырд «налыгач» ирон æвзагмæ афтæ ратæлмац кодтон: «гутоны хæцæн-гуылус». Афтæмæй та у хуымгæнæг галы сыкъатыл



æфтыд гæрз, кæнæ бæндæн... Вæййы: и на старуху бывает проруха...)

Æмбырд райдыдта. Ныхасы бар мæ кандидатурæйы тыххæй зæгъынмæ ракуырдта Уырымты Петка. Рагæй зыдтам кæрæдзи, фæлæ йын уымæй размæ мæ фыстытæм йæ ахастæн мур дæр ницы зыдтон – иу дзырдæй, чингуытæ «Иу артæй уæрст» æмæ «Фаллаг, бæрзонд был»-æй æнæвгъау феппæлыд.

Стæй йæ фæстæ  мæ фарс рахæцыди Тетцойты Таймураз дæр. Мæ хъустыл не 'ууæндыдтæн, афтæ стауын райдыдта, цы фыссын – куыд фыссын, уымæй.

Ме 'мварс бадæг Уалыты Лаврент дын мæ куы æрæрвонг кæнид:

– Бабын дæ кодтой се 'ппæлдæй: уыдоны знæгтæ дæр ныр де знæгтæ сты. Стæй исчи искæмæй ахæм хорз ныхæстæ дзура, уымæн дын куыд хъуамæ  быхсой зынгдзагъд графомантæ!..

Цыфæнды дæр уæд, æз ацы дыууæ лæгæй  арфæгондæй баззадтæн...

Æмбырдмæ 'рбацæуын йæ бон кæмæн нæ бацис, уыдонæл дæр куы 'рзылдысты æвзарæн къамисы уæнгтæ æмæ хъæлæстæ нымайынмæ куы бавдæлдысты, уæд сбæрæг: Георги амбылдта, мæнæн æртæцыппар хъæлæсы цыдæр не сфаг. Диссагæй дзы ницы уыд, диссаг æндæр хъуыддаг рауад: Бицъоимæ куы нымадтам, уæд ноджы фылдæр хъæлæстæ хъуаг уыдтæн – цыма æхсæз-авд ... Гъемæ нын фехсызгон, чидæртæ, мах сæ цы фыдвæнд-фыдгæндтыл нымадтам, уымæй лæгдæртæ кæй разындысты, уый.

Æппæты разæй мæм «хæрзæггурæггаг» фæцис эпиграммæты æцæг гени Хъайтыхъты Геор, æз, дам дыл схъæлæс кодтон. Ныр æй афтæмæй иуулдæр зыдтой: никæд никæуыл схъæлæс кодта...

Плиты Гриш мын фидарæй загъта:

– Æз æмæ Куыдзæг ныхасгонд уыдыстæм, куыд никуы никæйуал ныххахх кæндзыстæм, ууыл.

Бауырныдта мæ. Ноджы ма уæдмæ Куыдзæджы сиахс сдæн…

Æппæт хабæрттæ нал кæндзынæн сæ цыфæнды ахсджиагæй дæр, фæлæ мын Сафар, Бицъо æмæ Васо зæрдæбынæй ног рекомендацитæ ныффыстой æмæ сæ мæ чингуытæ æмæ сæ тæлмацтимæ Мæскуымæ арвыстон – фысджыты иннæ стыр Цæдисмæ. Никæй дзы зыдтон, ничи мæ дзы зыдта…

Ирыстоны фысджытæ уыцы æмбырды сæ тæккæ æнхъæлмæгæсгæйæ куы уыдысты, чи нæ цал хъæлæсы райста Георгиимæ, зæгъгæ, уымæ, уæд дын вахтæгæс-дуаргæс зæронд ус Геормæ йæ мæнг агъу-

ыстгонды рудзынгæй æддæмæ телефоны хæтæл дары, мæнæ, дам дæ агуырдæуы.

– Куыд сты хабæрттæ, Геор? – Хъуысы мæнмæ дæр дзурæджы хъæлæс: – бар-æнæбары хæстæг лæуд фæдæн уырдæм.

– Сæ тæккæ нымайгæйæ сты, Асæх.

Уый дарддæр йæ ныхас фæуырыссаг кодта:

– Надо принять Георгия: он же не высовывается... не вылезает.

– Маевкæ, Асæх, маевкæ! Мæхæдæг Георгийыл æппæты фыццаг схъæлæс кодтон. Æнæниз кæн!...

Уый дын дзы бæрцбарæн курдиатæн, бæззы-нæ бæззы фыссæджы ном хæссынæн, уый бæрæггæнæн: «не вылезает»...

2000 азы августы мæм Мæскуыйæ тел сæрвыстой, арфæйы тел, уæрæсейаг Фысджыты Цæдисмæ мæ кæй райстой, уый фæдыл.

Фысджытæ ныр цалдæр азы Ирыстоны президенты стипенди истой – æрвылмæй 2 мин сомы. Пенсимæ сæ чи рацыд, уыдон. Гъемæ та, уæдмæ уыцы кармæ чи бахæццæ, уыдоны номхыгъдмæ Сафар мæн дæр бафтыдта, цы уæлдай, дам, у, кæцы Цæдисы дæ, уый: Ирыстоны цæрыс, иронау фысгæйæ, дæхи иннæтау тухæнæй марыс. Фæлæ...

Фæлæ иннæтæн саккаг чындæуыд Дзасохты Алыксандры къухæвæрдæй уый сæрмагонд стипенди, мæнæн та – мучъи. Циу, цы хабар у, Сафар? Æмæ, дам, дæ ахахх кодта иу бæрнон джиаур, ай мах Цæдисы фысджытæй нæу, зæгъгæ.

А-гъа...

Цалдæр азы фæстæ Дзасохы-фырты номыл Мæскуыйæ къорд зынгæ фыссæджы – мæ Цæдисы Правленийы уæнгтæ – курдиат сæрвыстой, цæмæй æз дæр æнæ хай куыд нæ уыдаин ахæм стипендийæ, уый тыххæй. Иу аз ма рауад, цалынмæ уыцы амонд мæнмæ дæр æрхауд, уæдмæ. Стæй цардæй тъæпп хауын райдыдтон…

В России, дам, все секрет, но ничего не тайна. Ирыстоны та: «Чи нæ раргом, ахæм сусæгдзинад нæй», науæд та афтæ: «Гæдыйау йæ фаджыс æмбæрзы»...

Цыдæр цауæрцыды сæмбæлдтæн Мыртазты Барисыл – уæдмæ адæмы 'хсæнмæ уый арæх нал цыд. Иуварс мын аивæй мæ цонгыл ахæцыд æмæ мын фæсусдзæф хъæлæсæй афтæ:

– Бахатыр мын кæн, ме 'мном, фæлæ мæ, æмгуыппæй Æхсар дæр чи у æмæ Чегем дæр, уый хурхгонд кодта, дæуæй ууыл Цæдисмæ бацæуынил ма схъæлæс кæн, зæгъгæ. Абон дæр æй нæ зонын, цы хæй-



рæг мæ сардыдта йæ коммæ бакæсынил, уый. Цъыфкалæн критикæ, дам æй фæкодтай...

– Цы уыд йæ прозаикон уацмыс, уый дзы загътон: мура æмæ чепуха! Кæмæндæрты, уыдоны тыххæй рæстдзинад куы зæгъай, уæд сын уый у цъыфкалынæй дæр бæллæхдæр.

Сæмбæлдтæн йæ зианы Барисæн. Æмæ балæууыдтæн йæ табæты бын. Мæхи ивын нæ бауагътон, фæхастон ын æй кæртæй катафалчы онг. Хатыртæ мæ кæй ракуырдта, уый хъуыдыкæнгæйæ. Искуы рахъæр уыдзæн йæ ми, уымæй нæ, фæлæ йæ Хуыцауы хайæ кæй тарстаид, уыцы хъуыдыйыл мæ ардауы мæ зæрдæ...

...Литературæ нæ уæнгты ацыд, нæ туджы ахъардта, æмæ зæрдæ истæуыл-искæуыл цинæй урс уæрыкк куы фесты, уæд хъуамæ кæцыдæр поэты рæнхъытæ æрбаймысай. Стæй дæ фыцгæ-дудгæбоны сахат дæр афтæ – дæ абухгæ масты.

Æмæ – салам, Сергей! Сергей Есенин! Мæнæ дæ цинæвдылд рæнхъытæ сæхигъдауæй æрбафтынц зæрдыл, Иры хæхтæ æмæ быдыртæм кæсынæй куы нал фефсæдын, уæд:

*Я думаю:*
*Как прекрасна*
*Земля*
*И на ней человек.*
*И сколько с войной несчастных*
*уродов теперь и калек!*

Мæ мастдымст, ме ‘рхуым зæрдæйыл дæн, зæгъгæ, уæд та мæм Тютчевы дудгæ-араугæ рæнхъытæ фæзынынц æххуысмæ:

*О, этот Юг, о, эта Ницца!..*
*О, как их блеск меня тревожит!*
*Жизнь, как подстреленная птица,*
*Подняться хочет – и не может...*

*Нет ни полета, ни размаху –*
*Висят поломанные крылья,*
*И вся она, прижавшись к праху,*
*Дрожит от боли и бессилья...*

Ох-хына, мӕнӕ Тютчевы судзгӕ сынчъы кад куыд агурын мӕ цъутхалӕн – уый зӕрдӕхъыджы раз мӕ зӕрдӕрӕхуыст цъутхал у, ӕндӕр ницы: уый йе 'мдзӕвгӕ, йӕ тугдзӕссыг калгӕйӕ, фыста – амард йӕ уарзон, йӕ удӕн тынг адджын сылгоймаг Е.А. Денисьева, дӕуыл та, мӕнӕйуый, цавӕр тыгуылдур ӕрхауд арвӕй – уалӕ уыцы арвӕй, нӕ домбай фыдӕлты фарнӕй дзаг арвӕй?.. Уыдон стӕгсастӕй сӕ сӕрмӕ схъӕрзын дӕр куынӕ хастой, уӕд ды 'лхыскъӕй – гъа, тугдӕппал ӕлхыскъ дӕр фӕуӕд – уӕддӕр дӕ цард базырпырх цӕргӕсы уавӕримӕ куыд барыс?!

Цӕуон, ныууадзон мӕхи Цӕугӕдоны нӕууӕхгӕд-бӕзджынӕмбӕрзт былгӕронмӕ – зонын ӕй, уый мын уартӕ нарты Фыдрохгӕнӕн Цъӕх Дуры ахъаз фӕуыдзӕн – уырны мӕ. Мӕ уд фӕркгай кӕмӕй хауы, уыцы маст та мын цы сахадыдта, уый та у...

Уалӕ Дзӕуджыхъӕуы сӕрмӕ ӕмӕ хӕхты дӕлбазыр дыууӕ паддзах фӕндаджы кӕм сиу вӕййынц, Калачырдӕм цӕугӕйӕ, – Мӕскуыйы ӕмӕ Тифлисы фӕндӕгтӕ, уым дӕлвӕд ӕмӕ фӕскъуым – фысджыты Сфӕлдыстадон хӕдзар. Цалдӕруатон, дыууӕуӕладзыгон. Стыр зӕхх дзы дыргъдонимӕ. Нӕуӕдзӕм хӕлойфаг азты йӕ ауӕй кодта Цӕдис.

Гъемӕ, амы дзӕбӕх кӕрты бамбырд стӕм уӕд – физонджыты хус тӕф дӕр дзы комыдӕттӕ уайын кодта, ӕвгты дзыгъал-мыгъул дӕр-иу ирон хъӕлдзӕгӕй ссыд... Фӕлӕ нӕма рабадтыстӕм куыд хистӕр-куыд кадджындӕрӕй, афтӕ дын мын Хуыгаты Сергей куы бацӕгъдид мӕ хъусы:

– Дӕ къухфыст та дын иннӕ азмӕ ахастам: нал ӕмӕ нӕм ӕй нал раздахынц партийы обкомӕй – идеологийы тыххӕй бӕрнон секретарь Къониаты Юри, дам, ӕй каст нӕма фӕци...

– Куыд ӕй нӕ фӕци?! Фарон мын йӕ хӕдивӕг Дзатцеты Тамарӕ афтӕ куы загъта, ӕз дӕр, дам ӕй бакастӕн ӕмӕ, дам, мӕ зӕрдӕмӕ тынг фӕцыд – иронау, дам, уыйау ӕхсызгонӕй никуыма никӕй кастӕн.

– Ӕмӕ цы 'мбары Тамарӕ та иронау?

– Ӕз дӕр ын йӕ ныхӕстыл уыцы хуызы бадис кодтон, ӕмӕ, дам, бӕгуыдӕр дыгуронау дӕр ӕмӕ иронау дӕр, иттӕг хорз ӕмбаргӕйӕ, рӕвдз кӕсын...

– Уӕд та, дам, цыма афтӕ зӕгъы Юри, куыд у роман, уыцы хуызы йӕ нӕ ауадздзынӕн, колхозон системӕйы ныхмӕ арӕзт ӕм кӕсы...

– Иу колхозӕй, о, фауы мӕ герой Арсӕмӕг, иннӕ колхоз – сыхаг хъӕуы колхозы та – фӕзминагӕн хӕссы, уӕд уый системӕмӕ цы бар дары?



– Нӕ зонын, нӕ зонын... Цӕй, цыппар азы кӕм быхсыс, уым ма иу афӕдз...

Цӕй физонӕг ма кодта мӕнӕн физонӕджы ад (ноджы кӕфы фыдӕй, кӕфы – уӕд мӕлӕты арӕх ӕмӕ аслам сси), цӕй нозт ма уыд мӕнӕн мӕ фыцгӕ маст бынмӕ ныллассынхъом! Ӕнӕбары ныztон, ӕнӕбары комдзаг кодтон...

О, цӕугӕдоны был хъӕрмуст зӕххыл – ӕрдӕгхус нӕугӕрдӕгыл – ӕрбадтӕн. Нарӕджы. Нарӕг та йыл уымӕн сӕвӕрдӕуыд раджы кӕддӕр уыцы бынатыл, ӕмӕ Цӕугӕдоны – Хуымӕллӕджыдоны былгӕрӕттӕ ацы ран ӕлхъывдау бангом, бахӕстӕг сты кӕрӕдзимӕ – уалӕ ма раст Уӕлгинскӕйы сӕрмӕ сты афтӕ уынгӕг ӕмӕ къуындӕг донӕн.

Рыст искӕй рыстӕй нӕ, фӕлӕ, дам, лӕгӕн йӕхи стырдӕр рыстӕй сабыр кӕны. Ӕмӕ ныр уымӕн табу кӕнон, стырдӕр рысты 'рцыдӕн? Искӕй рӕдыдтыл куы ис зонды хицауӕн ахуыр кӕнӕн, уӕд нын, ау, искӕй рыст нӕу ӕвдадзы хос – уӕд та ма, ды цы мастӕй смӕстджын дӕ, уый тӕккӕ хуызӕн кӕйдӕр маст дын ӕвдадзы хосау басгуыхӕд. Зӕгъӕм, Борис Пастернакы, йӕ роман «Доктор Живаго»-йы алыварс ӕвирхъау хабӕрттӕ... Дӕ хъӕрзт, дӕ утӕхсӕн ын раст тӕхудиаг дӕр ма уыдаид. Ноджы иннӕ ахӕм Васили Гроссманы удхӕрттӕ-хъизӕмӕрттӕ: 20 азы дӕргъы йын йӕ уд ластой йӕ роман «Жизнь и судьба»-йы тыххӕй.

Ӕмӕ мӕм цыдӕр бахъардта, фенцондӕр мын, худинаг мӕм ӕркаст ӕцӕгдӕр мӕ цъутхал кӕйдӕр сынкъӕй рӕхойагдӕр рыстӕй дӕр ма риссагдӕр ӕнхъӕлын. Афтӕ мын Нарӕджы былгӕрон Фыдрохгӕнӕн Цъӕх Дурау фӕахъаз... Риу ма рыст, рӕхуыста, хъӕрзыд, мӕ улӕфт ма къуыхцытӕ кодта, фӕлӕ та хуыздӕр фидӕнӕй зӕрдӕвӕрдӕй быхсдзынӕн – нырма цард разӕй ис, дӕуӕй фыддӕртӕн чи бабыхста, ахӕмтӕ – Агуры 'фсадӕй фылдӕр. Ноджы ма дын афтӕ зӕгъджытӕ дӕр иу ӕмӕ дыууӕ нӕ разынид:

– Мне бы твои заботы... болячки…

Бонтӕ цыдысты, рӕстӕджытӕ ивтой. Рацыд мӕ роман «Иу артӕй уӕрст» дӕр (ӕртыккаг бон ӕй балхӕнынмӕ ссарӕн нал уыд ӕмӕ ма дзы бибколлекторӕй мӕ хорз зонгӕ хицауы фӕрцы дӕс чиныджы балхӕдтон), фӕзынд мӕ дыккаг чиныг «Фаллаг, бӕрзонд был» дӕр. Уӕдмӕ алы хӕдбар паддзахӕдтӕ бацис нӕ уарзон Советон Цӕдис

дæр. Æмæ дын мæм кæдæй-уæдæй, цы чингуытæ бакæсынмæ бæл-лыдтæн, уыдон æрбахаудысты: Васили Гроссманы «Жизнь и судьба» æмæ Георги Владимовы «Генерал и его армия», ноджы ма дзы уацау «Верный Руслан» дæр.

Чиныг кæсын цы бæрæгбон свæййы, цы цин, цы зонд схъауæн, цы зæрдæ фæрсудзæн, цы 'нкъарæнты гуырæн – дуне æргомгæнæн æмæ уæрæхгæнæн, ногæй та фыссæджы ном табуйаг хонæн!.. Фæлæ сын, иннæрдыгæй та, цы хъыцъыдæттæ фæнуазын кодтой, цы куыдзы бæлæгъæй сын фæхæрын кодтой!

Бынтондæр мæ кæддæры нæтын-хъæрзыны тыххæй кæй раз никъ-къæмдзæстыг дæн, уый – æцæгдæр Гроссманы раз. Уый йæ романы дыууæ чиныджы тыххæй цытæ бавзæрста, цы мæстытæн бафæрæзта, цы хæрæмттæ, цы алывыдтæн партийæ, алы къодахсæр инæлæрттæ, идеологон къæрцхъус редактортæй æмæ суанг хæлæгæймард фыс-джытырдыгæй дæр, уыдон сæхæдæг психологон романы фаг сты, кинойы равдисынмæ бæззынц. Фыссæг, фыссæгау фыссæг, æмткæй аив литературæ куыд цъысимгонд цыдис, цы 'нахъинон домæнтæ йын æвæрдтой йæ размæ, цы цæлхдуртæ, куыд-иу къуыхтæ кодтой чингуыты къухфыстытæ, барæй сæ-иу æвæдæй куыд фесæфтой, куыд сæ ахстой; фыссæджы дзыхыл цъутта куыд æвæрдтой (кæд-иу æй не 'рцахстой æмæ нæ амардтой, уæд), уыдæттæ иууылдæр базонæн ис, «Жизнь и судьба»-йы разныхас бакæсгæйæ. Ноджы ма-иу хъуамæ алы поэтикон æмбырдгонд дæр райдыдтаид Ленин æмæ Партийæн табутæ-кадгæнæн-тæй, прозæйы дæр исты ахæм ма загътаис уыдоны тыххæй– цензурæ цырддзаст æмæ къæрцхъус уыд!

Фæлæ нæм ныронг нæма бахъардта, парти дæр æмæ советон хи-цаудзинад дæр, æнусон царды рындзæй сæм кæсгæйæ, цас варвæртæ æмæ вандалтæ уыдысты, уый. Хуымæтæг кæй хонæм, уыцы адæмы сæ дарæс æмæ хæрд-нозты раз тæхудиæгты тæхудиагдæр сæрибар дæр, культурæ дæр, аивад æмæ литературæ дæр, ставд нымадæй, не 'ндавынц. Æмæ уый дæр куыд нæу æцæг патриотæн зæрдæхалæн маст. Фæлæ сфæлдыстадон кусæг дæр гуманист куы нæ вæййы, йæ хъуыдыкæнынад æмæ йæ йæ куыст-фæллойæн фæндиаг сæрибар куы нæ фæхъæуы, æмæ йæ хъадамантæн куы фæбатæ кæны, залымы рыгтæсæрфæг æмæ тугтæхсæг дзы куы рауайы хъазуатон æмæ хъæп-пæрисджынæй, цагъайраджы-хъазайраджы хъузджы цингæнгæйæ баныгъуылгæйæ, дунейы æцæг сæфт уæд æрцæуы.



Мæнæ нырау, ацы дугау, ацы заманайы æмæ замманайы (бирæ ног кæмæндæртæн) заман.

Фæлæ та нæ кæд Хуыцау нæ сафид, стæй: Бог, дам, не выдаст – свинья не съест…

...Уæд горæт Балаковойæ сыздæхтæн (хасты дзы уыдтæн, ахæстоны æмæ лагеры фæбадыны фæстæ – куыд, цæй тыххæй, уыдæттæ радзу-рыны фаг цыма нæма срæгъæд ме 'взаг, нæма сфидар мæ зæрдæ...). Куыддæр ссæрибар дæн, афтæ уымы газетты цыппар азы бакуыстон: раздæр – партийы районы комитеты газеты, стæй та – партийы горкомы орган «Огни коммунизма»-йы (дард кæцæйдæр æрттывтой советон адæммæ уыцы огни, стæй бамынæг сты, бауазал фæнык сты – æмæ нæ ныр милуантæ сæхи Советон Цæдисы æвадат-æвæгæс сидзæртæй æнкъарынц: иу рухс, иу тæмæнтæкалгæ бæллиц дæр нын разæй, фи-дæны нал баззад...)

Уырдыгæй мæ Ирыстонмæ рацæуын нæ уагътой, хорз карьерæ, дам, дæм куы 'нхъæлмæ кæсы, зæгъгæ (æллæх-æллæх, кæд газеты исты хайады хицау суыдаин!), нæхимæ сыздæхынæй та мæ мæ мад Замирæт фæдзæхста, ам дын фæндаг нæ уыдзæн, стæй, дам дын дæ фыдгултæй дæр тæссаг у...

Ссыдтæн. Куыдфæнды – цыфæнды уæд, зæгъгæ! Мæ фыдæлты хæдзар – хæлддзаг. Райдыдтон æй цалцæг кæнын, куысты лæуд та кæд æмæ фæдæн колхозы хъомдоны æфснайæг-æхсæвгæсæй. Фæлæ йæ куы базыдтон, мæ фæллойадон фæлтæрдæн уый ницы ахъаз у, зæгъгæ, уæд дыууæ мæйы фæстæ рацыдтæн æмæ Сафары фæрцы сдæн æфсæнвæндаджы кусæг. Хорз куыст уыд уый: 11 боны фæн-дæгтæ цалцæггæнджытæн хуыр ласыс сæрмагонд вагæтты, 20 боны та сæрибар дæ...

О, фæлæ дын мын иуахæмы Лизæ (Косты) афтæ:

– Ды фæндæгтыл цы рахау-бахау кæныс, алы йедтæ та ам, кæм сыл нæ тæдзы, хур сæ кæм нæ судзы, ихæн сын кæм нæу, ахæм бынæтты бадынц æмæ сæ хуылыдз сугты – ома фыстыты – пыс-пыс цæуы... Ныууадз уыцы куыст, кæд уæгъд рæстæджы тыххæй цыфæнды тæ-худиаг у, уæддæр æмæ...

Тотраты Руслан дæр дын бакатайаг, кæдмæ, дам дæм мæ зæрдæ 'хсайдзæн, вагæтты бынты рабыр-бабыр кæй фæкæныс, уый тæссæй...

Сыздæхтаин раздæр, фæлæ – кæдæм? Ирыстоны католиктæ Ромы

Папæйæ дæр ноджы католикдæр сты, нæ коммунисттæ та Сталин æмæ Ленинæй дæр коммунистдæр – ома, ахсты кæй уыдтæн, уыйадыл мын исты куыстмæ – идеологиимæ баст куыстмæ – бацæуыны шлагбаум нæ сисдзысты хæрдмæ, гъа, дæ хорзæхæй, рацу, саккаг нæм кæн, зæгъгæ.

Балаковойы партион газетты кæй куыстон фæстаджы фæстагмæ, уый дæр сæ цæсты ницы сахаддзæн: подумаешь, районы газет! Науæд цыдæр горæты...

Афтæмæй уыцы район Ирыстонæй стырдæр у, горæты та 250 минæй къаддæр цыма нæ цард.

Уалынджы та Сафары сæры цыдæр пайдайаг фæндон бæстон-бинонығæй æрбынатон, æмæ мæ разæнгард кæнынмæ фæцис:

– Æрæджы партхозактивы Одинцов цæйдæр охыл феппæлыд Æгъуызарты Æхсарбеджы роман-дилоги «Куырды фырт»-æй. Стæлмац æй кæн уырыссагмæ – агургæ æмæ дын æнæаргæ фадат уыдзæн уæд Дзæуджыхъæумæ исты куыстмæ рацæуынæн – Æхсарбег кæд спенсионер, уæддæр ма йæ дзырд цæуы, ноджы ма дзы хицау йæхæдæг кæм фестыдта, уым!

– Цытæ дзурыс?! Дыууæ томы стæлмац кæнон?! Æмæ, иуæй, мæхи марын, иннæмæй, уыйбæрц уырыссаг æвзаг дæр...

– Зоныс, уый бæрц зоныс! Мæн нæ раивтай?

– Омæ дæуæн радзырдтæ сты... Стæй дæхæдæг дæр хорз æнкъарыс уырысы æвзаг. Стæй... Стæй машинисткæйæн цас æмæ цал хатты фидын хъæуы, уый та... Стæй – кæдмæ, цы 'мгъуыдмæ? Стæй æз чи дæн æмæ цы дæн Æхсарбеджы цæсты? Стæй, уæвгæ, лæгæй-лæгмæ зонгæ дæр куы не стæм... Стæй йæ рауагъдады пъланмæ та чи бахæсдзæн, æмæ йын раздæр та мидрецензи чи ныффысдзæн?

– Стæй афтæ: æппæт уыцы хабæрттæй дæумæ хауы æрмæстдæр тæлмац кæнын – мæнæ дæуæн дæ чиныг «Иу артæй уæрст» нæхи Лидæ машинкæйыл мыхуыр куыд лæвар фæкодта, афтæ дын дæ тæлмац та Æхсарбеджы раздæры æмкусæг сылгоймаг фæкæндзæн. Семæ дæ æз базонгæ кæндзынæн...

Æ, уыцы тæлмацы фыдæбæттæ æмæ мæстытæ! Цы хъарутæ мæм уыди, цы: ахæм бонтæ-иу скодта, æмæ мын-иу 25 фарсы бæрц – къухфыстæй – кæд бантыст ратæлмац кæнын. Цæй ратæлмац, цæй: фылдæр йæ бæсты фыстон. Иуахæмы мын Æхсарбег йæхæдæг дæр басаст – мæн къахæгау:

– Бæргæ, нывыл фыссын куы зыдтаин, уæд дæуæн дæр абон бирæ



‘нцондæр уаид, – стæй уырыссагау бафтыдта йæ ныхæстæм: – Мне нравится твой творческий подход: обогащаешь мой текст...

Ныр йæ зонджын цæстыты æнхъæлмæгаст æрæмбæхст, ома, куы не сразы уаин йемæ, куы йын зæгъин, цы фаутæ 'вæрыс дæхиуыл, тынг дæсны æрмдзæф куы у дæ фыстыхъæд æмæ афтæ дарддæр. Фæлæ дзы æз дæр уый тыххæй цъаммар нæ дæн, æмæ былдауæн ныхæстыл схæцон, ноджы ма мын тугхалæг куы сси, куыдтæ æмæ цытæ фыссы, уый: юрист æм юристы æвзагæй нæ дзуры, партион кусæг – партион, чызг – чызджы, лæг – лæджы... Ноджы ма-иу, æфсæн вагоны бадгæйæ, уартæ Астрæхæны судзгæ-араугæ быдыры, хисæрфæнæй мæ хид асæрфгæ-асæрфгæйæ, куыд куыстон тæлмацыл, уый куы æрымысын, уæд...

Иу том дзы куы стæлмац кодтон, цыбыртæ йæ кæнгæйæ, афтæ дын мын куы зæгъид:

– Машинисткæйæн амæй фæстæмæ йæ куыстæн фид!

– Афтæ ныхасгонд нæ уыдыстæм!

– Нал мын комы лæвар кусын...

– Æмæ йын фид дæхæдæг! Кæнæ та афтæ: æз дарддæр нал тæлмац кæнын, ссар æндæр... дурачы.

О, зæрдиагæй аргъуыцгæнгæйæ мæ фæнды æрымысын Æхсарбеджы бинойнаг Тебион Мæдискæйы.

Кæд уыдис æмæ ма ис фыдæлтыккон уæздан ирон сылгоймаг, йæ бакастæй дæр æмæ йæ алы æгъдауæй дæр цæрæццаг æмæ цæвиттонæн хæссинаг, уæд – уый. Сæмбæлдтæн йæ зианы дæр. Йæхи цыт æмæ кады æмбæрц аудæн кæнæд ирон сылыстæгыл...

Нал æй хъуыды кæнын, куыд æмæ цы хуызы, цæуылтыл дзырдгондтæй бафидыдтон Æхсарбегимæ, уый. Мæ куыст куы фæдæн – йæ дыууæ томы йын нылхъывтон иу томы онг, – уæд та мын чиныгæн йæ редакторы схуыдта тæлмацæмбал æмæ, дам ын бафид дæ гонорарæй. Афтæмæй уыцы редакторимæ дæр цалдæр хатты сбыцæу дæн, цытæ йæм бафтауыс мæ тæлмацмæ, зæгъгæ: уый дын цавæр æнахъинон ныхас у: «Члены бюро обкома партии сидели лицом к залу»?! Уæдæ, зæгъын, адæммæ чъылдымыздæхтæй бадой? Цæмæн ныххах кодтай стæй дзырд «вскинулся»?

– Нæй ахæм дзырд!

– Ис! Афтæ амоны: «Привскочить, как ужаленный».

– Æз æй нæ зонын.

– Æмæ дæ уæд æнæ уырыссаг тексты редакторæй кусгæ ничи уадзы?..

Уæддæр ын – Æхсарбег ныццæхгæрмæ – мæ мæллæг гонорарæй дзаджджын хай радтон.

Уалынджы æрхæццæ Æхсарбеджы 70 азы кадæн изæр. Йæ куывд кодта уартæ ресторан «Империал»-ы пъадвалы – стыр хатæнтæ дзы, ноджы ма алы рагон дугты хæцæнгæрзты æмæ дзаумæтты муляжтæй фæлгонцгонд. Хуынды гæххæтт мæм дзы уыдис. Мемæ фæкуывддзау ме 'рдхорд Борыхъуаты Хъазыбег дæр, иу хъуыддаг фæбæлвырдгæнгæйæ:

– Æз ын йæ дæндæгтæ дзæбæх кодтон Æхсарбегæн, æппæлыд мæ, дæ къух, дам, риссаг нæу...

Бацыдыстæм. Дуне дзыллæ дзы. Хъазыбеджы дæр базыдта, баузæлыд ыл, мæнæн та афтæ:

– Акæс-ма, цас адæм æрцыд хонæг – æнæ хонæгæй, фæлæ мын дзы, ды кæй сæмбæлдтæ, уымæй æхсызгондæр никæй уынд у.

Зæгъын та йæ: мæгъа, мæгъа... Æрмæст цыма уæддæр былдауæн ныхасау нæ уыд йæ цин...

Дзырд дзырдкъахгæйæ, иу хабар, иу цау иннæйы фæдзæлау йæ фæдыл ласы, æмæ сын кæрон нæ уыдзæн – фæдæргъвæтингомау мæ царды æмæ дзы маст арвыдзаг, уарзт дзæбæх армыдзаг бавзæрстон.

Æмæ уал – гъа, æнцонхалæн æлхынцъ бакодтон мæ дарддæры дзыбандытæ.

...Кæй ма нæ 'вдæлы, кæй суанг Пушкины дæр æмæ Къостайы кæсынмæ дæр – поэттæ-фысджытæн сæхи дæр, фæлæ-ма хорз Сергейы генион фыртæй раздæр цы рæнхъытæ æрхастон нæ зонд, не 'нкъарæнтæ фæрæхойыны охыл, уыдонмæ бафтауон мæнæ адон дæр – æрмæстдæр ыл 17 азы цæуы поэтыл, уырысы «наше все»-йыл, афтæмæй фыссы йæ фыдыфсымæр Василимæ:

*Христос воскрес, питомец Феба!*
*Дай бог, чтоб милостию неба*
*Рассудок на Руси воскрес;*
*Он что-то, кажется, исчез.*
*Но да не будет воскресенья*
*Усопшей прозы и стихов.*



Ватиканы, дам, иу агъуысты æнусты-æнустæм бафснайынц, адæммæ равдисыны аккаг чи нæу, аивадон литературæйы рæгъмæ рахæссынмæ чи нæ бæззы, ахæм чингуытæ.

Фæлæ-иу уыцы чингуытæн тæрхонгæнджыты дæр та, уромæг уромын кæй нæ фæразы, иу ахæм Граф О' Ман цæхгæр бафæрсид: «А судьи кто?» Фæуæд афтæ дæр, æрмæст ис уæддæр, ис, «художественный вкус» кæмæ разына, уыцы адæм дæр. Байхъусæм-ма зындгонд фыссæг, Уæрæсейы ПЕН-центры президент Евгений Поповмæ – интервьюисæг æй фæрсы:

*– В последнее время много говорится о необходимости вернуть писателя в реестр профессий. Как вы считаете, возможно ли? И как в таком случае определять, профессиональный писатель или нет?*

*– Это возможно, но трудно.*

*За годы «свободы» все существующие союзы писателей напринимали в свои ряды дикое количество графоманов. Единое экспертное сообщество, априорно состоящее из известных и уважаемых личностей разных литературных направлений, вполне способно определить – «чайник» ты или профессиональный писатель, хотя и нуждающийся в поддержке. («Лит. газета», №8, 2019 аз.)*

Æмæ уæд, чи зоны, æмæ ныры паддзахады цæсты дæр та фыссæджы ном йæ кады бынат æрцахсид, дæуццаг нал уаид.

О, фæлæ дзы уæддæр та Пушкин! Уæд та, æдæппæт ыл 24 азы цæуы, афтæмæй куыд балæвардта цагъартуг адæммæ, уый диссæгты- диссагдæр æмæ 'мбисæндты -æмбисонддæр кæсы мæнмæ:

## ИЗЫДЕ СЕЯТЕЛЬ СЕЯТИ СЕМЕНА СВОЯ

*Свободы сеятель пустынный,*
*Я вышел рано, до звезды;*
*Рукою чистой и безвинной*
*В порабощенные бразды*
*Бросал живительное семя –*
*Но потерял я только время,*
*Благие мысли и труды...*

*Паситесь, мирные народы!*
*Вас не разбудит чести клич,*
*К чему стадам дары свободы?*
*Их должно резать и стричь.*
*Наследство их из рода в роды*
*Ярмо с гремушками и бич.*

Уæдæ Къостайæн дæр йæ уарзæгой зæрдæйæ уыд йæ «бæллиц» райгуырæн хæхтæ сæ худинаджы бæсты сау фæныкæй фенын, стæй йæ фæстагæттæн-бындартæн дæр йе 'лгъыстæнгæс ныстуанæн уыцы бындур ис:

*Мæ хæлар, мæ уарзон! Ныммæл мын фæсмонæй,*
*Ды искуы хæддзуйæ куы скæнай æлдар!..*

Хæддзу æлдæрттæ-иу нæ уыдысты: Мæскуы-иу сæ сæрвыста сæрмагондæй дыккаг æмæ фыццаг партион секретарьтæ-æлдæрттæй. О, фæлæ та нæ ныр дæр, ныр нæ нымайы Мæскуы зондæй-фæндæй-уынаффæйæ фæрсинæгты аккагтыл. Беслæны бæллæхы фæстæ хицаудзинады цыдæр вертикаль æрымысыд фæткæн.

Чысыл раздæр былтæсæрдæн охыл нæ загътон Советон Цæдисæй уарзон бæстæ, зæгъгæ, фæлæ мæнæ ацы мæстытæ та цы фæкæна искæй рыстæй хъæрзæг лæг:

– Стыр поэт нæ уыд Николай Гумилев? Фæлæ цы бацис?

– Стыр поэт нæ уыд Владимир Маяковский? Æмæ цы бацис?

– Стыр поэт нæ уыд Сергей Есенин? Чи йын нæ зоны йæ хъысмæт?

–Стыр поэт нæ уыд Марина Цветаева?

– Æмæ уыдон та – Фæрнион, Æрнигон, Алыксандр, Чермен, Рутен, Созырыхъо, Гино, Георги, Цоцко, Бæбу, Мæхæмæт, Афæхъо?…

– Стæй ма кæд Александр Фадеев нæ уыд иузæрдион советон цардарæзт æмæ коммунистон партийыл, уæд – чи? Фæлæ йæ йæ уарзт дæр æмæ йæ маст дæр мæнæ цæмæ 'ртардтой:

*Не вижу возможности дальше жить, так как искусство, которому я отдал жизнь свою, загублено самоуверенно-невежественным руководством партии и теперь уже не может быть поправлено. Лучшие кадры литературы – физически истреблены или погибли благодаря преступному попустительству власть имущих; лучшие люди литературы умерли в преждевременном возрасте; все остальное, мало-мальски способное создавать истинные ценности, умерло, не достигнув 40-50 лет.*



*Литература – это святая святых – отдана на растерзание бюрократам и самым отсталым элементам... Тот путь, которым собираются исправить положение, вызывает возмущение: собрана группа невежд, за исключением немногих честных людей, находящихся в состоянии такой же затравленности и потому не могущих сказать правду, – ибо исходят из бюрократических привычек, сопровождаются угрозой, все той же «дубинкой».*

*С каким чувством свободы и открытости мира входило мое поколение в литературу, какие силы необъятные были в душе и какие прекрасные произведения мы создавали и еще могли бы создать!*

*Нас низвели до положения мальчишек, уничтожили, идеологически пугали и называли это – «партийностью». И теперь, когда все это можно было бы исправить, сказалась примитивность, невежественность – при возмутительной доле самоуверенности – тех, кто должен был бы все это исправить. Литература отдана во власть неталантливых, мелких, злопамятных. Единицы тех, кто сохранил в душе священный огонь, находятся в роли париев и – по возрасту своему – скоро умрут. И нет никакого стимула в душе, чтобы творить...*

*Созданный для большого творчества, одаренный богом талантом незаурядным, я был полон самых высоких мыслей и чувств, какие только может породить жизнь народа, соединенная с прекрасными идеалами.*

*Но меня превратили в лошадь ломового извоза, всю жизнь я плелся под кладью бездарных, неоправданных, могущих быть выполненными любым человеком, неисчислимых бюрократических дел. И даже сейчас, когда подводишь итог жизни своей, невыносимо вспоминать все то количество окриков, внушений, поучений и просто идеологических порок, которые обрушились на меня, – кем наш чудесный народ вправе был бы гордиться в силу подлинности и скромности таланта моего. Литература – это высший плод нового строя – унижена, затравлена, загублена. Самодовольство нуворишей привело к полному недоверию к ним с моей стороны, ибо от них можно ждать еще худшего, чем от сатрапа Сталина. Тот был хоть образован, а эти – невежды.*

*Жизнь моя как писателя теряет всякий смысл, и я с превеликой радостью, как избавление от этого гнусного существования, где на тебя обрушивается подлость, ложь и клевета, ухожу из этой жизни.*

*Прошу похоронить меня рядом с матерью моей.*

*А. Фадеев*

Фысджытæ... Советон фысджытæ... Лæгхор хицаудзинад уыдонæй та хихортæ скодта, кæрæдзи тугмондæгтæ. Мæнæ цытæ базыдтон, газет «Литературная Россия»-йæ (№7, 2017 аз) – новосибирскаг фыссæг Владимир Берязев дзы йæ уац «Пепел над океаном»-ы дзырдæргом æмæ зæрдæхъæрзгæйæ дзуры:

*По моему глубокому убеждению – все, что случилось с Союзом писателей есть справедливая кара за 60 лет верного и преданного служения идеологическому монстру коммунизма. Тогда всякий (и я грешный в 1989 году), получавший членский билет СП, обретал статус чуть ли не на уровне доктора наук, а секретари ходили гоголями – подобно академикам.*

*Но за все надо платить!*

*Позволю себе напомнить два случая массового писательского позора, память о которых осталась в истории.*

*Первый: судебный процесс по делу «антисоветского троцкистского центра». Начало массовых репрессий.*

*25 январяя 1937 года состоялось заседание президиума Союза советских писателей, посвященное начавшемуся процессу, на нем крови подсудимых требовали Вс. Иванов, Б. Пильняк, К. Федин...*

*Оцените стиль – даже по заголовкам!*

*26 января 1937 года «Литературная газета» напечатала передовую статью «Нет пощады изменникам!» и массу писательских откликов на московский процесс – статьи А. Толстого «Сорванный план мировой войны», К. Федина «Агенты международной контрреволюции», Ю.Олеши «Фашисты перед судом народа», А. Новикова-Прибоя «Презрение наемникам фашизма», М. Шагинян «Чудовищные ублюдки», Вс. Вишневского «К стенке!», М. Козакова «Шакалы», Л. Леонова «Террарий», В. Шкловского, И. Бабеля «Ложь, предательство, смердяковщина», А. Караваевой «Изменники родины, шпионы, диверсанты и лакеи фашизма», М. Ильина и С. Маршака «Путь в Гестапо», Н. Огнева «Кровавая свора», А. Платонова «Преодоление злодейства», Г. Фиша, Л. Славина, В. Луговского, К. Финна, Д. Мирского, Б. Лавренева, Р. Фраермана, А. Малышкина все в том же духе и с использованием той же лексики.*

*Писатели говорили о подсудимых как о покойниках. Н. Огнев назвал Радека «космополитическим шутом и негодяем», Л. Славин – «кровавым пошляком», А. Платонов отказал подсудимым в праве называться людьми и призвал коллег художественно изобразить нелюдей. А. Караваеву не могли утешить и готовившиеся казни, потому как «матерый бешеный волк фашизма Иуда-Троцкий еще жив». Поэты о том же говорили стихами. В. Гусев связал «диверсии» Радека с Украиной.*



*Другой опус назывался «Мастера смерти», в нем вспоминались недавние годы, когда*

*Подлые шпионы и бандиты*
*Радеками терлись возле нас.*
*Может быть, еще не все добиты –*
*Крепче руки и острее глаз!*

*Этой поэтической находкой начинал 1937 год перспективный Евгений Долматовский.*

*30 января 1937 года состоялось общемосковское собрание писателей, посвященное итогам процесса.*

*Аналогичное собрание прошло и в Ленинграде.*

*Везде требовали одно – казни...*

Се 'мбæлтты тугныккалд чи домдта, бæмбæгæвзаг æмæ маргзæрдæ уæвгæйæ, уыдонæй цалдæр сæхæдæг репресситы сæркъуыр фæрæты бынмæ æрцыдысты. Фæлæ...

Фæлæ, цымæ, уæдыккон уавæры мах, абоныккон дзырддаг æмæ фидиссаг фысджытæ, нæхи лæгдæртæй дарикькам?.. Хантæ дæр æмæ Ханджеритæ дæр…

*Мартъи, 2017 аз,*
*Дзæуджыхъæу*



# ТРИ СЛОВА ОБ ОДНОМ РОМАНЕ

**Паремия как структурообразующий фактор романа-мифа**
**(Б. Гусалов. «Плоть от плоти» – «Иу артæй уæрст»)**
**Материалы Всероссийской научной конференции.**
**Карачаевск, 2011.**
*(Уацæй скъуыддзаг)*

В современной литературе выделяют различные типы мифологизма, диапазон их достаточно широк: от произведений, где в ткань реалистического в целом повествования вводятся отдельные мифологемы, мифопритчевые мотивы, и до «самостоятельного» функционирования мифа – первозданного или «сконструированного» самим автором. Роман осетинского писателя Б. Гусалова «Плоть от плоти» (1989) относится к той группе произведений, в которых «гранулы» мифопритчевости призваны сообщить конкретно-жизненному содержанию образов всеохватный, универсальный смысл.

<…>Эпическая мощь персонажа Б.Гусалова – «обыкновенного» человека – вызвана феноменом трансмутации, в основе его – материализация осетинской поговорки *«От радости человек растет, от горя, досады – горбится»*. Сам процесс чудо-роста Арсамага, реалистически детерминирован и колоритен в деталях. С помощью своеобразной «шоковой терапии» (эпизод сшибки скотника с «быком-горой», в дикой ярости ринувшимся на него) природа исправляет допущенную ранее ошибку: Арсамагу не только возвращены слух и речь, утраченные при поражении молнией, но и – как бы в качестве компенсации за причиненные неудобства – ниспослан дар. Таков механизм объяснения истоков иррационального в романе.

<…> Эпико-мифологический пласт в структуре художественного образа обнаруживает себя – по принципу наращения – в фольклорных формулах («ходячая гора – стоячая башня *(«цæугæ хох – лæугæ мæсыг»)* показалась в дверях», «могучее ветвистое дерево *(«къала бæлас»)* шагает по улице»), в органичной «вписанности» героя в окружающий мир («...купол неба над ним уходит ввысь, уносятся прочь тучи и солнце от удивления ярче засияло»). «Знаковость» образа усиливают



эпические параллели (отсылка к одиозной фигуре Бальсагова Колеса, к мотиву ухода по колено в землю и пр.). К поведенческому архетипу богатырей-нартов апеллирует и финальное событие романа, в котором «отточенная стрела» оскорбительного намæка едва не сразила Арсамага насмерть.

Писатель стремится обрисовать не только то, что видимо глазу, но и то, что за пределами привычного, трактуемого с позиций укоренившихся представлений. Символико-фантастическое служит, таким образом, средством многомерного изображения жизни, делая ее восприятие тоньше, свежее, ярче.

<…>Для структуры повествования в романе характерна сгущенная метафоричность, придающая мысли особую выразительность. Так, шутливая формула диалога между «просителем доли» («*хайагурæг*») и распорядителем на пиру («*къæбицы хицау*») проецируется в область отношений: *судьба-распорядительница – одряхлевший в ожидании милости человек*.

<…>Природа в романе Б. Гусалова глубоко одушевлена и пронизана живыми токами. Время подвержено сглазу (*«рæстæг фæцæстдзыд»*), окружающий героя мир «сжался, съежился удрученно, стал жалок, словно измученный ревматизмом старец», деревья «остолбенело уставились» на свои вмиг оголившиеся ветки, река «огромной серебристой рыбой несется-плещется меж двух равнин». Арсамаг, обращаясь к горам, нарекает их людьми: «Эх, эх! Какой хороший вы народ, горы! Как хорошо вы ладите между собой, как здорово!» (с.12). Читателя северокавказской прозы, осетинской, в частности, трудно удивить метафорической образностью, которая подчас бывает даже избыточной. В романе Б. Гусалова нет этой орнаментальности, метафора здесь наделена какой-то особой утонченностью, ароматом изящества, если можно так выразиться.

<…> Образ Арсамага не замыкается в рамках природности. Важной стороной его является духовность. Писатель системой образов показывает, что принцип приспособляемости, естественный для законов развития природы, не всегда оправдывает себя в отношениях между людьми. Автор судит своих героев с позиций других, «человековедческих» категорий: воскрешения духовности, способности либо невозможности возврата к самому себе, к нравственной гармонии.

Мечта героя Б. Гусалова – видеть людей уверенными в своем бу-

дущем, душевно щедрыми по отношению друг к другу, осознавшими, что человечество – одна семья, в прошлом гревшаяся у одного очага. Отсюда и название романа – «Иу артæй уæрст» (букв. «поделившие очаг») – концентрированный экстракт народной мудрости (в переводе изначальная метафоричность, заключенная в формуле кровного родства, теряется).

Авторская позиция ярко проявляется и на внесубъектном уровне. Композиционно роман стремится к кольцевому построению: вводная («Закон жизни – безупречен») и заключительная («Костры тревоги») главы – контрастные, но одновременно как бы взаимопереходящие полюса повествования. Первая утверждает исконную разумность мироустройства, вторая горячо взывает к восстановлению согласия в обществе, поправшем мудрые законы человеческой жизни. <…>

Своеобразие архитектоники романа – в последовательном проведении точки зрения центрального героя (все основные события как бы нанизаны на «ось» сюжетной линии Арсамага) при одновременной тенденции к субъектной многоплановости повествования (локальные сферы лиц второго плана организуют «горизонталь» параллельных сюжетных линий). Один за другим возникают «малые миры» персонажей, смысловое содержание которых паремически локализовано в названиях глав. Каждая из них, по существу, – «семейный портрет в интерьере». Прием повторной «прокрутки» кадра способствует раскрытию микромира отдельных семей, как бы дробя повествование на композиционные отрезки с реализацией в них личного опыта того или иного персонажа. Отношение автора к героям афористически зашифровано уже в самих названиях текстовых отрезков: к Хаирбегу («Людям – много, нам – вдоволь»), к Канамату («Даже и там [остается] без добычи, где все нарасхват»), к Усачу-Урусби («Горе одного – для другого смех»), к Волку-Урусби («Мышь со стороны» – имеется ввиду народное изречение: «*Пришлая мышь коренную из норы вытеснила*») и пр. При всей их экспрессивной многозначности точки зрения героев имеют – каждая свою – психологическую доминанту. Она-то и стягивает, словно магнитом, все случайные, разрозненные явления воедино, соотнося их с тем или иным типом поведения человека.

Отсюда, несмотря на индивидуализацию, – портретную, речевую, на уровне неповторимости судеб, – идет восприятие персонажей как своего рода масок-функций: стяжательства, алчности (Хаирбег), озлобленности (Волк-Урусби), вранья и мелкого мошенничества (Усач-Урусби; в прозвище героя слышим отзвук древнего обычая – сбривания уса у преступившего законы чести), услужливости (Динара), принципиальной несгибаемости (Мухтар), болезненного честолюбия, манерности (Дзыко), совестливости (Канамат)), эгоизма (Алихан), веселой доброжелательности (Масинка) и пр.



Субъектные сферы героев, разграниченные композиционно, в главе «Раскаяние» вновь сведены воедино. Характеры и обстоятельства показаны в романе с беспощадной правдивостью, в кричащих противоречиях. Герои в плену бездуховности, но даже для самых «отпетых» из них не закрыта перспектива обновления, нравственного очищения. Этой позицией гуманности и веры в человека пронизано все повествование.

Писателем обыгрывается один из распространенных в мировом искусстве вариантов противопоставления «нормальности» и «безумия». Арсамаг, благодаря духовной мощи и вещему сердцу, намного «перерос» свое окружение. Высшее безумие как «мудрость жизни» не доступно им, и даже Канамат, которого герой называл своей совестью, уже не попутчик ему («Не зову тебя за собой, иду один!»). В то же время символика произведения ориентирована на соборность, на проявление командного духа: «...А потом вдруг небо потемнело: со всех сторон слетаются орлы в бескрайней выси и, опережая друг друга, рвутся к пламени. Самые отважные прорвались – десять, двадцать, сто, тысяча… Небо вспыхнуло…

– Это безгрешные души со всего света! – догадался Арсамаг.»

В этих словах – страстная идея романа: не трагическая фигура героя-одиночки, а единение моральных и физических сил человечества способно вывести мир из эсхатологического тупика.

**Функция бытийного в пространстве обыденности (роман «Плоть от плоти» Б. Гусалова) // Современные проблемы науки и образования. 2015. № 2.**

*(Уацæй скъуыддзаг)*

<…>Мифологическое в анализируемом произведении ограничено сферой одного персонажа, скотника Арсамага, род занятий которого отсылает нас к архетипу *авгиевы конюшни* – в его проекции на ско-

пившиеся за годы тоталитаризма и застоя громадные заносы бездуховности в обществе. Не исключена также апелляция к мифологеме пастуха-пастыря, наделенного в мифопоэтической традиции народов мира функциями охранителя, защитника, вождя. (Отсюда лейтмотивный в творчестве К. Л. Хетагурова образ «пастуха» как лидера нации, способного сплотить и уберечь ее от бесславной погибели.) Очевидна и аллюзия на мотив потаенной силы в мифоэпике осетин. Подобно нартовскому патриарху, до поры до времени скрывающемуся под маской безродного старца-пастуха (сюжет о последнем походе Урузмага), богатырская природа персонажа Б. Гусалова проявится не сразу, но – самым неожиданным образом.

Образ романного героя Б. Гусалова создается на пересечении плоскостей реально-бытового и символико-мифологического, характерности сочетания в нем природного, социального и нравственно-этического начал. Под пером писателя способность Арсамага изменять границы физической сущности и связанные с этим иррациональные явления не лишены жизненной мотивации (чтобы справиться с «гора-быком», в дикой ярости ринувшимся на него, герой в считанные мгновенья «вырастает» в великана – таков в романе Б. Гусалова механизм мобилизации внутренних, непознаваемых ресурсов человека в экстремальной ситуации). Начиная с исходного импульса к трансмутации и заканчивая серией превращений в финале повествования (человек-ворон-орел-человек) – все здесь логически выверено и «реалистически» обосновано.

<…>Это, несомненно, эксперимент в осетинской прозе. И, как всякий эксперимент, он имеет право на жизнь, если за ним стоит новое поэтическое видение, которое не разрушало и не дробило бы полноту и нераздельность художественной ткани произведения, не вызывало бы ощущение искусственных «вкраплений» мифопоэтики в его содержании. Выдающийся русский мыслитель А. Ф. Лосев полагал: «Внешняя организация материала не сообщает ему смысловой цельности, если эта цельность не задана изначально, если у художника нет идеального образа целого» [5, 398].

В начале повествования перед нами, казалось бы, заурядная личность, все мысли, дела, разговоры которой не выходят за пределы самой что ни есть прозаической повседневности: нужно помочь соседу освежевать тушу жертвенного барана, укутать потеплее саженцы



– зимой не замерзли бы, и ворота надобно починить… В будни и в праздники, в зной и стужу скотник Арсамаг вечерами спешит на свой пост, совмещая уход за стадом с обязанностями ночного сторожа на одной из захолустных ферм республики. Только раз нарушит он заведенный порядок, когда невыносимая зубная боль погонит его в город, к врачам. И случится беда: погибнет человек, будет ограблена ферма: лучших коров уведут из стойла. Как будто мир и покой окружающих держались на могучих арсамаговых плечах: стоило ему споткнуться, и в один миг все рухнуло. Как видим, скромный социальный статус героя Б. Гусалова значительно расходится с предопределенностью его миссии, истинные масштабы которой откроются в финальных эпизодах текста.

Основной пафос романа «Плоть от плоти» – в утверждении темы кровного родства народов. Человечество – одна семья, в прошлом гревшаяся у общего очага – эта мысль заявлена уже в самом названии – «Иу артæй уæрст» (букв. «поделившие один [очажный] огонь»). Несмотря на поистине титаническую мощь, Арсамаг одержим страхом войны. Не панически душным и липким страхом за свое физическое «я», а за бытие материи в целом. И чтобы достучаться до дремлющего сознания людей, он, по древней горской традиции, решает стать вестником тревоги. Это стержневая мотивация поведения героя.

Системой образов романа (Хаирбег, Роберт, Ус-Урусби, Волк-Урусби и др.) автор показывает, как далеко зашел человек в своих деструктивных, разрушительных действиях, предав забвению истоки единства со всем живым на планете, равно как и этические заповеди дедов и прадедов, – то, что исследователи называют умением «слышать голоса рода внутри себя» [1, 49]. Один Арсамаг смутно чувствует в себе наличие «другой жизни», то ли им самим когда-то прожитой, то ли кем-то из его далеких предков. В этом плане центральный образ романа органично продолжает типологический ряд, сложившийся в советской литературе еще в 1960–1970-е годы. Старик Каип из «Второго путешествия Каипа» Т. Пулатова, старухи Анна («Последний срок») и Дарья («Прощание с Матерой») из повестей В. Распутина, Урузмаг, Иман, дочь Бату из цикла повестей «Реки вспять не текут» Н. Джусойты и др. – каждый из них как бы крупица природы, ее часть, которой имманентно присуща связь со всем живым. «К гетевскому «я доверяю ей» (природе) эти герои могли бы добавить, что и природа им

доверяет» [9, 48]. Гармония жизни названных персонажей обусловлена патриархальной замкнутостью мира, которому они принадлежат. У Б. Гусалова проблема предстает в несколько ином ракурсе: его герой, при несомненном ощущении им единства со всем сущим на земле, ограничен в кредите доверия, поскольку на формирование credit history, помимо его личного опыта и воззрений, оказывает влияние состояние умов общества в целом.

Знаменателен в этом плане «диалог мыслей», который ведут в романе человек и животное. Утомившись от тяжких дум, Арсамаг признается в своей беспомощности: он слаб и смертен, как и все вокруг. «Это не так, – возражает ему про себя четвероногий друг, осел Цъахой. – Неужели и того не знаешь, что известно мне. Большой Человек призван гореть, быть надеждой людям, не дать им скукожиться и замерзнуть» (здесь и далее подстрочный перевод мой – М. И.).

Статус голоса Цъахоя в романе приближен к авторитетной точке зрения самого автора, а говоря точнее, воплощает некий надличностный всеведущий взгляд, в котором зафиксирована вся полнота предварительного знания об Арсамаге. Существенны отличия и в пространственно-временном типе восприятия человека и животного. В поле зрения Цъахоя – дальний план: он знает и слышит не только то, что было и есть, но и то, что будет. Пространственный кругозор Арсамага ограничен конкретными, реально видимыми деталями близкого плана, хотя перспективы событий определяются им на уровне смутных предчувствий.

В анализируемом тексте затронута и актуальная для современной литературы проблема разумной коррекции связей «человек-природа». Автором отчетливо проводится мысль о том, что принцип приспособляемости, естественный для законов развития природы, не всегда оправдывает себя в отношениях между людьми. Человек не имеет право на ту кротость, с которой двигается навстречу своей гибели четвероногий персонаж романа «Плоть от плоти». Природа в его лице покойно следует своему предначертанию («что было, то было, должно было быть, и что будет, необходимо тоже»), она «довольна собой», «ей не в чем раскаиваться». Безупречная, бесхитростная упорядоченность всего живого в природе наводит Арсамага на размышления о себе и о сложности самоопределения человека в мире, о вечных законах жизни и неразгаданной тайне



времени. В оценке типа литературного героя, сходство с которым обнаруживает персонаж Б. Гусалова, критика делает акцент на главенстве «нравственного императива», сформулированного еще И. Кантом [9, 48]. Ежеминутное ощущение «морального закона» как внутреннего повеления столь сильно в Арсамаге, что нет смысла отслеживать причинно-следственные связи, участвующие в накопительном процессе данного качества. Это нечто иное: незыблемое, вечное, – «сгусток» нравственных поисков многих поколений, осевший в генетическом коде Большого Человека. Чуткая совесть героя, опережая взыскующую мысль, всякий раз безошибочно определяет нравственность либо ущербность совершенного им поступка, не отменяя при этом мучительных сомнений по поводу возможности другого исхода (линия Арсамага и Залики). Духовные муки, показатель его истинно человеческой сущности, выводят Арсамага – «обыкновенного» человека за рамки отведенных ему природой пределов. Откликаясь на глубинный зов «чувства семьи единой», он идет на свою Голгофу, чтобы пожертвовать жизнью ради спасения человечества. Динамично, красочно, ярко обрисована сцена преображения Арсамага – собственно мифологическая: из спины скотника, оставшегося лежать ничком, взмыл в небо Большой Орел (ср.: мотив Мнемозины в нартовском эпосе осетин), «схватил когтями огонь, и торжествующий клекот разнесся окрест… следом другой Орел, помоложе, с лету поймал язычок пламени, оторвал его от полыхающего костра, издал победный крик – и вот уже несется вдаль в золотистых отблесках заката… И еще один, неоперившийся птенец, – голые крылышки, словно обгорелые, – но поди же! изловчился, схватил язычок пламени и, пронзительно крикнув, устремился ввысь – золотая звездочка на залитом лунным светом небе…». Так эстетически ненавязчиво, на уровне аллегории, проводится в романе мысль о духовной преемственности поколений (Арсамаг-отец – Батраз-сын – маленький Асланчик-внук). Идея преемственности продолжает динамично развиваться по ценностно-смысловой вертикали: от единичного, частного к общему, вселенскому. Порыв героя, принявшего новое обличье, поддержан, костры тревоги заполыхали в различных точках земного шара.

В последний момент Арсамаг пасует перед своей миссией: «…припал к земле, прижался к ней всем телом и взмолился: “Господи, оставь меня человеком, пусть выпадет мне испытать любые мучения –

но в человеческом облике…”». Предпочтение героем «орлиной душе» силы земного притяжения можно трактовать двояко. С одной стороны, это как бы проявление сыновней привязанности к земле, преданности живущим на ней людям; с другой – означает кратковременную сдачу позиций, потерю веры в собственные идеалы. И в бренное тело Арсамага вселилась душа ворона – так обыгрывается «адова» составляющая архетипической триады. (Ворон в христианстве, как мы знаем, идентифицируется с Сатаной; он есть символ греха, разрушения, злобы.) «Низкому» перевоплощению героя сопутствуют мотив «умаления». Расставшись со своей идеальной сущностью, Арсамаг лишается и высоты человеческой мощи, становится неузнаваем для окружающих: «Кто-то чужой, приземистый, неказистый с виду, смеется некрасиво, бездушно, беспричинным дурным смехом». Резко меняются суждения персонажа, взгляды на жизнь; циничны, грубы высказывания о женщине, чью честь и достоинство он ранее ревностно оберегал. Заключительный акт в серии превращений связан с триумфом орлиной ипостаси души героя – метафорой трансцендентного воскресения.

Здесь миф об орле как носителе небесной (солнечной) силы, огня и бессмертия, восходит, по-видимому, к образу культурного героя, похищающего для людей огонь. Но в романе мотив прометеева деяния определенным образом трансформирован. В мифологии речь идет о добывании для сынов земли некоего материального блага, положившего начало цивилизационным процессам. У Арсамагова огня другое назначение: вывести мир из эсхатологического тупика, осветить путь человека к самому себе, дабы спасти его от духовной нищеты и бездумного прозябания. Так в структуре романа Б. Гусалова древний обычай, вызванный к жизни реалиями исторической жизни горцев, обретает значение символа-предела (термин А. Белого): благодаря нему параметры национального мира размыкаются в пространство вселенского универсума, отдельная человеческая судьба, жизнь небольшого, ничем не примечательного осетинского села оказывается втянутой в орбиту существования планеты всей. Вместе с тем зажжение сигнального костра на холме Елберда (инверсии Мировой горы), в мифологическом плане прочитывается как ритуальное воспроизведение акта творения в целях активизации «конструктивных потенций» космопорядка, восстановления утерянной гармонии мироустройства, нейтрализации разрушительных сил зла (хаоса). [6; 3].



Сказанное позволяет сделать вывод о том, что образ главного героя романа «Плоть от плоти» Б. Гусалова является звеном, обеспечивающим мотивированность и оправданность обобщенно-философского и конкретно-художественного начал романа. Два аспекта структуры повествования: живая непрерывность бытия (проблема преемственности поколений) и взаимообусловленность существования организмов на земле (линия «человек-природа») – сведены воедино животрепещущей темой современности: темой войны и мира. Лишь человек способен остановить им же разожженный огонь братоубийственной войны, которая ведет к глобальной, необратимой катастрофе – вот центральная мысль, замыкающая «идеальный образ целого» романа.

## «Отголоски древнеиранских мифологических воззрений в художественном сознании осетин» // The Second Symposium on Iran &North Caucasus of Russian Federation. June 16th 2019. – IPIS, Tehran.

*(Уацæй скъуыддзаг)*

...Анализ мотивно-образной структуры ряда произведений осетинской литературы выдвигает на повестку дня вопросы, отсылающие к концепции дуальной системы макро- и микрокосма. Известно, что с возникновением религиозного культа зороастризма центральной темой в иранской мифологии оказывается дуализм этический (противоборство добра и зла, выраженное в конфликте асуров и дэвов) и дуализм гносеологический (земная, телесная сфера и духовный, потусторонний мир). По мнению ираниста В. И. Абаева, это «старый арийский дуализм», но «в преобразованном и вместе с тем предельно заостренном виде: дуализм п р и р о д ы становится дуализмом с о ц и а л ь н ы м». При этом, как утверждает ученый, предки осетин – скифы – прошли мимо данного учения: «Ни сведения Геродота… о религии скифов, ни мифологические и религиозные воззрения осетин-алан не заключают даже намека на зороастризм». И далее: «…из всех новоиранских народов только потомки скифов осетины не сохранили в своем языке, фольклоре, этнографии никаких отзвуков зороастризма».

Но, похоже, осетинские писатели «не осведомлены» относительно данного утверждения. Так, на прямые ассоциации с социально-этиче-

скими постулатами зороастризма наводит упомянутый выше роман Гусалова. В аспекте изучаемой проблемы интерес представляют фигура главного героя и «голоса» его коров. Осетинский фольклор знает разговаривающих коней, ласточек, мечей, деревьев; есть даже сундук, понимающий тайный язык нартов и откликающийся на их просьбы. Однако говорящих, более того, рефлектирующих коров в нем нет.

Структура образа Арсамага строится автором на основе синтеза элементов бытового и онтологического планов. Семиотика повседневности проявляется в более чем прозаической деятельности персонажа: на колхозной ферме он совмещает работу скотника и ночного сторожа. Арсамаг Гусалова – именно тот добрый хозяин, который, как сказано в «Авесте» (Ясна 29), должен заботиться о скоте, оберегать его от жестокости злых людей. Повествование открывается препирательством героя с заведующим колхозной фермой – неинициативным, осторожным, работающим с оглядкой на вышестоящее начальство. Скот на ферме содержится в закрытых помещениях, без выпаса и выгула, без сбалансированного рациона и подобающего ухода; отсутствует механизация технологических процессов.

На первый взгляд, писателем затронуты исключительно проблемы хозяйственно-бытового плана. Но раскрытию авторских стратегий способствует «точка зрения» коров, равноправно присутствующая в композиционно-нарративной структуре романа. Аллюзией на жалобы Души Быка из «Авесты» кажутся сетования коровы Розы-Анжелики на то, что скот внимание и заботу знает лишь от Большого Человека (так именуется на коровьем языке Арсамаг), на хищничество и разбой Недобрых Людей, среди ночи уведших из стойла племенного быка Кровоглазого, на боязнь места (бойни), откуда «всегда исходит тяжелый кровавый дух». В свете сказанного упомянутый выше инцидент вполне можно квалифицировать как конфликт на почве нарушений установленных Заратуштрой норм пастушеской жизни.

Интересно и то, что на колхозной ферме четыре коровника, скотников – соответственно – тоже четыре, которые попарно состоят в антагонистических отношениях (Арсамаг, Канамат – Усач-Урусби, Волк-Урусби), что вписывается в схему так называемого основного индоевропейского мифа. В отличие от «недобрых людей» означенного оппозиционного ряда, Арсамаг душой болеет за свое дело, подобно изображенному в «Авесте» (Ясны 35–42) образцовому пастуху, осознает и ценит благо, которое скот дает человеку. Он видит в своих «подопечных» живую душу, сердечно привязан к ним.



Паритетность отношений мира людей и мира животных открывается в образных сравнениях и уподоблениях. Так, корова Паршивая Спина сопоставляется Арсамагом с неопрятной и нерадивой матерью, у которой и дом не прибран, и дети неухожены. И далее по контрасту следует феерическое признание достоинств другой «особы», его любимицы:

– Ну, до чего же, Маня, ты хороша! Краса всех буренок! Клянусь, золотым летним вечером я даже в кино бы с тобой сходил! Да воздадутся твои страдания тому, кто с весны держит тебя в этой духоте, кто не позволяет тебе выйти на пастбище, – явить миру свою красоту!».

Авторские стратегии проявлены и в сфере онейрического хронотопа. Герой изображен в действии-переживании сна, в котором сложно переплелись память «прошлой жизни» и мотив предчувствия-предвидения как отражение бессознательного начала человеческой психики. Падение с обрыва, сопротивление потоку, чувство смущения и стыда, обернувшаяся золоторогой коровой девушка – калейдоскопу знаковых состояний и превращений находим объяснение в эпизоде ночного визита к Арсамагу влюбленной в него Залики. Эмоционально и психологически заряженные события прокомментированы с позиций понимания их человеком и животным и несут этико-гуманистическую смысловую нагрузку.

Помимо земных функций персонаж Гусалова наделен и сверхъестественными чертами. Он не только охранитель стада, но и норм морали, порядка и безопасности в социуме. Лишь раз пришлось Арсамагу оставить свой пост, и деревенский космос стал уязвимым для сил зла: был убит человек, лучшие коровы уведены из стойла. Как и в сценарии упомянутого выше индоиранского мифа, где скот переходит от бога-громовержца к его противнику, а затем снова обретает настоящего хозяина; в романном сюжете след похищенных коров Арсамага в конечном итоге тоже будет найден, и они возвратятся в свое стойло.

Сравнение с богом грозы могло бы показаться натянутым, не будь ранее еще одной отсылки к нему. Имеется в виду поражение молнией подростка с задатками гения математики – случай, задающий ход сценарию инициации. Первая стадия ее предполагает изоляцию от общества (в нашем случае, из-за наступившей у Арсамага немоты и

глухоты), вторая – пребывание в положении выключенности из бытия (по состоянию здоровья он не был призван на войну, тогда как весь народ встал на защиту отечества); эту стадию можно охарактеризовать и как символическую смерть, которая продублирована «заместительной жертвой» (ударом молнии в тот злополучный день была убита девушка, к которой Арсамаг питал глубокое чувство). И, наконец, третья стадия инициации – включение в прежнюю социальную среду, но уже в новом качестве. С Арсамагом это случилось во время схватки с гора-быком (еще одна скрытая параллель с иранским мифом), в результате которой он вновь обрел дар речи и слуха, а еще – чудесную возможность менять физические параметры тела.

В мифологическом плане способность героя к трансформированию есть возврат в социум в новой ипостаси, сакральный переход в статус защитника вселенной от беспорядка и хаоса. Финальная сцена, в которой реализован эсхатологический мотив очищения огнем, делает очевидными две восходящие к зороастризму ипостаси Арсамага: пастуха – доброго хозяина скота и бога-хранителя морали и миропорядка.

*МАМИЕВА Изета,*
*кандидат филологических наук,*
*литературовед*

КАРЗ ХÆСТЫ ФÆНДÆГТЫЛ – УÆЛАХИЗМÆ
1945–2020

*ТЪЕХТЫ Тамерлан*

# НЫФС ÆМÆ ÆФСАРМÆЙ УАРТ



Хæст æмæ фæсхæсты хъизæмæрттæ...

Йе ‘рыгон бонтæ саумылаз хæстон азтæ кæмæн ахастой, уыцы фæлтæр нæ бауагъта йæ цард тар æмæ æрхæндæг скæнын. Æрхауд æм, ныфс æмæ лæгдзинадæй райдзаст кæнын кæй бахъуыд, ахæм дуг. Æмæ уымæ сарæхст Уæлахизы салдат Æлдаттаты Хъауырбеджы фырт Виктор дæр. 90 азæй фылдæр фæцард уый зæххыл удвидар, хъаруджын æмæ рæстзæрдæ адæймагæй. Йæ фарны хъуыддæгтæй абон дæр сæрыстыр сты йæ райгуырæн хъæу Хъахъхъæдур æмæ, йæ царды фылдæр хай кæм фæцард, уыцы горæт Беслæн.

Æрыгон лæппуйæ йе ‘мгæрттимæ тохы быдырмæ фæцыд, йæхиуыл нæ ауæрста, йæ уды хъизæмæрттæ æнæкæрон систы, фæлæ уайтагъд не сси кады, хæрзиуджыты, Уæлахизы салдаты «цины» аккаг. Ныртæккæ рæстæг алцыдæр йæ бынæтты сæвæрдта, фæлæ уыцы тæссаг дуджы, йæ хæстон дарæс раласгæйæ, уыд уацарæй сыздæхæгыл, райгуырæн бæстæ уæйгæнæгыл нымад. 1946 азы майы йын Хъахъхъæдурмæ ссæуыны бар радтой, æмæ сæййæфта æрмæст, хæсты рæстæг бомбæ кæуыл æрхауд, уыцы хæдзары хæлддзæгтæ. Йæ ныййарджытæ сæ хъæбулы фендмæ нал фæцардысты. Йæ хæстон фæндæгты тыххæй Æлдатты-фырт фæстæдæр журналист Черчесты Хъасболатæн ахæм

хабæрттæ ракодта: «Адæмон ахуырады инспекторæй куыстон, æмæ мæ æфсæддон комиссарадæй нæхимæ рарвыстой, скъолатæн дæр æхгæнæн нæй, зæгъгæ. Дыккаг, æртыккаг хатт дæр мæ раздæхтой, стæй мæ рад дæр æрцыд. Прохладнæ, уый фæстæ, 1942 азы апрелы, – Малкæйы доны был хæстон ахуыртæ. Хæцæнгарзæй кадавар уыдыстæм, архайын дæр дзы рæстмæ нæ зыдтам, афтæмæй тохы бацыдыстæм Батайскы, уырдыгæй афтыдтæн Ростовы облæстмæ, æмæ Калушинскы районы ме 'ртæ 'мбалимæ уацары бахаудтæн. Нæмгуытæ нæм нал уыд, æмæ нын нæхи фехсын нæ бантыст.

…Уацайрæгты лагерь горæт Миллеровойы. Сыдæй мардыстæм, æппындæр нын ницыуал уæлдай уыд, фæлæ цы кодтаиккам? Æрмæст ма фыр мæстæй иронау фашистты æлгъыстон. Мæ цуры лæууæг мæ афарста: «Ирон дæ?». Загъта-ма, йæ мыггаг Чехойтæй кæй у, æмæ æрхауд, йæ уд систа… Æз та – Украинæмæ, уырдыгæй – Польшæмæ. Уым фембæлдтæн Цæллагты Мишæ, Дыгуры Батырбег æмæ Æлдаттаты Митяимæ. 1943 азы нæ аластой Голландимæ. Бæргæ архайдтой бынæттон партизантæ нæ удласджыты дзæмбытæй нæ фервæзын кæныныл, фæлæ сын сæ бантыст. Бавгæдтой нæ науты, æмæ кæрæдзийæн хæрзбон дзырдтам, доны нæ калинаг сты, зæгъгæ. Текселы сакъадахы фестæм, уырдыгæй нæ 1945 азы Стыр зæхмæ раластой. Цыдæр æгъдауæй нын бантыст иу хæдзары нæхи бафæсвæд кæнын. Сæ лæппу Ян разынд партизантимæ баст, базонгæ нæ кодта скульптор Бен Регеримæ æмæ нæ Батырбегимæ партизантæм сæмбæлын кодтой. Уым баййæфтам Балаты Раманы, Фардзинты Грисайы, Лазарты Махарбеджы æмæ Бицъоты Тæтæрхъаны. Иннæ адæмыхæттыты минæвæрттимæ æмзонд æмæ æмхъаруйæ сæрибары сæрвæлтау тохы бацыдыстæм».

Чи зыдта уыдæттæ Ирыстоны, стæй уыргæ дæр кæй бакодтаиккой. Виктор-иу фидарæй загъта: «Мæ цæсгом – мæхи, æмæ мæ райгуырæн бæстæйы раз сыгъдæг у. Алкæмæн дæр рæстæг тæрхонгæнæг уæд…». Бирæ азтæ рацыд, æмæ йын кæддæр-нæуæддæр фæци Голландимæ ныффыссыны фадат. Сæрвыстой Викторы æмæ йе 'мбæлтты сгуыхтдзинæдтыл дзурæг газеты æнæхъæн фарсыл мыхуыргонд æрмæг хуызистытимæ. Ноджы ма – ахæм гæххæтт-æвдисæндар: «Мы, нижеподписавшиеся, последние, оставшиеся в живых члены бывшей группы Сопротивления, во время немецкой оккупации Нидерландов во вторую мировую войну, настоящим подтверждаем, что они приняли двух русских военнопленных Виктора Алдатова и Батрбека Беликова в качестве членов группы Сопротивления с начала марта 1945 года до освобождения Нидерландов 5 мая 1945 года и что они приняли участие во всех военных действиях против немцев. Г. Бредевут, Р. Говер, Ян Хогфорст, Д.Трап». Сæ ныхæсты рæстдзинад сын бафидар кодта горæт Схорлы бургомистр.



Ацы хабæрттæ бæстондæр фыст сты Бицъоты Грисы документалон уацау «Садонæй Схорлмæ» («Мах дуг», №2, 1991 аз) æмæ Къомайты Лидæйы очерк «Жизнь – она ведь жестокая»-йы (газет «Знамя коммунизма», №№138-143, 1990 аз). Уый размæ та йæ æппындæр цæрын нæ уагътой алы хуызы хицæуттæ. Йæ дзаумæттæ-иу æрæмбырд кодта, йæ бинонтæ æмæ æнахъом хотæн-иу загъта, гæнæн ис, æмæ фæстаг балцы цæуын, зæгъгæ. Ахæстоны кæнæ Сыбыры лагеры хъизæмæрттæн ма цардæфхæрд лæг кæцæй ныффæрæзтаид…

## ЗОНДАМОНДЖЫТЫ ÆХХУЫСГÆНÆГ

Зын фæлварæнтæ – фагæй фылдæр, фæлæ уый æппындæр нæ фæкæйдта лæппуйы æвæджиауы курдиат ахуыргæнæджы дæсныйадмæ. Фыццаг фæллойадон чингуытæ дæттын райдыдтой 1939 азы, æмæ уæд йе 'вдисæндары фыццаг цъарыл фыст æрцыд: «Ахуыргæнæг». Кæрæйкæронмæ кадимæ фæхаста Æлдаттаты сæрæнгуырд уыцы ном. Кусгæ куы нал кодта, уæддæр сывæллæттæн арæзта ахуыргæнæн чингуытæ, нæ фæллад æхсæнадон куыст æмæ патриотон хъомыладыл архайдæй. Уымæ гæсгæ йæ схуыдта журналист Къомайты Лидæ дыууæ æнусы ахуыргæнæг. Виктор йæ уды хъарм фæлæвæрдта хъæукаг сывæллæттæн. 1936 азы кусын райдыдта йæ райгуырæн Хъахъхъæдуры скъолайы, уый фæстæ йæ фæндаг ацыд Садоны районы, Чермены, Бруты, Ног Бæтæхъойы, Змейкæйы скъолатæм.

Цæстуарзон хистæр ма бацин кодта, нæ республикæйы ахуырады æмæ наукæйы министрæй йæ хъæукаг Созанаты Валери нысангонд кæй æрцыд, ууыл. Æмæ-иу йæ зæрдыл æрбалæууыд, фыццаг фондзазоны рæстæг Галоны поселочы дыууæ азмæ æртæуæладзыгон скъола куыд саразтой, уæды рæстæджы рухсады министр Олисаты Данел дæрддзæф хъæуты скъолаты урокты куыд бадт æмæ бирæ æндæр ахæм хабæрттæ.

Виктор сывæллæтты миддуне дæр хорз æнкъардта, литературæ дæр бирæ уарзта. Уымæ гæсгæ зыдта, цавæр хуызы уацмыстæ сæ цымыдис

кæнынц, уый. Æмæ уадиссаг нæу, йæ ахуыргæнæн чингуытæ æмæ методикон амынддзинæдтæ сывæллæтты æмæ ахуыргæнджыты зæрдæмæ тынг кæй фæцыдысты, уый. Ахуырады министрад ын йæ зонындзинæдтæ æмæ фæлтæрддзинадæй пайда кодта, æмæ сæ нæ фæсайдта – зæгъæм, 6-æм къласæн ирон литературæйы хрестоматийæ скъолатæ пайда кодтой 20 азы, ногæй йæ рауагътой фондз хатты. Фæлæ йæ биографийы фыст – хæсты рæстæг фæци уацары, æмæ йын партимæ бацæуыны бар нæ уыд. Æнæ уымæй нæ лæвæрдтой хæрзиуджытæ дæр. Æниу Виктор уыдæттæм нæ тырныдта, уæхскуæзæй куыста. Æмæ рауагъта йæ сæйраг ахуыргæнæн чиныг – æхxуысгæнæн æрмæг æрдз базонынæн, хъомыладон æмæ ныхасы рæзтыл куыстæн «Нæ алыварс дуне ныввты хуызы». Пайда дзы кодтой куыд рæвдауæндæтты, афтæ кæстæр æмæ астæуккаг кары скъоладзаутимæ куысты дæр, æмæ ныр зын ссарæн, ногæй рауадзыны аккаг сси. Ацы бирæ хуызджын нывтимæ чиныг æнæхъæн энциклопеди у цыфæнды ахуыргонд адæймагæн дæр. Цавæр цæрæгойтæ кæнæ цъиутæ сты хъуаз, дудахъ, къæдза, кæм зайынц тырты, бурахъæд, хъалгъæн, сыхсы? Кæнут æви нæ хæринагыл адгæрдæг, малæмар, пысырайымад? Цы нысан кæнынц агкæл, быстæг, гуыххæл, æртау? Куыд хуыйнынц иронау хиуæттæ, адæймаджы буары хæйттæ, æдзух кæй уынæм, уыцы бæлæстæ? Ацы æмæ бирæ æндæр фарстытæн дзуапп райсæн ис, æвæджиауы рæсугъд фæлгонц чиныг рафæлдахгæйæ.

Викторы та йæ хæрзиуджытæ уæддæр «ссардтой». 70-аздзыдæй сси РЦИ-Аланийы сгуыхт ахуыргæнæг. Схорзæхджын æй кодтой Фыдыбæстæйы Стыр хæсты дыккаг къæпхæны орденæй, сси фæллойы ветеран, Хъахъхъæдуры хъæуы кадджын гражданин. Ныффыста йæ хъæуы истори, рацыд ын Хъантемыраты Æхсары арæзт чиныг «Дарг-Кох и даргкохцы»-йы. Уыд Беслæны Минæвæрдты æмбырды депутат, уæды Æппæтирон æхсæнадон змæлд «Стыр Ныхас»-ы Рахизфарсы районы хайады сæрдар, уый фæстæ – йæ активист. Æппæт уыцы хъуыддæгтæ дæр кодта, фыццаджыдæр, ахуыргæнджыты æмæ скъоладзауты иузæрдион æхxуысгæнæг уæвынмæ тырнгæйæ.

## ФЫССÆГ ÆМÆ ПУБЛИЦИСТ

Æлдаттаты Викторы сфæлдыстад бæрцæй бирæ нæу – 1998 азы рацыд роман «Ладинæ», афæдзы фæстæ – æмдзæвгæты æмбырдгонд «Бонивайæн», 2002 азы – прозаикон уацмысты чиныг «Зæнгсаст дидинæг».



Уымæй уæлдай ма газеттæ «Рахизфарсы цард» æмæ «Рæстдзинад»-ы мыхуыргонд цыдысты сывæллæттæн радзырдтæ æмæ æмдзæвгæтæ, очерктæ, публицистон уацтæ. Ирон æвзагмæ ма ратæлмац кодта сомихаг аргъæуттæ, фæлæ хицæн чиныгæй рухс нæ федтой.

Нæма фæзынд, йе сфæлдыстадæн ын аккаг аргъ чи скæна, ахæм иртасджытæ. Афтæмæй та цас аив фæлгонцтæ ис йæ романы, куыд арæхстджынæй æвдыст цæуынц сæйраг хъайтартæ Данел (Гукъур) æмæ Ладинæйы фæлгонцтæ. Кæнæ Асæго, Батыр æмæ йе ‘мхъуыдыгæнджыты тох Тъох æмæ Надийы хуызæн æппæрццæг хъайтартимæ. Æмæ – авторæн йæхи биографи, йæхи уды хъизæмæрттæ.

Кæнæ новеллæтæ «Мад», «Хъама», «Чиныг», лирикон этюд «Хæхтæ». Цы ма уа ацы ныхæстæй зæрдæмæхъаргæдæр: «Мад. Уый – дзырдты фыццагдæр… Уый – дзырдты домбайдæр… Уый – дзырдты фæлмæндæр. Зæххы къори дæр уымæй домбай у. Хуры хъарм дæр уыцы номæй æндавы… Мад. Æз дæ къухтæм раттин дун-дунеты хъысмæт. Æрмæстдæр дæ зæрдæйы хъармæй ныттæгæлтæ уаиккой цардмынæггæнæн хæцæнгæрзтæ. Мад. Æз уыцы ном ныффыссин æрттивгæ хурыл мæ зæрдæйы тæгтæй».

Æдзух аивадон æгъдауæй æнæлаз не сты, фæлæ зæрдæйы хъармæй тавынц чиныгкæсджыты йе ‘мдзæвгæтæ: «Зæрдæйыл хæхтæ дæр самай, / Нæу ын ныллæууынæй тас. / Сагъæс æй баууилы – катай, / Ауад ыл хахуыр ныхас».

Йæ публицистикæйы хуыздæр дæнцæгтæй иу у, йæ уды хъæр кæм бацыд, уыцы уац «Чердæм у нæ фæндаг, ирон адæм?» Мадæлон æвзагыл, ирон адæмы хъысмæтыл сагъæстæ баиу сты царды фæлтæрддзинады уроктимæ. Лæгдзинады уроктимæ. Уымæн æмæ та йæ хъысмæт ныр дæр йæ адыл нæ ныууагъта – сау сыджытмæ йæ разæй бацыд йæ суинаг кæстæр, йæ фырт Коля…

Викторы домбай зæрдæ йæ куыстæй куы банцад, уæд газет «Рахизфарсы цард»-ы кусджытæ фыстой: «Уый æрмæст районы нæ, фæлæ Ирыстоны хистæртæй æмæ зындгонд лæгтæй иу уыд. Куырыхон, уæзбын зонды хицау. Цæстуарзонæй лæвæрдта кæстæртæн йæ фæлтæрддзинад. Иумæйаг æхсæнадон куыстыты арвыста йæ царды хуыздæр бонтæ. Уæздан, хæдæфсарм, хæрзæгъдау лæг алы хъуыддаджы дæр уыд адæмы ‘хсæн».

Ацы ныхæстæ йын цыртдзæвæн уæнт йæ адæмы зæрдæйы, мах та уæ размæ хæссæм йе ‘мдзæвгæтæ…

# РАЙГУЫРÆН

Мæ райгуырæн – мæ фыдызæхх – мæ хъæу!
Цы хæзнайыл дæ абарон, нæ зонын.
Æз хур æмæ дунейыл барын дæу.
Мæ фыны дæр нæ рыг уынгты ызгъорын.

Ды мæ æристай мады къухтæй, зæхх…
Дæ цъæх риуыл тæлы тулгæ ызгъордтон.
Æхсадта мæ дæ ирд сæууон æртæх.
Дæ рæвдыдæй рæубазыртæ ыскодтон.

Мæ фæлгæсæн – бæрзонд фæцæугæ рындз.
Æз дæм мæ цины рухс бонтæ æрхастон.
Мæ зарджытæ дæ арф кæмтты нæрынц.
Мæ хъысмæт дыл æнусбонтæм ысбастон.

Дæ сау мæрыл мæ зынг зæрдæ – ныхæст…
Æмæ дыл никуы базыдтон фæлмæцын.
Ысныв мын кодтай иу амонд æрмæст –
Дæ бирæ уарзт мæ зæрдæйы фæхæссын.

Мæ уалдзæг дæ, мæ уалдзыгон тыллæг.
Дæ ахстоны ысхъомылгонд лæппын дæн!
Кæм æрвиты йæ сабибонтæ лæг,
Уый ницæуыл ис баивæн æппындæр!

# ИРЫ ХЪÆР

Нæ дуг ысси ныййарæг мадау иутæн,
Фыдыусау æлхынцъæрфыг – мæнын та!
Ирон адæм, куы ныййистæм хæлиутæ,
Нæ развæдыл ныччынд цыма кæлæнтæ!



Æнусты ныл хъысмæты фыд ныйичъи.
Нæ тугдадзинты бады цыма пъæззы.
Нæ фехъуыстам Къостайы сидт дæр – «Исчи!»
Æмæ нæ зæрдæ сомбоныл нæ кæрзы.

Æрæнцад ныл хæрæмигъау æндæр дуг.
Хъæддаг зондæн йæ кæрддзæмау у рæстæг,
Йæ хæрæнтыл нæ хус кæны лæджы туг,
Æмæ йæ хон дæ хорз сыхаг, дæ хæстæг!

Гуырдзыстон та нæ рахуыдта кæд йе знаг!
Хæрынмæ йын æз та мæ уд лæвæрдтон.
Куыд ыстасы нæ Иры фыдгой йе ‘взаг?
Йæ сæрвæлтау нæ Ир куы сси æвæддон!

Фыдæлты ‘мбисонд абон дзуры махыл:
«Лымæнтæ дарын дзыллæты ‘хсæн хорз у.
Фæлæ дзы хинæй чи лæууа дæ къахыл,
Гъе, уымæн иуварс фесхойын йæ хос у!»

Лæбуры бирæгъ комхæлиуæй хъоммæ.
Сæ сыкъатыл æй уымæн сисынц богътæ,
Нæ уæнгтæ цыма нал кæсынц нæ коммæ.
Хъысмæт нын цыма балвæста нæ рохтæ!

Хæйрæджы нозт нæ дадзинты æнхъæвзы.
Нæ фидæныл хъуыдыйы суадон бахус!
Мæрдты фыдæл йæ ингæны ысхъæрзы:
«Æрхауы уæлæ Иры Сафа – рæхыс!»

Уæдæ кæм ыстæм, Иры сахъ фæсивæд!
Кæд ратдзыстæм кæрæдзимæ нæ къухтæ?
Кæд нал кæндзыстæм карз нозты бын ривæд?
Æви, нæ фæлтæр, Иры фарнæй цух дæ?!

*КЪУДУХТЫ Маринæ*

## УАЛДЗÆГ ИРЫСТОНЫ

Уалдзæджы уддзæф æнцойад æрхаста,
Хурæфсæст дидинтæ ауагътой тау,
Арвыл бæрзонд мигъты дымгæ фæхаста –
Ахæм рæсугъд фæзтæм чи 'рхæсдзæн фау?

Хуры рæдау тынтæй зæхх дæр фæцъæхтæ,
Малусæг буцæй ысдардта йæ сæр.
Ирыл та цины зард бакодтой мæргътæ,
Сабитæн хъæлдзæгæй хъуысы сæ хъæр.

## НАЛ АГУЫРДТОН УАРЗТ

Æз цардæй нал агуырдтон уарзт,
Цъæх арвыл аныгуылд ыстъалы.
Ныхгæдтон рухс бæллицтыл маст…
Æмæ ныххуыдуг дæн сæ малы.

Æз цардæй нал агуырдтон уарзт,
Æнæ дæу сау æндæрг уыд райсом.
Фæлæ зæрин хурау æваст
Йæ тынтæ анывæзта амонд.

Мæ цардæй нал агуырдтон уарзт,
Æнхъæлдтон амонды хур акъул…
Мæ хъысмæт у ныр демæ баст,
Мæ зæрдæ уалдзæгимæ райхъал.



***

Тæхуды дæ цæстыты тæмæн,
Тæхуды дæ цæстыты ´рттывд…
Æз бахаудтæн абон сæ уацар,
Фæсырдтой мын дардмæ мæ хъыг.

Куы фехъусис, оххай, тæхуды,
Мæ риуæй мæ уды хъæрзын.
Куы зонис, дæ иунæг фæхудт мын
Куыд фæсуры дардмæ мæ зын.

Дæ фарсмæ мæ цард у цъæх уалдзæг,
Ды иунæг мæ цин дæ, мæ бон.
Æнустæм ныр ирд тæмæн калдзæн
Нæ уарзты сыгъзæрин дыргъдон.

*НÆКУЫСАТЫ Наирæ*

## ÆДЫХ МÆТ

Цæссыгты сæрты амондмæ цыдтæн,
Ды радтай абон иу æртах дæ уарзтæй.
Æнæхъæн аз æнæ дæуæй тыхстæн,
Чысыл ысуæгъд и салд зæрдæ йæ мастæй.

Уый сахуыр риссын, райдыдта кæуын,
Æгæрон цин æнахуыр хуызы разынд.
Фæлидзыс та, зæгъыс та мын "цæуын",
Мæ зынг зæрдæ дæ фæдыл дуртыл атылд.

Куы судза ахсæв тарф фыны дæ риу,
Уæд зон: ныррухс дæ талынг уат мæ уарзтæй.
Нæ зæрдæтæ нырæй фæстæмæ – иу,
Тæхæм уæларвмæ, нал фæразæм бастæй.

Нæ зæххыл амонд аразын зын у,
Дæ мæт æдых у, хъахъхъæн мæ дæ цинæй.
Ды зон, мæ цард æнæхъæнæй дæу у,
Нæ саби-уарзтыл макуы рацу хинæй.

## КÆСГОН КАФТ

Рог кæсгон кафт systa мæн йæ уылæнты,
Ирд цæхæрæй миддуне ыссыгъд,
Мæйы симд куыд диссаг у ыстъалытæн,
Афтæ дисы 'фтыдта мæн дæ уынд.
Бонвæрнонау фидыдтай нæ тар зæххыл,
Уыд æвзыгъд дæ цырд фезмæлд, дæ дзырд,
Ферттывтай æхсаргардау, æрвон бæхыл
Атахтæ, дæ фæд сырх зынгæй зынд.
Райгуырди налхъуыт-налмас дæ къахвæдыл
Банцад уарын, донласт хур ыскаст,
Банкъардтон тыхджын фæсмон дæ ацыдыл,
Цыма мын мæ уд ахастай раст.
Уаз кæсгон кафт systa мæн йæ уылæнты,
Рох цæхæрæй сонт зæрдæ ыссыгъд,
Нарты симд куыд цырын кæны хъæубæсты
Афтæ арвмæ systa мæн дæ уынд.

*1997 аз*

*ÆЛБОРТЫ Беллæ*

## ИУ РАЙДЗАСТ БОН УАЛДЗÆДЖЫ

Абон дæр нæ рох кæнын мæ зæрдæйæ,
Фембæлынмæ демæ мын куыд байрæджы.
Кастæ ды мæнмæ æнхъæлмæ доны был
Рухс фæндтимæ иу райдзаст бон уалдзæджы.



Радтай мæм дæ мидбылхудгæ дидинбаст.
Аив уыди, срасыг дæн йæ хæрздфæй.
Быдыр дæр йæ хуыз ыскалдта хъарм тынтæм,
Цыллæ гауызæй æмбæрзт – цъæх кæрдæгæй.

Астымыл нæхи æруагътам сабыргай,
Стæй кæцæйдæр урс гæлæбу ’рбатахти.
Зилдух systa дидинбастæн й’ алыварс
Æмæ йын йæ адджын къускыл абадти.

Кастыстæм æдзынæгæй нæ дыууæ дæр,
Раст цыма цыкура уыди, арвы цæст.
Дидинæгыл байтыгъта йæ базыртæ,
Ба кæнынæй нал æмæ йын нал æфсæст.

Ехх, кæм дæ, мæ цинæфсæст – мæ цардуалдзæг,
Зæрдæйы та уарзты цырен агайы.
Къахвæндагыл æз фæуайын быдырмæ,
Цæстытыл рæсугъд дидинбаст ауайы.

Мысын æй æз абон дæр рæсугъд фынау,
Фембæлынмæ демæ мын куы байрæджы.
Раргом кодтай ды мæнæн мæ сусæг уарзт
Мадзурайæ иу райдзаст бон уалдзæджы.

*БЕТЕТЫ Фатимæ*

## УАЛДЗÆГ

Нæ уалдзæг – сырхуадул, йæ мидбылты худгæ,
Сабыр, æнцойæ æрцæуы нæм ног.
Æрвгъуыз у йæ кæрдæн, йæ цæстытæ – хуртæ,
Цъæх дари – йæ пæлæз, йæ къахдзæфтæ – рог.

Йæ зæлдаг хъæлæсæй уый зæрдæ рæвдауы.
Йæ зæлтæ йын дымгæтæ аскъæфынц дард.
Уый хъарм æмæ циндзинад бæстæтыл тауы.
Йæ зарæг у цардыл. Йæ зарæг у цард!

***

Зымæг куы уафы халасæй зæлдаг,
Куы тайы миты урс бындзыг мæ русыл,
Мæ зæрдæ мысы уалдзыгон къæвда.
Мæ мидфыны йæ мынæг зарæг хъусын.

Цыма та зивæг райдыдта рæстæг...
Æви йæ махæй ацæуын нæ фæнды?
Æвæццæгæн, нæ уазалдзæст хæстæг
Нæ удты тарæй аргъæуттæ нывæнды.

Фæлæ тæрсы æцæгæлонбæстаг –
Йæ кæстæр æм ныридæгæн æвзиды.
Рæхджы та зæрдæ, ног ныфсытæй дзаг,
Сызгъæрин хурыл цин кæндзæн, æхсиды.

*ГОДЖЫЦАТЫ Нелли*

## АЗАР, ДЗУРЫ МЫН ЗÆРДÆ

Азар, - дзуры мын зæрдæйы уаг, –
Азар, азар, кæд базонис зарын.
Фæлæ рахастон мадæй кæуаг,
Æмæ зæлтæ кæугæйæ æвзарын.

Уды тæгтыл æруадзын мæ арм,
Стæй æрхъавын – æрисон мæ фæндыр,
Фæлæ судзы мæн цæссыгты хъарм,
Уды мастæй фæхицæн нæ фæнды.

О, ныббар мын, мæ ныййарæг мад,
Фæлæ уымæй дæумæ дарын азым:
Уый дæ цæссыг мæ авдæнмæ тагъд,
Æмæ уый дудаг ме уæнгты хъазы.



Ныр дæ удæн йæ рагон рыстæн
Циу йæ аххос? – Хуыцауы фæфæрсын.
Кæд дæ хъæдгæмттæй иу та æз дæн,
Кæд дæ рыстæй дæр уымæн фæтæрсын.

О, ныййарæг, фæцæр мын æнус, –
Æз дæ рыстмæ фæндæгтæ куы ссарин,
Æз куы фенин дæ цæстыты рухс
Уæд ныууадзин мæ кæуын, уæд зарин!

*ДЖУСОЙТЫ Майæ*

## ЦÆР, МÆ РУХС БÆСТÆ!

Хур æркасти мигъты 'хсæнæй
Къæвдайы фæстæ.
Хистæр басидти сырх сæнæй:
«Цæр, мæ рухс бæстæ!».

Исын рагуалдзæджы цинтæ
Уазал зымæджы.
Атайынц фæздæгау зынтæ
Уарзты зарæджы.

Тъыфыл цæргæс арвыл зилы,
Ныфс – йæ ныхыл фыст.
Курын: арфæ рауадз Ирыл,
Фесаф ын йæ рыст!

Хур æркасти мигъты 'хсæнæй
Къæвдайы фæстæ.
Хистæр басидти сырх сæнæй:
«Цæр, мæ рухс бæстæ!».

*2007 аз*

*БАСИТЫ Зæлинæ*

# КУЫВД

Нæ вæййы цард æдзухæй дæр æнæмæт,
Нæу алкæмæ дæр хорзæхтæй рæдау.
Дæ къухты ис, дæ бæрны ис нæ хъысмæт –
Фæдзæхсын дыл мæ кæстæры, Хуыцау!

Йæ цардвæндагыл бирæтыл æмбæлдзæн,
Кæйдæр зæрдæ дзы разындзæни сау,
Кæмæдæр дзы æфсармдзинад нæ уыдзæн, –
Сæ фыдæхæй йæ баиргъæв, Хуыцау!

Фылдæртæ сты кæрæфдзинадæй 'нгæстæ,
Кæнынц фылдæртæ хорздзинад æфстау.
Æмрæнхъ сæ фарсмæ ма 'рлæууæд мæ кæстæр,
Зæрдæхудтæй йæ бахъахъхъæн, Хуыцау!

Куы нал æм уа тыхст заманы фæкæсæг,
Йæ хъысмæт дæр куы разына уæззау,
Йæ зæрдæмæ куы ныххиза æрхæндæг, –
Æнæ ныфсæй йæ ма ныууадз, Хуыцау!

Æвиппайды куы асæттой йæ тыхтæ,
Куы фæдзæгъæл уа а зæххыл куырмау,
Мыййаг куы слæууа 'ппæт дуне йæ ныхмæ, –
Мæ кæстæрæй-иу ма аздæх, Хуыцау!

Зындзинæдтæй куы фемæхса йæ цæссыг,
Куы сæвæра æппæт зæхбæстыл фау,
Куы дыл фæуа æнæзондæй дызæрдыг, –
Ныббар-иу уæд, мæ кæстæрæн, Хуыцау...



*ХАДЫХЪАТЫ Фатимæ*

# ЦÆРИНАГ ЧЫЗГ

*Новеллæ*

Базæронд, нал бæззы Чындз. Йе 'фсин æй хуыдта афтæ, æмæ йыл ацы ном ичъийау банызхæст. Ныр зæронд æмæ æдзæллаг куы у, уæд æй нал фæнды, афтæ йæ хоной, уый, фæлæ ма кæй бон уый аивын.

Ацы зæххыл æм æрмæст Метта дзуры «Дзыцца». «Дзыцца, дон дын авæрон?», «Дзыцца, хъарм къæбæр нæ хæрыс?», «Дзыцца, мæнæ ма дыргътæ фен», «Дзыцца, мæнæ ма карчы басæй схуыпп кæн.

Æхсызгон ын у Меттайы рæвдаугæ хъæлæс, йæ узæлд, йæ рæвдыд. Фæлæ кæм сты йæ бирæ цот, йæ дзидзи йын фондзæй куы бададтой. Æмæ сыл уымæй уæлдай æндæр ницы фыдæбон бакодта йæ бирæ цотыл? Алчи сæ йæ царды куыст кæны. Мады фыдæбæттæ та иууылдæр Метта фиды... Метта, мæ мæгуыр чызг...

Рæсугъд чызгæй бахъомыл Метта, фæлæ йæ æрдзон хъыгдарды тыххæй кæрты дуарæй æддæмæ нæ цыд. Искуы-иу хаттæй фæстæмæ, Бынатыхицауау хæдзар хъахъхъæдта, хæдзары куыстытæ кодта. Æфснайынæй, æхсынæй, мæрзынæй, хæринаг кæнынæй – алцæмæ дæр арæхст, стæй алы куыст дæр зæрдæйæ кодта. Никуы хъаст кодта йæ цардæй, никуы стыхст.

Иунæг хатт горæтмæ ацыд йæ хæстæджытæм. Трамвайы бады рæсугъд æрыгон чызг. Хур йæ дзыккуты хъазыд, æмæ йыл иу лæппу йæ цæст æрæвæрдта, ракæс-бакæс æм кæны, фæлæ чызг ницæмæй æвдисы, кæй йæ уыны, уый. Стæй, хизын æй кæм хъуыд, уырдæм куы фæцæйхæстæг кодта трамвай, уæд чызг сыстад йæ бынатæй æмæ трамвайæ æрхызт. Уым йæ размæ лæууыд уыцы лæппу. Куы федта чызджы къахы фадыварц, уæд хорзау нал фæцис æмæ йæ æвзæр сæлгъыста...

Чызг кæугæйæ бацыд йæ хиуæттæм, фæлæ не схъæр кодта йе 'фхæрд. Мæ къах риссы, зæгъгæ, æрхуыссыд. Уæдæй фæстæмæ нал акуымдта горæтмæ. Хъæуы дæр цыд æрмæст сæхи сыхы мидæг. Иухатт æндæр сыхы фæцæйцыд, æмæ йæ къулбадæг сывæллæттæ куы ауыдтой, уæд хъæр кæнын райдыдтой: «Къуылыхкъах, къуылыхкъах!» Æмæ йыл дурадзагъдæй ралæууыдысты. Уæдæй фæстæмæ Метта йæхи сыхæй дарддæр никуыдæм æфтыд. Сæхи сыхы бауарзта иу абадгæ

лæппуйы, йæхицæй ссæдз азы хистæр чи уыд, ахæмы. Уый æппындæр ус курынмæ йæ хъус нæ дардта, фæлæ Меттайæн, æвæццæгæн, тæригъæд кодта æмæ йын æдзухдæр зæрдæлхæнæн ныхæстæ кодта, лæвæрттæ дæр ын хаста, хæдзармæ-иу истæмæ куы æрбауад, уæд: кæм – къафеттæ, кæм – духи, кæм – сæрбæттæн... Æмæ-иу Меттайыл хур ракаст йæ иу уындæй. Мад уый бафиппайдта æмæ йæ мæгуыр чызгæн зонд бацамыдта:

– Хъусыс, дæ сæрмæ худинаг ма 'рхæсс, фæсайдзæн дæ æмæ дæ фæхудинаг кæндзæн. Зон, дæу хуызætты кургæ нæ фæкæнынц, æмæ дæхиуыл фæхæц, ма мæ бабын кæн...

Уыцы бонæй фæстæмæ Метта йæ уарзоны цурмæ никуыуал рацыд, сусæгæй-иу æм каст дардæй. Афтæ Метта йæ монцтæн сæ къубалыл хæцыд. Иухатт хæрхæмбæлд фесты, æмæ Метта цавддурау лæууыд. Йæ цæссыг суадонау фемæхст. Лæппу йын йæ уавæр бамбæрста æмæ, Хуыцау нæ тæригъæд фæхæссæд, зæгъгæ, ныккæрзыдта æмæ ацыд. Уæдæй фæстæмæ сæ дыууæ дæр хызтой сæхи ахæм фембæлдтытæй.

Метта кæсы йæ рынчын, йæ зæронд мадмæ. Абон цыдæр æвзæр æнкъары йæхи. Метта сыхы устытæм бадзырдта, уыдон рынчыны цур бадынц. Метта йæ къухтæ тухæнæй мары, æппындæр кæй нæ хъæуы, ахæм куыстытæ кæны. Кæрт абон фæндзæм хатт рамарзта. Змисы мур дæр дзы нал ис. Тыргъы рудзгуытæ цалдæр хатты ныссæрфта. Цæхæртæ калынц, уæддæр сæ адау-адау кæны... Фырадæргæй цы ми акæна, уый нал зоны. Уалынмæ йæм бадзырдтой, Чындз дæ агуры, зæгъгæ. Бауад йæ мады цурмæ. Уым цы устытæ бадти, уыдон тыргъмæ рацыдысты. Къухæй йæм амоны рынчын, рацу мæм æввахсдæр, зæгъгæ. Æргуыбыр æм кодта Метта æмæ йын йæ тыхулæфтмæ хъусы.

– Мæ зынаргъ, мæ къона, цалынмæ мын ныххатыр кæнай, уæдмæ мын мæ уд сисыны бар нæй.

– Цæмæн афтæ зæгъыс, Дзыцца!

– Дзыцца дын амæла, æз дæ куы федтон, Хуыцау дæ куыд аипджынæй радта, уæд дын цæрыны тæрхон не скодтон, æмæ мын мæ ныхасмæ байхъус, æмæ кæд гæнæн ис, уæд мын ныххатыр кæн.

– Дзыцца, цытæ дзурыс, алцыдæр дын хатыр у, æнæмæт у мæн тыххæй. Хуыцау дын ныххатыр кæнæд, æз дын куыд хатыр кæнын, афтæ.

Чындз йæ чызджы нылхъывта йæ риумæ, йæ русæн ын аба кодта, стæй арф ныуулæфыд, æмæ йæ цæстытæ дзагъырæй аззадысты.

– Дзыцца! — ныккуыдта Метта, æмæ уат адæмæй айдзаг.



Сывæллон цъæхахст кæны, фæлæ йæ кæуынмæ, йæ фæдисмæ йæ мад нæ тындзы. Хæдзары куыстытæй йæ не 'вдæлы. Сывæллон тынгæй-тынгдæр кæуы... Уалынмæ хæдзармæ æрбахызт æфсин æмæ чындзыл схъæр кодта:

– Цæуыл амардтай уыцы сывæллоны?

Чындз фæуагъта йе змæлдтытæ, бауад сывæллонмæ æмæ йын дзидзи дарынмæ фæци. Саби куы бафсæст, уæд æй райхæлдта. Уыди хуылыдз, фыр куыдæй схид. Раивта йын йæ дзаума, йæ хуыссæнтæ æмæ та йæ бабаста. Чызг уайтагъд афынæй, бафæллад, мæгуырæг, кæуынæй... Мад ын фæтæригъæд кодта æмæ йын йæ русыл рæвдаугæ йе 'нгуылдзтæй æруад.

– Ох, ныр цы кæнон, куыд фæкæсдзынæн ацы æнамондмæ? Кæд æй Хуыцау лæвæрдта, уæд æй æнæ аиппæй цæуылнæ уыд раттæн?

Сывæллоны фыццаг цъæхахст куы фехъуыст, уæд уыцы фæлладæй афарста мæллæг хъæлæсæй:

– Чи у?

– Чызг дын райгуырд, мæгуыр чызг...

– Мæгуыр та цæмæн? Фыдуынд у?

– Нæ, рæсугъд у, фæлæ мæгуыр чызг...

– Сахъат у, мыййаг?

– О, йæ иу къах бынтон цыбыр у...

– Равдисут мын æй.

– Сывæллон ын йæ риуыл æрæвæрдтой. Мад ын йæ къæхтæм фæлæбурдта, къахы уæлфæдтæ æрсæрфы, стæй та къахы дæлфæдтæ асæрфы æмæ ныккуыдта...

Уæдæй абонмæ мæй рацыд. Сывæллоны куы уазал доны цынайы, куы йæм хæстæг нал фæцæуы, куы... Фыддæрагæнтæ йын кæны, кæд исты аххосæй амæлид, зæгъгæ. Фæлæ чызг дзæбæхæй-дзæбæхдæр кæны, иу мæймæ фæчызгхуыз... Сау-сауид къæбæлдзыг дзыккутæ йын, сау хъоппæг цæстытæ æмæ ирд цъар. Уды гагайы хуызæн; О, фæлæ фæлтау... Фæлтау ахæм куы нæ уа, уæд хуыздæр.

Сывæллон райхъал, бауынæр кодта. Мад йæ хъуыдытæй фæхицæн æмæ йæм бауад.

Авдæнæй йæ систа, узæлы йыл, цинтæ йыл кæны, ныхæстæ йын кæны. Уый дæр йæ цæстытæ ныййирд кодта æмæ йæм хъусы.

Хæдзары ничи ис, нæлгоймæгтæй алчи – куыстытыл хæст, æфсин, йæ цæгат чындз хæссынц, æмæ сын æххуыс кæнынмæ ацыд, тагъд

не 'рбацæудзæн... Сывæллоны йæ хуыссæны æрæвæрдзынæн æмæ йæ базы бын фæкæндзæнæн. Куы амæла, уæд зæгъдзынæн, фынæйæ йæ фæцъист кодтон, зæгъгæ.

Йæ куыстытæ акодта æмæ сывæллоны фарсмæ æрхуыссыди.

– Мæнæ цы раны дæн, мæнæ мыл цы бон акодта!...

Рæвдз фестад æмæ уæззау баз сывæллоныл æрæвæрдта... Йæ фарсмæ ахуыссыд æмæ кæуы... Уалынмæ уат ныррухс, афтæ ныррухс, цыма арвы дуар байгом. Уатæн нал къултæ уыд, нал – цар. Урс дарæсты урсзачъе зæронд лæг рæвдаугæ хъæлæсæй дзуры:

– О, гормон, афтæ ма бакæн. Искæд бон уыцы мæгуыр чызг дæ дарæг уыдзæни, дæ дон бадæттæг. Ацы фæнд дæ къухы куы бафта, уæд та иунæг æмæ мæгуырæй мæлдзынæ.

Сылгоймаг улæфгæ дæр нал кодта, фæлæ куы æрчъицыдта, уæд уаты ничиуал уыд, стæй раздæрау сатæг æмæ уынгæг уыд йæ цæрæн.

– Сывæллон аирвæзын кæнон, сывæллон... – Базмæ фæлæбурдта æмæ йæ нырма ныр бамбæрста, сывæллон базы бын кæй нал ис, фæлæ иуварс æнцад кæй фынæй кæны, йæхицæн мидбылты худы...

Ацы диссаг дзуринаг нæу. Никæмæн æй схъæр кæндзæн. Ацы чызг хъуамæ цæра. Амонд кæд йæхицæн не ссара, уæддæр йæ ныфс, йæ амонд уыдзæн, кæд ын зын уыдзæн йæ мæгуырдзинадмæ кæсын, уæддæр…

# «МАХ ДУГ»-Ы РАВДЫСТ



*Æз æрцыдтæн фыдæбæттæн а зæхмæ, –*
*Уый мæ чысылæй нырмæ зыдтон.*
*Джихæй ма кæс мæ тызмæг, зыд къахдзæфмæ,*
*Дурджын зæххыл ызнæт вæййы дон.*




Таймураз йæ фырт Æфсатиимæ



Таймураз йæ хотæ Клавдя æмæ Ксеняимæ



Æфсады рæнхъыты



**Гуыцмæзты Алеш, Агънаты Гæстæн, Таймураз æмæ Кокайты Тотрадз**



**Посттæс**





Таймураз йæ фырт Æфсатиимæ



Поэт Плиты Олегимæ



УФ-йы сгуыхт, РЦИ-Аланийы
æмæ Абхазы республикæйы адæмон артист,
К. С. Станиславскийы номыл Паддзахадон
премийы лауреат, драматург,
зарæггæнæг

# ГОДЖЫЦАТЫ Исахъы

## райгуырды 90 азы бонмæ





**Туаты Д. «Пæсæйы фæндон». Режиссер – Хуыгаты Геор.
Мысырхан – Годжыцаты Исахъ. 1990 аз**



**Репетицийы рæстæг**



**Хуыгаты Г. «Сæтти æмæ Бæтти», режиссер – Хуыгаты Геор.**
**Сæтти – Саламты Къ., Бæтти – Годжыцаты И., Сасинкъа – Уртаты В. 1975 аз**



**Киноныв «Сюрприз». Режиссер – Бырнацты И. 1976 аз**



**У. Шекспир «Тимон Афинаг», режиссер – Хуыгаты Г.**
**Флави – Годжыцаты Исахъ**



**Ф. Шиллер «Уарзт æмæ фыдæх», режиссер – Гæлæуты А.**
**Г-жа Миллер – Дзбойты З., г-ин Миллер – Годжыцаты И. 1982 аз**





**Хъайттаты С. «Дидинæг æмæ хъама», режиссер – Цæлыккаты М. 1973 аз**



М. Горький «Царды бын», режиссер – Хуыгаты Г.  1980 аз



Темыраты Д. «Спартак», режиссер – Цихиты М.
Цырыхаты Р. æмæ Годжыцаты И. 1972 аз



Ж.Б. Мольер. «Тартюф», режиссер – Брытъиаты З. 1970 аз



**Мæхъиты А. «Бæтæйы фырттæ», режиссер – Цæлыккаты М. 1973 аз**



**А. Чехов. «Æртæ хойы», режиссер – Хуыгаты Г. 1982 аз**



# АИВАДЫ УÆЛТÆМÆН

Рагон адæм куыд дзырдтой, афтæмæй, дам, саби хыссæйæ уæлдай нæу. Кæд зонджын лæджы къухтæм бахауа, уæд дзы рауайдзæн цардхъом адæймаг. Уæд æнæрынцойæ размæ бырсдзæн, агурдзæн ног фæндæгтæ, ссардзæн йе 'цæг бынат æмæ 'рвон стъалыйау æнустæм æрттивгæйæ баззайдзæн царды.

Ирон профессион театры сомбоны хъысмæтыл, йæ рæзты ахсджиаг фарстатæ лыг кæныныл райдайæнæй фæстæмæ æвæллайгæ чи архайдта, уыцы разагъдонтæ дзæвгар сты. Се 'хсæн аккаг бынат ахсы УСФСР-йы сгуыхт артист, Цæгат Ирыстоны АССР-йы æмæ Абхазы АССР-йы адæмон артист, К. Станиславскийы номыл Паддзахадон премийы лауреат, драматург Годжыцаты Исахъ.

Хуссар Ирыстоны Джеры комы алæмæты æрдзы кой дæрдтыл хъуыстгонд у. Йæхи цæстæй йæ чи нæ федта, амы цъæх-цъæхид бæрзонд наз бæлæсты тæфæй парахатæй чи нt сулæфыд, йе 'мбисонды æхсæрдзæнты æнæрынцой сыр-сырæй кæй зæрдæ не скафыд, рындзы цъуппæй сычъийы æхситт кæй хъусты нæ анæрыд, уый æрдзы хъæздыгдзинадæй бирæ фæцух. Ацы комбæсты рæбын иу чысыл хъæу Гъортеуы 1930 азы райгуырд ирон сценæйы фидæны булæмæргъ. Хъæуы фæсивæд зарынмæ, кафынмæ, хъæлдзæг сценæтæ равдисынмæ рагæй фæстæмæ дæсны уыдысты. Фæсивæд раджы кæддæр сæ хъæуы кæрон тулдз æмæ æнгуз бæлæсты бын егъау обауыл сарæзтой сценæйы æнгæс уæрæх фæзуат. Фæскуыстиу уым æрæмбырд сты æмæ-иу сæ зард, сæ кафтæн кæрон нал уыди. Адæмы зæрдæтæ сæ аивадæй рухс кодтой хæдахуыр артисттæ. Годжыцаты Исахъы хистæр æфсымæртæ зарынмæ. кафынмæ рæвдз уыдысты, уымæ гæсгæ æрвылизæр зæрдиагæй архайдтой, хъæууон фæсивæд цы концерттæ æвдыстой, уыдоны. Чысыл Исахъыл цыппар азы куы сæххæст, уæд йе 'фсымæрты фæзмын райдыдта.

Куывд-чындзæхсæвтæм цæугæйæ-иу фæсивæд Годжыцаты хæдзары фæмидæг сты, гыццыл лæппуйы-иу фынæйæ дæр куы баййæфтой, уæд-иу æй сæ хъæбысмæ фелвæстой æмæ-иу араст сты хъазтмæ.

Скъоламæ цæуыны карæн куы сси, уæд бинонтæ ралыгъдысты

Чъребамæ. Ам уыди ирон авдазон скъола. Уыцы рæстæджы нæ номдзыд композитор Галаты Барис Хуссар Ирыстоны байгом кодта адæмон зарджытæ æмæ кæфтыты ансамбль. Йæ разамонджытæ авдаздзыд Исахъы кафгæ куы федтой, уæд æй сæхимæ бахуыдтой. Ансамблы уыдис ахæм фæтк: ног æрбацæуæг сæйраг дæсныйадæй хъуамæ фæлварæн раlтаид. Ахæм фæлварæн раттын бахъуыди Исахъы дæр. Фæндыры зæлтæм Исахъ йе уæнгтæ дæрдтыл айвæзта. «Æрц-тох!» – ныхъхъæр кодта æмæ рог ныззылди кафæн фæзы. Æвиппайды бæрзонд фæхауди æмæ къамисы стъолыл йæ къахфындзтыл алæууыди. Дыууæ хъамайы кæрæдзийыл æрцъыкк кодта, стъолы фарсмæ бадджытæ алырдæм фæпырх сты. Уалынмæ та музыкæйы зæлтæ бынтон сабырæй райхъуыстысты. Исахъ æргæпп кодта стъолæй æмæ æнæфезмæлгæйæ симгæ æрзылди залы кæрæтты. Галайы-фырт æм бацыдис, йæ хъæбысмæ йæ систа, йæ риумæ йæ нылхъывта æмæ загъта:

– Ды ныриæгæн дæр цæттæ артист дæ. Абонæй фæстæмæ ансамблы уæнг уыдзынæ.

Исахъ заргæйæ дæр къаддæр арæхстдзинæдтæ не 'вдыста. Фæлæ йæ фæндыди аивады гуылфæнтæм ноджы арфдæр бахизын æмæ скъолайы фæстæ Тбилисы консерваторимæ ацæуын. Фæлварæнтæ тынг хорз радта. Фæлæ цыдæр æбæлвырд аххосæгтæм гæсгæ студент не сси.

Уæдмæ йæм фæсидтысты æфсадмæ. Баслужбæ кодта. 1958 азы Мæскуыйы Аивадон Академион театры байгом ирон студи. Уырдæм цы 25 лæппу æмæ чызджы райстой, уыдонимæ уыдис Исахъ дæр.

Мæскуыйæ сыздæхтысты Хуссар Ирыстонмæ æмæ кусын райдыдтой драмтеатры. Æрыгон артисттæ архайдтой ууыл, цæмæй ирон театралон аивад асыгъдæг кодтаиккой формализмæй, уæлæнгай архæйдтытæй, репертуармæ хастаиккой мидисджын драмон уацмыстæ.

Абон дæр Годжыцайы-фырты куы бафæрсай, сценæйы цы фæлгонцтæ снывкодтай, уыдонæй дæ зæрдæмæ хæстæгдæр кæцы у, зæгъгæ, уæд дын æнæгуырысхойæ дзуапп ратдзæн – Гоголы пьесæ «Ускуырд»-ы сæйраг архайæг Кочкарев. Исахъ ацы фæлгонцмæ бахаста йæхи сæрмагонд ахорæнтæ. Уымæй ирон артист цымыдисы бафтыдта канд театрдзауты нæ, фæлæ ма стыр театралон архайджыты дæр.



Исахъ Чъребайы паддзахадон театры дыууæ азы бакуыста. Æдзухдæр бæллыд зарынмæ æмæ кафынмæ. Драмон театры та йын ахæм фадат нæ уыди. Æмæ рацыд Цæгат Ирыстоны музыкалон-драмон театрмæ. 60 фæлгонцæй фылдæр сарæзта ацы театры. Уыдоны 'хсæн уыди канд комедион нæ, фæлæ драмон æмæ трагикон фæлгонцтæ дæр.

– Исахъы тыххæй бирæ дзурæн ис, – загъта УСФСР-йы сгуыхт артист, К. Станиславскийы номыл Паддзахадон премийы лауреат Икъаты Мæйырбег. – Годжыцайы-фырт, фыццаджыдæр, у артист, ома, артисты алы миниуæгæй дæр – хайджын. Спектаклы архайды рæстæг уый сценæйы дæр æмæ фæссценæйы дæр йæхи сконд фæлгонцы цардæй фæцæры, фæдзуры персонажы хъæлæсы уагæй, пайда фæкæны уый миниуджытæй...

Кæд сæрмагонд музыкалон ахуырад нæ райста, уæддæр Исахъ йæхиуыл афтæ тынг бакуыста, æмæ йæ бон баци оперон спектаклы сæйраг партиты – Джемалы парти В. Мураделийы оперæ «Стыр хæлардзинад»-ы æмæ Габойы парти Гæбæраты Ильяйы оперæ «Азау»-ы ахъаззаджы арæхстдзинадтæ равдисын. Музыкалон æмæ драмон спектаклты цы фæлгонцтæ сарæзта, уыдон ныртæккæ дæр ахсджиаг бынат ахсынц ирон аивады. Театрдзау никуы ферох кæндзæн Исахъы арæзт фæлгонцтæ. Уыдонимæ, Бубнов М. Горькийы «Дæлдзинæг»-ы, Габо – «Фыдæлты намыс»-ы, Локо – Гаджиты Георгийы «Нæ усгур алыгъди»-йы æмæ æндæртæ.

Годжыцаты Исахъ драматургæй дæр фæлвары йæ хъарутæ. Йæ драмон уацмыстæ «Уарзон зарæг», «Æз ус нæ курын», «Хъæддаг чызг», «О, ацы фæсивæд», «Сидзæрты мæсыг», «Чонгури», «Фатер» нæ дуджы вазыгджын проблемæтæн дзуапп кæй дæттынц, уымæ гæсгæ йæ адæм ноджы фылдæр бауарзтой .

*ЧЕТИТЫ Рубен,*
*аивадиртасæг*

*ХЪАЙТЫХЪТЫ Азæмæт*

# ЧЫНДЗ-БОГАЛ

*Таурæгъ*

1768 аз Прагæйы, П. Галасия Доппер джиппы цы чиныг рауагъта, «Боливийы историон цыртдзæвæнтæ», зæгъгæ, уым дыккаг томы фыст ис.

Ныртæккæ мах кæй истори ахуыр кæнæм, уыцы Сим уыдис стыр Хуыцауæн æнувыд лæггадгæнæг. Уый фæсхъаймæт дыккæгæм азы рухс дунемæ рантысын кодта Эламы. Дзурынц, зæгъгæ, дам, уымæй та Скæсæны равзæрдис аланты фæрнджын мыггаг – æппæтæй уæздандæр адæмыхатт; сæ нæлгоймæгтæ диссаджы хæрзконд æмæ хъаруджын.

Уыдон уыдысты нæ разагъды сæрибаруарзаг фыдæлтæ. Æндæр адæмтимæ сæхи цы хæлардзинады тæгтæй бастой, ууыл дзурæг сты бирæ рагон цыртдзæвæнтæ æмæ таурæгътæ. Кæд ирон паддзах Алгъуызы таурæгъыл æууæндæн ис, уæд уый хыл никуы никæмæй ракъахта, хæсты цæхæры никæй баппæрста, фæлæ йæ æфсæддон кард æмæ уарт æнцой нæ зыдтой, йæ цъæх бæхы хид фæдисты уайынæй сур нæ кодта. Æппынæдзух æнæнымæц фыдгултимæ уæззау тохты ирон адæм дыууæ милуанæй цалдæр æмæ ссæдз минмæ æрхаудтой. Сæ нæргæ сахартæ æмæ гуыпп хъæутæ æртхутæг фестадысты. Цæрынæн халагъуд дæр кæмæн ныл уыд, уыдонæн сæ мæрдты сахар стырæй-стырдæр кодта.

Фæлæ, дам, арв нæрæг – нæ уарæг, фæзæгъынц. Къæвдаты фæстæ та-иу йæ зæххон хъæбултæм ракаст æмæ сын сæ тугæрхæм цæфтæ æвдадзы хосæй сæрста.

Хуыздæр уавæры нæ уыдис ногъайаг адæмы хъысмæт дæр, æмæ Сурададжы сæрты æрвдзæф бæлæстау кæрæдзимæ сæхи бакъул кодтой дыууæ адæмы. Ирæттæ сæ цæрæн бынат схуыдтой Æлдарыхъæу, ногъай та Агъымыхъо æмæ сæнары арты фæздæгæй хуыцауы æрвхуыз дæлбазыртæ ала кодтой. Дыууæ адæмы-хаттæн кæд се 'взаг æмæ сæ дин фæйнæхуызы уыдысты, уæддæр цæстæнгас æмæ зæрдæйæ кæрæдзи хорз æмбæрстой. Афтæ лымæнтæй цардысты, æмæ сын иу хæдон дæр сауджыны пæлæзау уæрæх уыдис. Кæрæдзийы зынджы муртыл хус суджы æргъæмттæ æвæрдтой, æмæ сæ ныфсы иу мæйаг мæсыг бонæй-бон цардхъомдæр кодта.



Дыууæ хъæуæн уыдис иумæйаг стыр ныхас, æмæ та се 'вдæлон бон уым æрвыстой. Зæронд лæгтæй чи æлдыгъы тылд фысдзарм худагæн æууæрста, чи та нæрвы æрчъиаг надта, афтæмæй нæртон таурæгътæ мысыдысты. Чысыл фалдæр фæсивæд дæр алыхуызон хъæзтытæй сæхи ирхæфстой.

Ногъайаг Нури дæс æмæ ссæдзаздзыд мызыхъхъ лæг та дурыл бадтис æмæ къамбецдзармæй гæрзытæ уадзынил архайдта. Йæ карды ком тасмачъийау цъулатæ кодта, æмæ-иу тæнæг рихиты бын æфсæртæ æддæг-мидæг ауадысты. Сæгъдзармæй хуыд лæгуын худ-иу æлхынцъ æрфгуытыл фæарфдæр кодта, дæргъæлвæс цъæх цæстытæ-иу фæцъынддæр сты, фæлæ йæ хъуыддаг нæ цыд æмæ хъуырхъуыргæнгæ йæ кард зæххыл ныццавта.

Фæтæнуæхск, нарæгастæу, бæрзонд ирон лæг Хуысин йæ разы балæууыд. Кæрддзæмæй йæ фæринк кард сласта æмæ къухызмæлды руаджы бамбарын кодта:

– Мæ хæлар, тыхсгæ ма кæн, мæнæ-ма амæй афæлвар!

Хус, бæзджын æрчъиагыл Хуысины кард цыма ныдзæвгæ дæр нæ кодта, уыйау æй карста, æмæ уайтагъд къамбецдзарм гæрз бæндæнтæй агæпп ласта.

– Уый дын дзаума гъе, мах дæр дзы кæрдтæ дарæм,– сæхирдыгонау æппæлыд Нури æмæ-иу æй цыкурайы фæрдыгау куы йæ хурсыгъд риумæ балхъывта, куы та йæ нард былтæм.

Фæсивæд сыл æрбамбырд сты, æмæ æмбисонды кард къухæй-къухмæ ацыд. Чи йын йæ ком уырзæй сгæрста, чи та йын йæ хъæбæрдзинад комытæфæй бæрæг кодта, чидæр та йыл æрду бафу кодта, æмæ йæ куы адзæнгæл кодта, уæд, уый кард у, кард, зæгъгæ, дис кодтой.

Кардæн йæ кæнæг дæр Хуысин йæхæдæг у, уый Нури куы бамбæрста, уæд йæ тарбын цæсгом фæхъæлдзæгдæр æмæ арфæтыл схæцыд:

– Ды тæхудиаджы лæг дæ, ахæм сызгъæрин къухты хицау чи у æмæ ахæм диссаджы хæзна дзаума кæмæ ис. Кад æмæ радимæ йæ фæрнæй бирæ азты дар!

– Бузныг, мæ хæлар, фæлæ мæ кард афтæ тынг дæ зæрдæмæ кæй фæцыд, кæй дзы раппæлыдтæ, уый мæнæн къуди аныхæгау æхсызгон у æмæ дын æй æд кæрддзæм лæвар кæнын. Афтæ амоны ирон æгъдау, æмæ, дæ хорзæхæй, саккаг æй кæн! – зæрдиагæй йæ ныхас балхынцъ кодта Хуысин æмæ кæрддзæм йæ фарсæй райхæлдта.

Ногъайаджы дынджыр цæсгом мæймæбулкъау фæсырх. Цъындгомау цæстытæ тъыбартъыбургæнгæ фæстæрдæм иу къахдзæф акодта, йæ хъуынджын цæнгтæ риуы къæйыл фæдзуар сты æмæ уæздан дзуапп радта:

– Стыр бузныг, мæ хæлар, фæлæ афтæ ма бакæ. Дæ хуызæн уæздан лæджы йæ адджын дзаумайæ фæхицæн кæныны бар мын ме 'фсарм нæ дæтты, æмæ бахатыр кæн...

– Ехх, ныр йе 'взагæй куы зонин, уæд бæргæ, – фæтыхсти Хуысин, фæлæ та къухтызмæлды руаджы йæ фæнд бамбарын кодта:

– Лæг, Нури, йæ ныхасæй лæг вæййы, æмæ, мæ зæрдæ цы скарста, æз уый нал аивдзынæн. Айс мæ лæвар æмæ йæ мæ номыл фæрнæй дар!

– Уæдæ, Хуысин, ацы стыр лæвар нæ дыууæ хъæуæн лымæндзинады фидар æвдисæн фæуæд. Чъизи къухæй йæм чи ныхила, уый та-иу æй йæ уырджы ссарæд, – кард йæ роныл бæттгæ загъта Нури æмæ Хуысины къух йæ дыууæ армы нылхъывта.

Къуырийы фæстæ Нури, йæ ирон æрдхорды кæрты æфсургъы хуызæн лыстæг зæнгджын бæх бабаста æмæ афтæ зæгъы:

– Хуысин, ацы лæвар дын æз кæнын нæ хъæубæсты номæй æмæ дын хайыр уæд, макуы дын бастайæд, макуы дын фæкæлæд...

– Нæ, мæ хæлар, уый нæ уыдзæн, мæ дзаума дын æз уый тыххæй, мыййаг, нæ балæвар кодтон, – уазæджы ныхас фескъуынгæ фæцырд и фысым æмæ йæ цæхæр цæстытæ æфсæрмæй зæххы ныццавта.

Уазæг ын йæ уæздан ныхæстæ зæрдæйæ банкъардта æмæ йын хъæлдзæгæй хатиагау дзуапп радта:

– Ногъайаджы зæрдæ кæлых хъулæй балхæн æмæ дын дæ арм тохсийæ аныхдзæн, уыцы æгъдау нæ фыдæлтæ бæрзæндты хастой, æмæ йæ мах дæр ныллæгмæ нæ уадзæм!

– О мæ кæнæг Хуыцау, мæ карды хæррæгъ дæрчъы хъусы аргъ дæр куы нæ у, уæд ацы фæлмæн лæджы царм куыд астигъон, – скатай фысым, фæлæ йæ æгъдау æрцахста æмæ йын фезмæлæн нал уыдис.

Чысыл фæстæдæр дыууæ лымæны сæ ком суагътой цъысцъысгæнаг бур физонджытæй æмæ сæ дойны басастой сæрсæргæнаг сау бæгæныйæ.

– Мæнæ цы диссаджы нуазинаг, – йæ былтæ сдæргæ дис кодта Нури æмæ та-иу дзы къусы дзаг ныххырхта.

Дыккаг бон Хуысин йæ ногъайаг лымæны хæдзармæ лалымы дзаг ирон бæгæны баласта. Нуримæ цыма уæларвæй фосы Фæлвæра



æртахт, уыйау фыр цинæй зæххыл нал хæцыд. Уазæджы раз сивыры дзаг къуыдырвых фыдызгъæл фæздæгкалгæ авæрдта æмæ йын къухты змæлдæй ацамыдта, ахæр, зæгъгæ.

«Кæд бæхы фыд у», – скатай Хуысин æмæ йæ фæсхъус ныхгæ куы фысыммæ бакæсы, куы та фыдызгъæлмæ. Нури дынджыр къуылдых систа æмæ адджын комдзæгтæгæнгæ уазæгæн амоны, барвæсс нын нæ хойрагыл, зæгъгæ.

Хуысинæн гæнæн нал уыд, æмæ, дзидзатæм амонгæ бæхы мырмыр куы бакодта, æрмæст уæд фæхъуыды кодта йæ уазæджы уавæр Нури. Амонæн æнгуылдзтæй йæхицæн сыкъатæ ацарæзта æмæ галау му-у, зæгъгæ, бауасыд, ома, дам, стуры фыд у.

Уазæг йе 'муд æрцыд, арф ныуулæфгæ фынгмæ æнгомдæр æрбабадт, фæлæ йын комдзаг скæнын дæр нæ бантыст: кардæлвæстæй хæдзары кауын дуар сæ сæртыл æрбахастой лекъаг дыууæ абыræджы æмæ бирæгътау дзагъултæгæнгæ сæ амæттæгты уæлхъус алæууыдысты. Нури йæ номхæссæны лæвар кард фæцыхауи кодта æмæ размæ акъахдзæфгæнгæ йæ дæрзæг хъæлæс анæрыд:

– Цы уæ хъæуы, уый сисут æмæ ахæссут, фæлæ мын мæ уазæгыл абиу дæр чи бакæна, уымæн ацы сауфистонджын кард йæ зæрдæйы ныссадздзынæн!

«Чи куыдз, чи хæрæг, дамкъайы рæйд кæнын нал чи уæнды?» – дзырдта тыхгæнджыты тызмæг æнгæс, æмæ сæ хъуынджын худты бын цыппар цæсты туджы малтæ фестадысты. Куыддæр сæ хотыхтæ залиаг кæлмытау фехситт кодтой, афтæ сыл Хуысин фынг фæфæлдæхта æмæ чъырттымæнгæс абыræджы къухтæй хъама стыдта. Аннæуыл Нури кард ныззыввытт ласта, æмæ фистоны онг йæ хурхы ныссагъди. Уынгтæ хъæр, хъæлæба систы. Лекъаг абырджытæ хæдзæртты дæрæнгæнгæ джигул кодтой, сабиты скъæфтой. Сылгоймæгты зæрдæхалæн цъæхахст, знæт куыйты рæйд æмæ тарст фосы æмбуйæ хъустæ арыдтой. Чи зоны, дарддæр ма цы фыдбылызтæ æрцыдаид, фæлæ Æлдарыхъæуæй иры фæдисæттæ æрбафсæрстой æмæ тыхгæнджыты сæ хъæлæсы ахастой.

Нурийы кæрты дыууæ абыræджы марды, æвæццæгæн, нæма æруазал сты, афтæ та Æлдарыхъæуæй райхъуыст фæдисы хъæр. Æвæццæгæн, лекъ ирæттæй сæ маст истой æмæ тæргæбæхтыл уайгæ хъæзæй æмбæрзт хæдзæрттыл зынг æфтыдтой. Уынгты кæй ардтой, уыдоны æхсаргæрдтæй дыууæрдæм цъыкк ластой.

Хуысинæн йæ иу къухы æхсаргард, иннæйы арц, афтæмæй йæ зыгъар бæхыл тыхгæнджыты æхсæн цъилау зылд. Æфсургъ знæгты зæвæтдзагъд кодта, дæндагæй сæм лæбурдта. Йæ фæтæн риуæй-иу кæй скъуырдта, уый-иу æд бæх асæрбихъуырой кодта.

Уалынмæ Ногъайы фæдисæттæ дæр, Нури сæ разæй сæхъис архъан тилгæ, сæ уадсур бæхтыл æрбахæццæ сты, æмæ тыхгæнджытæн быдыр снарæг. Къуырийы фæстæ дæр ма сын сæ тугвæдтæ æххормаг рувæстæ сдæрдтой.

Афтæ, сæрибары сæрыл тохты, Ногъай æмæ Иры хæлардзинады иумæйаг мæсыг болат æндонау æхсысти, æмæ сæ ныфс сæ хъарутæ бонæй-бон фидардæр кодтой.

«Ногъай не стыр дзуары кувæндон бæлас у, æнтæф бон нын аууон дары, къæвда бон та нæм æртæх нæ уадзы», – æппæлыдысты уыцы дуджы нæ фыдæлтæ се 'нæмаст сыхæгтæй.

Уæдæ ногъайаг адæммæ дæр бирæ рагон таурæгътæ, кадджытæ æмæ æмбисæндтæ ис, мах фыдæлтимæ сын цы æнгом бастдзинæдтæ, уыдис, уый тыххæй. Дæнцæгæн æгъгъæд у мæнæ ацы æмбисонды хъуыдыйад дæр:

«Ирон адæмæй лымæн кæмæн нæй, уый хуыцауы хорзæхтæй дæр æнæхай у».

Рæстæг æххормаг къамбецау тар бонты æууилгæ размæ хылди, уæдæ цы уыдаид. Фæскъæвда зокъотау ир æмæ ногъайы хъæутæ цас фылдæр кодтой, уыйас зæхх та кадавардæр кодта, æмæ адæм куы бабирæ сты, уæд ыл кæрæдзийы тонын байдыдтой. Фыццаг дыууæ адæмы æхсæн, стæй хъæуæй хъæуы æхсæн дæр сарæх сты арæнтæ, æмæ алчи йæ зæххы гæппæл цæсты гагуыйау хъахъхъæдта. Мулк тыхджынæй-тыхджындæр кодта æмæ дыууæ къухæй хæрамдзинады марг адæмы æхсæн зæрста. Тугæй дымст мисындзæгау арæнмæ æнæбары дæр фæныхил, æмæ та-иу зæхх сырх хъулон адардта.

Ир æмæ ногъайы фæсивæды æхсæн кæрдæджы хал æмæ хъуыны цъуппыл дæр хъаугъатæ, хъæлæбатæ куы сарæх сты, уæд се 'фсармджын хистæртæ, дарддæр цы уыдзæн, зæгъгæ, катайы бацыдысты. Ныхасмæ æрæмбырд сты æмæ бирæ уынаффæты фæстæ æрцыдысты ахæм хатдзæгмæ: «Арсы хъыбылтæ куы байрæзынц, уæд сын иу лæгæт скъуындæг вæййы. Нæ иутæн ардыгæй цæугæ у». Фæлæ уыцы фæндыл барвæндонæй куы ничи сразы, уæд фидарæй бауынаффæ кодтой:

– Иннæ хуыцаубон нæ цуанæттæ милмæ фехсæнт, дыккаг хуыцаубон нæ дугъæттæ дугъы рауайæнт, æртыккаджы та нæ богæлттæ хъæбысæй рахæцæнт æмæ, уыцы ерысты чи рамбула, уыдоны адæм сæ бынаты фæрнæй цæрæнт, чи фæхæрд уа, уыдоны адæм та – фæндараст.



Ацы фæндоныл се 'ппæт дæр сразы сты æмæ кæрæдзимæ сæ къухтæ радтой. Лæгæвзарæн бон Хъазæнлæгъзмæ уый бæрц дзыллæ æрæмбырд, æмæ, арвæй дур æрхауд, зæгъгæ, уæд, æвæццæгæн, зæххыл нæ сæмбæлдаид. Тæрхоны лæгтæ адæмы дыууæ дихы фæкодтой, æмæ се 'хсæн милмæ æхсджытæн даргъ, фæтæн «уынг» рауад. Ногъай æмæ Иры æвзæрст дыууæ рæстдзæвины йæ иу кæрон фæрсæй-фæрстæм куы 'рлæууыдысты, раст уыцы рæстæг сæ сæрмæ арвы цъæхы зилахаргæнгæ дыууæ цæргæсы февзæрд.

– Нæ, фæлæ ма уалæ уыцы дыууæ тугдзыхы æрысхойæнт, – схорхор кодтой æвдисæн адæм æмæ, тæрхонгæнджытæ семæ куы сразы сты, уæд дыууæ цæхæрцæст лæппуйæн фехсыны бар радтой.

Сахъгуырдтæ сæ къæрид худты хæррæгътæ фæчъилгæнгæ сæ галиу къæхтæ размæ авæрдтой æмæ фæйнæ маргъы милмæ систой. Æрдынбостæ атонын æввонг айвæзтысты. Цымыдис адæм сæ улæфт баурæдтой æмæ цавддуртау сæ мидбынат бандзыг сты. Уалынмæ дыууæ фаты фæцъыввытт ластой æмæ æхситгæнгæ арвы талынгтæм сфардæг сты. Чысыл фæстæдæр дыууæ цæргæсы пакъуы калгæ фæуырдыгмæ сты æмæ уалынмæ дуртау сæ тъæпп зæххыл фæцыди.

Адæм се 'муд æрцыдысты æмæ хæрæгсаст, хæрæгсаст хъæргæнгæ рæстдзæвин фатæхсджыты сæ уæлныхты систой, фæлæ диссæгтæ нырма фæсте уыдысты, æмæ сæм дыууæ адæмыхатты сæхи æнувыдæй цæттæ кодтой.

Ирон адæмæй дугъы уайынмæ Хуысины хал схаудта, Ногъайырдыгæй та Нурийы, æмæ дыууæ лымæны сæхи æнувыдæй цæттæ кодтой. Сæ уадсур цæргæстæм цæкуыйæ зылдысты, цæмæй сæ хытъынтæ сæлвасой, уый тыххæй сæ бон дыууæ хатты цъити доны дардтой. Дугъы даргъ фæндагыл сæ фæлтæрдтой.

Тæрхоны лæгтæ дæр æнцад нæ бадтысты. Дугъæтты гуыргъахъ фæндагыл сбæлвырд кодтой доны сæрты гæпгæнæнтæ, цæхгæр фæзилæнтæ, къуыппытæ æмæ дзыхъхъытæ. Банысан кодтой, барджыты хъузæттæй чи кæй онг æххуыс кæндзæн, уыдæттæ, æмæ та афтæмæй амондæвзарæн бон æрхæццæ.

Хъузæттæ сæ астæутæ нарæг балвæстой æмæ сæ бынæттæ бацахстой. Цымыдис адæм чыртæ-чыртæй бæрзæндтæй кæсынмæ

цыдисты. Дугъы фæндаджы сæр дыууæ барæджы фæрсæй-фæрстæм лæууыдысты, æмæ сæ хъал бæхтæ сæ быны кафыдысты.

Уалынмæ райхъуыст æууæнчы лæгты ерысмæ сидæг сыкъаты æхситт. Æфсургътæ мырмыргæнгæ фыццаг сæ фæстаг къæхтыл алæууыдысты, стæй уаритау сæхи размæ фехстой. Æвзыгъд барджытæ, цыма бæлæттæ ахстой, уыйау размæ агуыбыр сты æмæ сæ хъусты фæрсты дымгæ къуыззитт кодта. Дыууæ хайуаны цыма сæ хæс æмбæрстой, уыйау сæ быцъынæг размæ тыдтой, фæлæ дзы иу иннæмæн гæпп нæ лæвæрдта. Сæ сæфтджыты бынæй зæххы къуыбæрттæ фæстæрдæм халæттау тахтысты, æмæ сæ фæдыл рыг мигъау сыстад. Адæмæй иутæ дурты сæр сæ къахфындзтыл слæууыдысты, аннæтæ обæутты сæр лæугæйæ сæ хурсыгъд къубæлттæ размæ айвæзтой, афтæмæй сæм æдзынæг кастысты. Иу гæппы бæрц-иу кæй дугъон раздæр кодта, уыдон-иу фыр цинæй хъæргæнгæ сæ мидбынат скафыдысты, аннæтæ та-иу сæ былтæ æруагътой.

Фæндаджы дæргъæн кæрон нал уыдис. Бæхтæ сæ фындзыхуынчъытæй уадындзтау æхситт кодтой. Сæ комы фынк къоппæй калдис. Фæхæрдгæнæны сæ гæпп фæуæззаудæр, æмæ хъузæттæ сæ куысты тынджы бацыдысты. Дугъы кæрон æрхæстæг. Барджытæ ма сæ худтæ дæр аппæрстой æмæ æзфæраздæронæй сæ удтæй арт цагътой, фæлæ дыууæ бæхы цыма дзырд бакодтой, кæрæдзийы ма фегад кæнæм, зæгъгæ, уыйау фæрсæй-фæрстæм уæззау улæфтгæнгæ æмгæпп кодтой.

Райдайæн кæмæн уа, уымæн кæрон дæр вæййы. Хъузæттæ сбирæ сты, æмæ нысануатмæ фæллад бæхты æд барджытæ сæ уæлныхты хæссæгау бæргæ кодтой, фæлæ та ацы ерыс дæр хъысмæт хæрæгсастæй алыг кодта. Дыууæ барæджы рæвдз æргæпп кодтой сæ бæхтæй æмæ кæрæдзийы ныхъхъæбыс кодтой. Адæмы хор-хорæн кæрон нал уыд.

– 0 хуыцау, ма нæ фенамонд кæн!

– 0 аллах, батæригъæд нын кæн!– куывтой иры æмæ ногъайаг адæмты хистæртæ æмæ та-иу Æрджынарæджы комыл сæ цæстæнгас ахастой. Иу схæцæн ма, æмæ иутыл амонды хур йæхи стигъ кæндзæн, иннæты та барæвдаудзæн.

Ногъайы богал Байрамхан ахæм мæнтæгрæмудзæг уыд, ахæм, æмæ йын йæ цонг чи фæтасын кодтаид, ахæм хъуынджынриу толппар лæппу, æвæццæгæн, Терк-Турчы бæстæты дæр нæ уыди. Сардзины дæргъæн,



ставд хъамбулджын лæг цыма хæдуагъд уыдис, уыйау йæ цæнгæтхуыз буар сойдзæстытæ æвæрдта. Æхсырфæй даст, насы хуызæн тымбыл сæр хурмæ æндонау æрттывта. Ныллæг къуыпп ных æмæ хъамыл æрфгуыты бын цыма знæт стай бадти, уыйау йæ донхуыз цæстытæ сæ къуырфыты зылдысты. Йæ дзыхæй бындзытæ ахсæгау гуылмыз фынд- зы бынмæ бинаг был куыройы кæхцау æрзæбул, æмæ халамæрзæны дæндæгтау йе ссыртæ зындысты. Ахæм уæйыгæй ногъай сæ сины сæртыл хæцыдысты æмæ сæ рæстæг хъулæй хъазгæ уымæн æрвыстой.

Уыцы тыхст рæстæг ирмæ богал нæ уыдис æмæ сæ уынаффæгæнæг лæгтæ састбазыр цæргæстау сæргуыбыр, уæнтæхъилæй бадгæ адзалæн мадзал агуырдтой. Адæм алы дам-думтæ кодтой, сæ къонатæ сæ нал тавтой, сæ хъуыры къæбæр нал цыд, бон сыл талынгтæ кодта, афтæмæй æбæрæг фæндагмæ сæхи ифтонг кодтой. Фæлæ хуыцау ныддæлæ-уæлæ кодта, æмæ сæ сæрты амонды стъалы атахт.

Тæрхоны лæгтæ куы ницы фæрæз ардтой, уæд сæ разы æфсæрмытæгæнгæ æрбалæууыд урс дадали Нана æмæ хатыр ракургæ афтæ зæгъы:

– Фарн уæ ныхасы, нæ буц хистæртæ, кæд гæнæн ис, уæд мын иу ныхасы бар куы раттиккат!

Лæгтæ фестадысты, æмæ йын худайстæй ныллæг акувгæ арфæйы ныхас загъта хистæрты хистæр Хъуыдæберд:

– Бирæ нын цæр, Нана, æмæ нæм фарны къах æрбавæр! Дæ хорзæхæй, мæнæ ам нæ разы дæхи æруадз, æмæ дæм хъусæм!

– Уанцон нæу, æнæуи дæр уæм мæ ных кæй æрбатардтон, уый мын хатыр уæд. Нæ адæмы хъысмæт мæ мæ цонгæй ласæгау æрбакодта æмæ гæнæн нал ис. Сбадут, уæ хорзæхæй, æмæ мæм чысыл байхъусут. Мæ хуызæн зæронд хъындырыл хуыссæг æхсæв хорз нал фæхæцы. Ме 'дзард мæрдтыстæн, бауырнæд уæ, аргъау уын нæ дзурын, фынтæ дæр нæ федтон. Айфыццаг нæ къамбец кæй ныххæдмæл, уымæн уе 'ппæт дæр – æвдисæн, хъæстæ хал, дам, ахордта! Нæ, мæ мад, мæ фыдыстæн, уый уæд нæ чындз фæсутъыр кодта...

– Бахатыр кæн, Нана,– йæ ныхас зæлдагау айвæзта Хъуыдæберд,– фæлæ абон махæн нæ сæр нæ кой у æмæ чындзыты хъуыддæгтæ не 'взарæм!

– Ме 'дылы къоппа уæ нывонд уа, æз дæр уый тыххæй ам дæн,– амонæн æнгуылдз йæ цыргъ роцъойыл авæргæ фæзæгъы Нана æмæ дарддæр йæ хъуыды къуыбылойау сындæггай хæлдта:

– Иу сæумæрайсом нæ чындз кæрты хъомтæ дыгъта. Уыцы æнæхайыры къамбец фосыл богъдаби кодта æмæ ногзад стуры дуцын нæ уагъта. Чындз æй цалдæр хатты иуварс бæргæ аздæхта, фæлæ йе 'хсыры къæрта куы фæфæлдæхт, уæд ын, абоныстæн, йæ дыууæ сыкъайыл фæхæцыд æмæ йæ быруйы сæрты гæдыйы мардау фехста. Мæ цæстытæй кæфойы дзаг цæхæртæ акалд. Цъынайы ауон нынныгъуылдтæн, æмæ уæ бауырнæд, улæфын дæр нал уæндыдтæн. Нæ адæмы хъысмæтыл мæ зæрдæ куы нæ риссид, уæд æз ацы диссаг дуры хъусы дзурын дæр нæ бауæндыдаин... Ныр уæ кæд мæ ныхæстæ нæ уырнынц, уæд æм фæдзурут æмæ йæ бафæрсут. Æрмæст, уæ хорзæхæй, адæмы цæсты мæ ма бæфтаут, науæд мæ зарæггаг фæкæндзысты, йæ чындзы хабæрттæ хыдыры цыхтау ныхасмæ рахаста, зæгъгæ. Абабау, мæнæй ницы фехъуыстат. Уæ фæндтæ уæхи фæндиаг, æз цæуын,– загъта ма Нана æмæ йæ кæлмæрзæн фæарфдæргæнгæ разылд.

– Стыр бузныг, Нана, ды махæн нæртон Сатана дæ æмæ дæ цæрæнбон бирæ,– йæ фæдыл сыстгæ раарфæ кодта Хъуыдæберд.

Нанайы ацыды фæстæ бирæ ныхæстæ рауад тæрхоны лæгты æхсæн:

– Ау, сæгуыт арсимæ кæрдо куыд æрцæгъддзæн?

– Нæ зонын, Байрамхан сылгоймагимæ рахæца?

– Æмæ нæ фæсивæдыл худинаджы гакк не сбаддзæн?

Хъуыдæберд сæм лæмбынæг хъуыста æмæ, куы банцадысты, уæд афтæ зæгъы:

– Бирæгъыл мæгуыры бон куы скæны, уæд, дам, куыдзы бын атулы. Хуыздæр гæнæн нал ис, æмæ цомут бафæрсæм нæ чындзы.

Кавказы æрдзмæ цыдæриддæр рæсугъддзинадæй уыд, уыдон,æвæццæгæн, Ацырухсæн балæвар кодта. Нарæгастæу, гуырвидауц, уæздан æмæ хæдзонд чындзыл Æлдарыхъæу сæ цæст æрæвæрдтой. Дондзау-иу тасгæ-уасгæ куы рацæйцыд, кæнæ-иу чызджытимæ изæрыгæтты уынгтæ уисойæ куы марзта, уæд æм-иу адæм кæсынæй не 'фсæстысты. Мыдхуыз хъуымбыл дзыккутæ дыууæ быдæй хæццæ кодтой зырнæйзылдау рæсугъд зæнгты хæцъæфтæм. Хъæлдзæг дыууæ сау цæсты сæрмæ сынты базыртау сæхи уæрæх айтыгъттой дыууæ къæлæт æрфыджы. Сырхфарс фæткъуытау пумпуси рустæй хуртæ æмæ мæйтæ цыма касти, уыйау адæймаджы цæстæнгас сæхимæ æлвæстой. Хурдзаст цæсгом ноджы аивдæр кодтой цыбыргомау фындз æмæ цæттæ æрыскъæфау пухгонд былтæ, роцъойы чысыл тæрф æмæ урс дæллагхъуыртæ. Уæлдай цымыдисагдæр та, риуыгънæджытæ фидар æхгæд кæуыл уыдысты, уыцы дыууæ къаннæг обауы уыдысты.



Чи хæйрæг уыдис, æмæ нæлгоймæгтæ зæрдæхъæрмттæ кæмæй фæкæнынц, уыцы хæзнаты бын домбайы зæрдæ тæлфы, уымæн.

Хистæрты стыр фарн уайсадæг чындзы ком райхæлдта. Зондæй æххæст сылгоймагимæ тæрхоны лæгты бирæ радзур-бадзур нал бахъуыд. Æфсæрмæй мард Ацырухс, Нанайы ауон ныгъуылдтытæгæнгæ фæсус хъæлæсæй цыбыр дзуапп радта:

-Нæ Иры дзыллæйы кæд мæ рахиз цæст хъæуы, скъахут æй, кæд æй мæ рахиз цонг хъæуы, ратонут æй, мæ риуæй мын фелвасут мæ зæрдæ, æз уæддæр, уæуу, нæ зæгъдзынæн. Нал ис хуыздæр мадзал,уый бæлвырд у, фæлæ кæд гæнæн ис, уæд мын цыппар æрмæрины бæрц сæрак раттут, æмæ мæ Байрамхан хæргæ куы кæна, уæддæр уын уæ фæндон сæххæст кæндзынæн.

– Сау туг мæ зæронд сæрыл æруара, чындз, хуыздæр куы ахъуыды кодтаис, сылгоймаг сæттаг дидинæгау тæлæс у, æмæ куы фæхудинаг уæм,– Хъуыдæбердмæ йæ цæст фæныкъулгæ загъта Нана.

– Æз мæ фæндон загътон,– сабыр дзуапп радта чындз, æмæ ууыл сæ ныхас ахицæн.

– Уæ сардауæг мæ тæригъæд фæхæссæд,– загъта ма чындз, сыхæгтæ куы ацыдысты, уæд.

Лæгæвзарæн бон та æрхæццæ æмæ та Хъазæнлæгъзы адæмæй къух бакæнæн нал уыд. Сау ногъай нæ зыдтой, сæ богалы ныхмæ чи рацæудзæн, уый. Ацы бон сæ хъул сах кæй абаддзæн, уый сæ уырнында æмæ сæрбæрзонд, зæрдæрухсæй æнхъæлмæ кастысты. Байрамхан дæр йæхиуыл йæ зæрдæ дардта æмæ тæрхонгæн-джыты рæгъы арсау дзагъултæгæнгæ æнæ мæтæй бадти. Йæ тъæпæн нард цæсгом сойы æвдылди. Йæ хъамбул цæнгты хæцъæфтæй дымст лалымтау хъазыди.

Каст ма Ацырухсмæ уыдис æмæ, йæ афон куы æрцыд, уæд æнæнхъæлæджы фæзынд. Йæ уæлæ, чындздзон дарæсы æдде уыдис хъуымаг сæракæй лыстæг сынк хъæбысæйхæцæн æнгом къандзол, афтæмæй доны хъазау тæрхоны лæгты размæ басирдта æмæ салам раттыны фæстæ бафарста:

– Байрамхан та кæцы у?

Куы йын ӕй бацамыдтой, уӕд йӕ разы уӕздан лӕуд ӕркодта ӕмӕ йын сӕрӕй ӕркувгӕ салам радта.

«Ацы зӕд та мӕм кӕцӕй ӕртахти?»– хинымӕр бадис кодта сау ногъайаг богал ӕмӕ ӕгъдаумӕ гӕсгӕ фестинаг уыд. Фӕлӕ йын, бад, загъгӕ, Ацырухс йӕ уӕраджы сӕр фелхъывта, ӕмӕ дӕ балгъитӕг уыйау: стджыты хъыррыст фӕцыд. Богалы дзагъыр цӕстытӕ сӕ къуырфытӕй федде сты. «Ӕллах!»– арсау ма ныб-богъ ласта ӕмӕ бауадзыг.

– Ам мӕнӕн куыстаг нал ис,– загъта тӕрхоны лӕгтӕн ус богал ӕмӕ тагъдгомау сӕхирдӕм фӕраст и. Адӕм хабар куы бамбӕрстой, уӕд сӕ дисӕн кӕрон нал уыд.

«Сӕ сылгоймӕгтӕ ахӕм хъаруйы хицау кӕмӕн сты, махӕн уыдонимӕ дзургӕйӕ нал у»,– загътой ногъайӕгтӕ ӕмӕ сӕ богалы сынтыл ахастой.

Ирон хосгӕнӕг Хъасай халсасчъы уидаг скъахта. Хъӕрмуст донӕй йӕ сыгъдӕг ныхсадта, стӕй йӕ кардӕй лыстӕг ныххафта ӕмӕ дзы Байрамханы саст уӕраг хъӕдын фӕрсчъытимӕ ӕнгом бабаста. Рынчын дыууӕ къуыримӕ йӕ къӕхтыл слӕууыд, ӕмӕ ногъай сӕ уӕрдӕттӕ ифтындзынмӕ бавнӕлдтой.

Агъыныхъойы хъӕу дӕр зӕйау фенкъуысыди. Ӕнӕсӕрст сӕмӕнты хъыррыст ӕмӕ цӕлхыты гыбар-гыбур сарӕх сты.

– Цымӕ ма искӕд фембӕлдзыстӕм?– ӕрхӕндӕгӕй фарста Нури Хуысины.

– Чи зоны, мах куынӕуал, уӕддӕр нӕ байзӕддӕгтӕ ӕнӕмӕнгӕй фембӕлдзысты,– дзуапп радта Хуысин, ӕмӕ дыууӕ ӕрдхорды кӕрӕдзиуыл ныттыхстысты. Зын у фӕхицӕны сахат.

Ӕрбайхъуыст ма дард кӕцӕйдӕр фӕстаг уӕрдоны хъыррыст ӕмӕ Агъыныхъойы хъӕууатт ингӕнау ныссабыр. Йӕ артдзӕстыты уазал фӕнык ын халӕттӕ фӕйнӕрдӕм фӕйлыдтой. Ӕдзӕрӕг хъӕуты ӕххормаг рувӕстӕ ӕлдариуӕг кодтой.

Чи зоны, цӕй бӕрц рӕстӕг рацыд уӕдӕй нырмӕ, фӕлӕ ма абон дӕр Иры зӕххыл ногъайы уӕлмӕрдты обӕуттӕ нӕма слӕгъз сты. Нӕ хӕлардзинады ӕртхутӕг нӕма ныууазал, ӕмӕ сӕ мысӕм нӕ таурӕгъты.



ДЖЫККАЙТЫ Шамил

# АЛӔМӔТ ДЗАУМАТӔ ӔМӔ СӔ МИФОН ӔУУӔЛТӔ

Кард – ӕхсар ӕмӕ намысы хотых

Знаджы хотыхтӕ байсын уыди кады хъуыддаг, уӕлахизы нысан, ӕппӕты зынаргъдӕр тӕлӕт. А.А. Нейхардт фыссы: «Ромы, Капитолийы къуылдымыл арӕзт ӕрцыд егъау кувӕндон (храм), уырдӕм хӕстон фӕтӕгтӕ, уӕлахизы стӕртӕй куы здӕхтысты, уӕд хастой саст фӕтӕгты хотыхтӕ…»[*]. Уыдон уыдысты кады трофейтӕ. Нартӕ иудадзыг сӕттынц тыхгӕнджыты тых, исынц сын сӕ хотыхтӕ. «Иунӕджы кадӕджы» мад райхалы йӕ фырты фынтӕ ӕмӕ зӕгъы: «Тыхгӕнджыты баййафдзынӕ Терчы атагъайы. Цӕгъдгӕ сӕ ацӕудзынӕ размӕ, Агуындӕ-рӕсугъды сын байсдзынӕ, стӕй сын сӕ хотыхтӕ исгӕ рацӕудзынӕ» (ИТ, 269). Куырттатаг фаззон ӕфсымӕртӕ Макъар ӕмӕ Хъуыдӕбердӕн мӕхъхъӕл истой сӕ бӕхтӕ. Уыдон разындысты нӕртон лӕппутӕ, «тохы сахат сӕ лӕджыхъӕд хъамайӕ равдыстой». Сӕ иу фӕмард, иннӕ зындонмӕ арвыста йӕ фыдгулты, цӕфтӕ уыдис, уӕддӕр знӕгты хотыхтӕ уӕрдоны сласта Куырттаты коммӕ. Сӕ мадыл сӕмбӕлд сау хабар. Рацыд сӕ размӕ ӕмӕ фӕрсы ӕнӕ цӕссыгӕй: «Мӕ хъӕбултӕ, ницы худинаг мӕм ӕрхастат?!» Нӕртон, цытджын Мадӕн дзуапп радта Кады зарӕг:

*Уӕлладжыры комы, дам, хӕрисджыны бӕстӕ.*
*Рухсаг ӕрбаут, хъӕбатыр фаззӕттӕ, –*
*Мӕхъхъӕлӕй байстой сӕхицӕн фӕлдисыны гӕрзтӕ.*

Сослан, йӕхи хорзӕй равдисыны сӕраппонд, зӕгъы: «Ӕз дӕн кадджын, ӕхсарджын мыггагӕй. Ӕппӕт Нартӕ дӕр зонынц мӕн ӕмӕ кад кӕнынц мӕ кардӕн» (НК, II, 764). Герой ӕмӕ йӕ кардӕн иу у сӕ цард ӕмӕ сӕ кад.

12. Кардимӕ баст цӕуынц бирӕ уырнинӕгтӕ ӕмӕ ӕгъдӕуттӕ. Фыццаджыдӕр, кард у ӕфснаинаг. Кадӕг зӕгъы: «Ӕхсӕв ӕддӕ хотыхтӕ уадзын худинаг уыди, нӕ сын фӕччыди» (Нартӕ, 13). Уыцы фӕтк ис Нартӕм дӕр ӕмӕ се знӕгтӕм дӕр. Хъӕндзӕргӕсы кард – «фӕсдуар ӕфсӕн кирӕ ӕрхугондӕй лӕууй, ӕ хурфи ба –

[*] Легенды и сказания Древней Греции и Древнего Рима. – М.: Правда, 1987. – 491 ф.

устур церхъ; æ рахатунмæ сæдæ къамбеци гъæуй» (НК, III, 227). Батрадз тыхгæнæг сау Гайдармæ цæуы тых сæттынмæ, хъæуы йæ кард æмæ бæх. Сатана йын амоны: «Нæ лæджы уаты – æргъæу чырын, уырдыгæй сис хæдласгæ кард, дæ аккаг у». Бæгуыдæр, уымæн æмæ уый уыди «зæххыл дисæн дзуринаг фæринк» (НК, III, 144). Ацы фæтк баст у, æвæццæгæн, карды магион тых кæй æнхъæлдтой, уыцы уырнынадыл.

Кард уыди мыггаджы стырдæр æмæ зынаргъдæр хæзна. Дунейы адæмты историйы зындгонд у, фыды фырттæй хистæр сæйраг æмæ барджын бындар кæй у, уыцы фæтк – майорат. Уæрсты хистæр æфсымæрмæ хауд дзадждджындæр æмæ ахъаззагдæр хай. Ахæм хай фыццаджыдæр уыди кард. Кадæг «Æхсары кард» зæгъы: «Æхсары амарды фæстæ кард баззади йæ хистæр фырты номыл. Уæдæй фæстæмæ ис фæтк: кард – хистæр фырты, æмæ кæстæрæн та фæхай кæнынц бæх» (НК,V).

Кардæн ис историон æмæ социалон нысаниуæг дæр. Е.А. Мельникова фыссы: «Меч осуществляет непрерывную преемственность поколений, оставаясь неизменным воплощением героического поведения…»*[1]. Æнæмæнг, кард бæтты адæмы æмæ мыггаджы фæлтæрты, кæстæртæй домы хистæрты æхсар фæзмын, сæ кадыл кад æфтауын. Нæртон лæппу фыццаг балцы куы фæцæуы, уæд æнæмæнг æрцагуры йæ фыды гæрзтæ.

Кадæн нæ уыд искæй къухмæ дæттæн. Кардимæ йæ хицауы тых цыди æндæр лæгмæ. Сатанайы амындæй Батрадзы бахъуыд бирæ фæлварæнтæ Сайнæг-æлдарæй йæ кард райсынæн.

Нартæ кард рæдауæй лæвар кодтой æрдхорд æмæ кады лæгæн. Ацы рæсугъд æгъдауы фæзынд ивддзинæдтæ. Абон дæр цыты нысан у кард лæвар кæнын, фæлæ мæнгуырнындзинадмæ гæсгæ (суеверие) лæваргæнæгæн дæттынц символон аргъ – згъæр æхца (монета).

Кард йæ магион тыхæй тæссаг у сау тыхтæн: хæйрæджытæн, дæлимонтæн, зинтæн. Этнограф Цыбырты Людвиг фыссы: «В качестве оберега оружие (цирхъ, æхсаргард, хъама) получает особое назначение; оно пугает нечистую силу одним своим видом»**[2]. Хæйрæг буд судзæнæй куыд тæрсы, афтæ дæрдты лидзы цыргъагæй дæр. Уыдис ахæм фæтк: æхсæв æддæ чи баззайы, уый карды фындзæй æрхахх кæны йæ алыварс – æнæзæгъинаг æмæ фыдбылызæн æрбахизæн нæй уыцы хаххы сæрты.

Кард æвæрдтой сабийы авдæны, йæ нывæрзæны, – цыргъаг æнахъом сывæллоны хизы фыдбылызæй.

Фынгыл нæ фæтчы кардæн, йæ ком уæлæмæ уа, афтæ æвæрын. Дзурынц, уæд, дам, фæдомы исты æргæвдын.

Кардæй хæрын нæ фидауы æмæ нæ фæтчы. Уырнынад фæдзæхсы: уæд адæймаг комæфтыд кæны (дзырддаг, тауысаг).

Карды æууæлтæй æвзæрынц алыхуызон æлгъыстытæ. Донбеттырты мадæн йæ чызджы бæлоны хуызы фæцæф кодтой нæртон фаззæттæ, æмæ ус æлгъиты: «Борæты Æхсар æмæ Æхсæртæг кæрæдзийы кæрдтыл бафтæнт» (НК, I, 91). Кард уаз хотых кæй у, уымæ гæсгæ дзы нæ фæтчы хъазын æмæ хынджылæг кæнын. Æгъдау чи халы, уымæн фæзæгъынц: «Дæ уырджы йæ ссар! Дæ зæрдæсæр фæныхсæд!». «Карды комыл – дæ фæндаг!», «Хистæгтæ дзы фергæвдут!» Кардæй разы куы нæ вæййынц, уæд æй æлгъитынц: «Конд хуымы дæ ссардæуæд!»

Фæлæ эпосы ис карздæр æлгъыстытæ. Нартæм уыдис курдиат: цыдысты сæ ралгъыст дæр æмæ сæ арфæ дæр. Æхсæртæггатæ æмæ Борæты ’хсæн хæст куы сæнхъызт, уæд Борæты чындз ралгъыста йæ цæгаты – Æхсæртæггаты: «Авд азы уæ кæрдаг кард ма кæрдæд, уæ уайаг бæх мауал æруайæд, кæмæ фæцæуат, уый фыдæх ссарут» (Нартæ. М., 1990, 1 чиныг, 340 ф.). Сосланы кард гал æргæвдынæн дæр куы нал сбæззыд, уæд нæрæмон гуыппырсар «йæ цæссыгтæ æркалдта». Куыннæ куыдтаид! Карды тыхимæ сæфтысты йæ хъару, йæ ныфс, йæ кад. Дыгурон варианты ахæм æлгъыстæй стыр геройтæ æрхаудтой куыдзæгадмæ (уым, 348). Нартæ æцæг Нартæ уыдысты карды æхсарæй, бæхы хорзæй æмæ дзыхы дзуаппæй.

Ис æмбисæндтæ: «Къуымых кардæй къуымых лæгæй уæлдай нæй», «Кард – кæрдынæн, дзых – дзурынæн».

Кард æмæ уарт систы барад æмæ тæрхоны символтæ. Кард амоны фыдракæнд æфхæрын, уарт – рæстдзинад хъахъхъæнын. Ацы хотыхтæ зынгæ бынат ахсынц бæстæты символикæ æмæ геральдикæйы, арæх æмбæлынц паддзахадон æмæ титулон гербты.

13. Кард уыди æмæ у æдасдзинады фæрæз. Хотых кæмæ ис, уый у хæдбар, сæрыстыр æмæ æвæсмон. Библи зæгъы: «Ауæй кæн дæ

* [1] М е л ь н и к о в а Е.А. Меч и лира. Англосаксонское общество в истории и эпосе. – М.: Мысль, 1987.– 97 ф

** [2] Ч и б и р о в Л.А. Традиционная духовная культура осетин. – М.: РОСПЭН, 2008. – 134 ф.

дарæс æмæ балхæн кард» (Еванг. от Луки, 22:36). Зонджын лæг знаджы гæрзифтонг нæ кæны. Кард аразыны хъуыддаг уыди стыр сусæгдзинад, уыцы дæсныйад цыди фыдæй фыртмæ, æнувыдæй йæ хъахъхъæдтой æддагон цæстæй. Библи зæгъы: «Куырдтæ нæ уыд æппæт Израилы зæххыл, уымæн æмæ филистимæгты нæ фæндыд, дзуттæгтæ кард кæнæ арц саразой, уый» (Кн. Царств. I, 13: 19-20). Дзуттæгтæ сæм цыргъ кæнынмæ хастой сæ кусæнгæрзтæ æмæ сын уыдисты лæгъстæйаг, нæ сæ уыд тас. Ис хорз уырыссаг æмбисонд: «С соседом дружись, а за саблю держись (В. Даль).

Стыр кады хъуыддаг æмæ пайдайаг уыдис кард аразыны дæсныйад. Стыр мастертæ сæ конд кæрдтыл фыстой сæ нæмттæ, æвæрдтой сыл сæхи сæрмагонд гакк. Уыдон арф æмбæхстой æндон уадзын æмæ цыргъаг аразæн технологи. Астæуккаг æнусты æппæты номдзыддæр уыдис, франкты бæстæй кæй хастой, уыцы кард – фæринк (франкаг цирыхъ). Уыцы кæрдтæн европæйаг бардтæ æмæ араббаг авторты дистæ-тæмæстæ кодтой сæ фидауц æмæ сæ фидардзинадыл. Къарол Стыр Карл, – зæгъы Ф. Кардини, – «архайдта, цæмæй уыцы кæрдтæ æмæ згъæртæ (панцирь) æндæр бæстæтæм уæйгонд ма цæуой»*[1]. Фæлæ нæй, базары цы баурома, ахæм тых. Фæринктæ æфтыдысты нæ фыдæлтæм дæр.

Геройтæ сæхицæн хотых аразын кодтой хуыздæр хуызæгтыл. Батрадзы хъуыди, хуртæ æмæ мæйтæ кæмæй каст, ахæм кард (НК, III, 287). Ромаг мифты æрвон куырд Вулкан рутулты паддзах Давнæн радта, Мæрдты бæсты Стиксы доны кæй сысæрста æмæ цыфæнды уарт сæнкау чи карста, ахæм цирыхъ. Давн æй ныууагъта йæ фырт Турнæн**. Ирон мифмæ гæсгæ Куырдалæгон Батрадзы сæры, залиаг кæлмыты сыгъдæй цы ’взалытæ скодтой, уыдоны цæхæры (НК, III, 74). Тaурæгъты хорз кард æхсыстой калмы туджы. Грекъаг мифты Гераклы кард маргхъæстæ уыди гидрæйы тугæй. Скифтæ сæ фаты æрттигътæ хъæстæ кодтой маргджын кæрдæджытæй. Уый реалон мадзал у. Реалон хъуыддаг мифты райсы фантастикон хуыз, алæмæты æууæлтæ.

14. Кардæн зынгæ бынат уыдис марды æгъдæутты. Уыцы æгъдæуттæ æвзæрдысты адæмы уырнынадæй æмæ мифологон зондахастæй. Фыдæлтæ хъуыды кодтой афтæ: лæджы уæлæуыл

* [1] К а р д и н и Ф. Амынд чиныг. 310-311 ф.

** К о н д р а ш о в А.П. Легенды и мифы Дрвней Греции и Рима. – М.: Рипол классик, 2004. – 193 ф.



цыдæриддæр хъæуы, уый йæ хъæуы Мæрдты бæсты дæр. Уымæ гæсгæ йын фæлдыстой бæх æмæ зынаргъ дзаумæттæ, фыццаджыдæр – кард. Уыцы æгъдау æрцыд нæ рæстæгмæ дæр. Скифтæ æмæ аланты обæутты, сæ ингæнты разыны алыхуызон кæрдтæ. Марды æгъдауы кардæн уыдис ритуалон нысаниуæг, фæлæ уымæй уæлдай æвдисæн уыд йæ хицауы æхсæнадон статусæн, йæ хæстон æхсарæн, йæ намысæн.

Уыдис ма иу æгъдау. Герой искæй къухæй куы марди, уæд йæ бæх æмæ йæ цирыхъ уагъта, йæ туг исын кæмæн фæдзæхста, уымæн. Лæвар чи иста, уый цыди стыр бæрнон хъуыддаджы. Ахæм ныстуаны фæдыл Арæхцау райста Сосланы туг (НК, II, 644).

15. Кард æнæмæнг архайдта чындзхасты дæр. Чызджы хæдзары дæр æмæ сиахсы хæдзары дæр къухылхæцæг сласы йæ кард (фæстаг æнусты æхсаргард кæнæ хъама), рахæцы чындзы рахиз цонгыл æмæ йæ æртæ хатты æрзилын кæны артдзæсты алыварс, алы зылдæн кардæй Сафайы рæхыс ныццæвы, кувы «Фарн фæцæуы», афтæмæй. Æнусон фæтк бæстон æвдисы Къостайы очерк «Особа»*[1]. Ацы ритуалы зыны, кард фарнхæссæг æмæ фыдбылызсафæг кæй у, уыцы уырнынад.

16. Бæрзонд, тыхджын æмæ табуйаг уыд карды фарн. Баззад рагон куырыхон фæдзæхст: «Æнæхъуаджы йæ макуы слас, æгадæй йæ макуы нывæр». Кард дарын лæгæй домдта æхсар æмæ æфсарм. Ард хордтой кардæй, фидар æй кодтой туг æмæ дзырдæй. Кадæг зæгъы: «Уæд ард басæттын ыстыр æгад уыд, дзырд фæсайын та – уæлдай худиаг» (Нартæ, 1975, 44).

Æмбисондаг у Нарты уæздандзинад. Эпосы кæрæй-кæронмæ цæуы иу хъуыды: Нарт Елиайау иуцæфон сты. Уымæй эпос æмсæр кæны хуыцауы цæф æмæ Нарты цæф, арвæрттывд æмæ карды кад. Геродот скифты цардæй хæссы цымыдисаг цау. Бахъуыд сæ цагъартимæ хæцын, фæлæ сыл кардæй сæ тых нæ цæуы. Уæд сæм бавзыстой ехсытæй, æмæ цагъартæ тæссæй сæ зонгуытыл æрхаудтой (IV, 3-4). Уымæн цау рахонæн нæй, уый у таурæгъ. Таурæгъы ис этикон хъуыды: уæздан хотых цагъартимæ хæцынæн нæу. Рыцарь сау лæджы цавта кардæй нæ, фæлæ ехсæй кæнæ лæдзæгæй. Даредзанты таурæгъты сауджын бакодта бирæ æнаккаг митæ. Амран ын зæгъы: «Дæ номыл цирхъ рариуыгъын тæригъæд

* [1] Х е т а г у р о в Коста. Полн. собр. соч. в пяти томах. Т. IV. – Владикавказ, 2000. – 352 ф.

у, фæлæ мын æнæ ариуыгъгæ нæй. Иу дурцæджындзы фарсмæ æрбалæууу, æмæ æз иннæрдыгæй ныццæвдзынæн; дурцæджындз кæцæй ахауын кæндзæн мæ цирхъ, фæлæ мæнæн мæ маст уымæй ацæудзæн» (ИАС, I, 344). Уæздан адæм цъаммар æмæ фыдгæнæджы нæ мардтой цыты хотыхæй, мардтой йæ æхсæны дурæй, æппæрстой йæ куыдзæппарæнæй, бастой йæ бæхы дымæгыл, сыгътой йæ сындзын арты. Уаз хотых æгад кæнын йæ сæрмæ ничи хаста. Кард хъуыдис намыс æмæ сæрибарыл тохæн.

Кардæн зынгæ бынат ис аив литературæйы дæр, фæлæ уый æндæр ныхасы аккаг у.

17. Кард уыди лæгдзинады нысан. М. Оссовская фыссы: «Рыцарь иттæг æнувыд уыди канд йæ бæхыл нæ, фæлæ йæ хотыхтыл дæр, фыццаджыдæр, – йæ кардыл»*. Нарты гуыппырсартæ зæрдиагæй аудыдтой сæ бæстæ æмæ сæ адæмыл. Нартыл фыдаз скæны, Ныхасы дæлгоммæ ныххауынц фæсивæд, сæ гуыбынтæм хъусынц, «хорз карды кой сæм нал и» (НК, I, 274, 338, 364), – уыцы уавæр стыр маст æмæ хъыг бауадзы Уырызмæджы зæрдæйы, уый у сæфты нысан. Карды кой кæнынц сæрибар, сæрæн æмæ æхсарджын адæм, гуыбыны кой вæййы цагъартæм, æдзæллаг æмæ дæлдзиныг адæммæ.

18. Кард артау у сæрибары фæрæз. Ацы мотив дзæнгæрæгау зæлы Амраны мифты æмæ таурæгъты. Амран адæмæн зынг кæй æрхаста, уый тыххæй йæ Хуыцау бастæй дары лæгæты. Уым ауыгъдæй лæууы йæ кард дæр. Рæхыстæ асæттынæн ис иунæг фæрæз – кард. Амран æм не 'ххæссы, – ацы уавæры дæр ис арф мидис, символон хъуыды. Амран зæгъы: «Æз уын кæд аирвæзон, зæххон адæм, уæд уæ амонд æрцæудзæн» («Амран æмæ цуанон». ИТ, 47). Фæлæ Амраны къухы нæма бафтыд йæ кард.

19. Кардæн кад кодтой кадæг æмæ зарæг. Уыдон алы хуызты стауынц цирыхъы æууæлтæ. Кард хæстмондагæй цъæх арт уадзы, йæ кæрддзæмы хердмæ хауы, зæлланг кæны. Эпикон барæг быдырты куы фæцæуы, уæд йæ карды финдз ххх кæны дзывырау, стигъы зæххы уæлцъар, фæлдахы нæуу. Нæртон кард хъæд æмæ дурыл къуымых нæ кæны, фæлæ цыргъдæр. Сосланы карды фистоныл ис алæмæты хъуымбылæг, уый йын тар æхсæвты рухс кæны йæ фæндаг (НК, II, 164). Бынтон алæмæт у Сайнæг-æлдары кард – Сафайы арæзт

* О с с о в с к а я М. Рыцарь и буржуа. – М.: Прогресс, 1987. – 89 ф.



цирыхъ, уымæн йæ иу фарсæй æрттивы хур, иннæ фарсæй – мæй; уыцы карды арвайдæнау зыны, зæххыл цыдæриддæр цæуы, уый (НК, III, 592). Кард, бæгуыдæр, дæтты ныфс æмæ æхсар. Хазбийы зарæджы ис ахæм диалог:

*– Барæг, дæ бæх та цæмæй у?*
*– Йæ саргъæй æмæ идонæй.*
*– Саг лæг дзæбæх та цæмæй у?*
*– Йæ кардæй æмæ ливорæй.*

Уæддæр зæгъын хъæуы: кардæн лæг хъæуы, уæлахизæн та – æхсар, арæхст æмæ зонд. Гæрзармы къухы карды къуыдзы цирхъ у. Гуымирыты басæтты æрхъуыдыдзинад. Нæртон царды уаг (стиль жизни) уыдысты балц, стæр æмæ куывд, йæ кады нысан – кард, бæх æмæ æхсар. Фæлæ уыцы æууæлтæ æххæстæй не 'вдисынц фыдæлты царды ныв. Васо хуымæтæджы нæ загъта: «Кард æмæ фæндыр – уыдон сты Нарты дывæр символ»*[1]. Гуыппыртæ кардæй куыд арæхсынц, афтæ цæгъдынц фæндырæй дæр. Уый нæ, фæлæ хъисфæндыр æрымысыд тызмæг хæстон Созырыхъо (НК, II, 209). Нарт стыр хæзнайыл банымадтой Сырдоны фæндыр. Фæлæ царды ис карз быцæутæ. Рыцарьтæ куывтой: «Дæ хорзæх ратт ацы кардæн, цæмæй хъахъхъæна фыдызнæгтæй сыгъдæг аргъуан, сидзæрты æмæ сидзæргæсты…» Кард цæхæр калы арвæрттывдау, судзы тар, рухс кæны тохвæндаг. Кард уыди Рæстдзинад, Сæрибар æмæ Намысы хотых.

*[1] А б а е в В.И. Избранные труды. – Владикавказ: Ир, 1990. – 202 ф.

# СОТТИТЫ РИММÆ

18.02.1939

Соттиты Несторы чызг Риммæ райгуырд Уæллаг Мызуры, фæлæ астæуккаг скъола каст фæцис Ногиры, стæй, ногдзауты къордæн разамонæгæй куы куыста, уæд бацыд Къостайы номхæссæг Цæгат Ирыстоны паддзахадон институты филологон факультеты ирон-уырыссаг хайадмæ æмæ дзы 1962 азы ахуыргæнæджы дæсныйадимæ рацыд.

Куыста ахуыргæнæгæй, газеттæ «Ленины тырыса», «Рæстдзинад», «Æрыгон коммунист» æмæ «Социалистическая Осетия»-йы редакциты уæнгæй. Дæс азы та уыд журнал «Ногдзау»-ы сæйраг редактор.

Литературон сфæлдыстадмæ Риммæ 'ргомыздæхт фæцис студентæй. Уæдæй нырмæ йын джиппы уагъдæй фæзындысты къорд чиныджы алы жанрты: «Судз ме 'стъалы» (1979аз), «Æмзæл зарæг» (1986 аз), «Удæй удмæ» (2000 аз), «Фыдæлты уæзæг» ( 2005 аз), «Магуса гæдила» (2007 аз), Æмбалты Цоцко æмæ Зæнджиаты Бæбуйы трагикон цардвæндаджы тыххæй цæстыахадгæ чингуытæ.

## ФЫДЫ ФАРН

Фыды уæзæг, æгæрон тых дæм ис. Цыфæнды дард æмæ рæсугъд бæстæй дæр дæхимæ хонис адæймаджы ды.

Фыды уæзæг... Фыдæй-фыртмæ дæуæн ирон адæм сæхи нывондæн хастой. Дæ урссæр хæхтæй, стæй дæ сау мæрæй стыр ард хордтой цæхх æмæ кæрдзынау. Фыды фарнау дæумæ стыр ныфс ис.

Дæ дызгъуын риуыл дзидзидай слæууы, æвæлтæрд къахдзæф акæны. Ды та ныййарæгау дæ мидбылты фæхудыс æмæ йæ хонис цардвæндæгтæм дард.

Кæддæр, дам, сахъ хохаг карз хæсты фæмард, фæлæ йæ коммæ не 'рбауагъта знаджы. Фыды уæзæг ыл æртæхæй куыдта. Йæ сау хъарæг ыл арвы нæрын кодта. Хæххон бæрз ыл йæ урс дзыкку ныттыдта. Ныттар ис бæстæ. Бамыр сты хъæдтæ. Æрмæст ма суадон таппузхæкъуырцц кодта.



Ирон уæзæг йæ хъæбулыл дзынæзта.

Фæлæ згъордтой 'взонг байрæгтау азтæ, æмæ хæстонæн ралæг ис йæ фырт. Фыды фарнæй бæркадджын уыд йæ зæрдæ, фыды намысæй хаста сæр бæрзонд.

Ныллæг куывта фыдæлтыккон мæсгуытæн. Лæгæрста комы бæлццæттæн фæндаг. Уый уарзта цард, цъæхайнæг хох, уыгæрдæн. Мæнæуы хуымтæм худтис уый фæлмæн æмæ хæзнайау кодта кад къæбæрæн. Хæххон суадонæн иста уый йæ худ. Йæ разы-иу йæ зонгуытыл æрлæууыд.

Фыды уæзæг раст ныййарæг мадау уарзта. Йæ фыды фарн нæ ауагъта мæрдтæм.

## КАТАЙ

Зæххон дуне, æз нал æмбарын дæу. Мæ бон дæ нал у рахатын, Рæстдзинад. Циу худинаг æмæ кæм ис лæгдзинад? Ирон лæджы кад кæм ис?

Зæххон лæджы бæрзонд цырагъ Рæстдзинад! Фæивддзаг дæ гæды митимæ ды. Гæртамхортæ сæхи дæуæй æмбæрзынц. Сылвазтæн ды сæ тырыса ысдæ. Фæлитой дæ пæлæз кæрды йæхицæн. Рæстзæрдæты дæм нал уадзынц хæстæг.

Хъæстæзонд дæ гæлирæфсæр фæкодта. Кæс, уæртæ чидæр дзагдзыппæй хъуызы. «Æрлæуу» зæгъæг ын ничиуал ис, ничи... Хæрамдзинад йæ гамхуды тындзы.

Мæнгарды фарсмæ гомсæрæй лæууы, йæ сæр æруагъта марды раз лæууæгау. Уый чи уыдзæн? Зæгъæн ын нæй, мæ хуртæ. Уæд æй нæ давæг бафхæрдзæн. Уæдæ!.. Уый хицау у, уый – адæмы «сæрхъуызой»! Бæрзонд къæлæтджын бандон – йæ бадæн. Бæркадджын фынгыл – й' алыбоны минас. Козбау митыл уый рагæй ахуыр у. Уæдæ! Уæдæ!..

Рæстдзинад та... Рæстдзинад та быхсы. Цæмæн ыл тыхса сайæг æмæ давæг? Кæм æй хъæуы? Цы дзаумайæн бæззы? Дæ къухмæ йæ зынаргъ дзаумайау ма райс... Дæхи дзы ма 'фсад... Балцы дзаума нæу... Уæлдæр хицауæн – абабау! – лæварæн!.. Хъæбулы дæр дзы барæвдауæн нæй. Кæм хъæуы уæд? Сæрниз йеддæмæ ницы у. Хæмпæлгæрдæг... Уыры дурау... Хуыскъвæд...

О, чи зоны. Фæлæ ныммæл, ныммæл! Цæмæ 'рцыдтæ, зæххон дуне?

Рæстдзинад! Куыд дæм уæндынц æввонгхортæ? Зæгъ сын! Æрвдзæфау сын сæ чъизитæ хурмæ ракал! Ныуугард сыл кæн худинаджы гакк! Къуыппæн зарæг, дзыхъхъæн хъарæг сыл сараз! Æркæсын сæм кæн дунеты! Ай-гъай! Зæрватыччы раз зулкъ нымад кæд уыдис? Цæргæсы бадæн зыгуымы кæд уыд? Кæд федтат хурыл пъолæхсæнтæ ауыгъд?

Дзæгъæлзад, дам, скадджын ис?! Уæдæ!.. Хъахбай сылтæн, дам, суæгъд кæнут сæ рохтæ?! Сæпгæнæн, дам сын байтындзут уæрæх?!

Цы загъдæуа?.. Зæхх нал æмбары мах. Æнæнцой цъилау азты бæзны зилы. Йæ базыртæ æнæнцой дымгæ тилы. Зæххонты царды бацардис бæллæх.

Цы чындæуа? Кæй уацар дæ, Рæстдзинад? Дæ хъæлæс ма хæстон уадындзау сис! Дæ хæстонтæ, дæ фæдонтæ дæм сидынц. Дæ хъæбултæ дæм ацы бон кæсынц. Зæгъ сын дæ ныхас. Расид сæм. Фæхон сæ лæджы кад æмæ амонды зæхмæ. Зæгъ сын, Рæстдзинад, циу сыгъдæг, циу чъизи. Табуйаг Рæстдзинад, фехъус мын мæ сидт!

## РÆСТДЗИНАД

*Господи! Услышь молитву мою,*
*и вопль мой да придет к Тебе.*
*(Псалом 101:2)*

Рæстдзинады мæнг тæрхæттæ нæ хъæуы. Нæ йæ хъæуы тæлмацгæнæджы сæр. Хуыцау æй радта адæмæн хæзнайау, æмæ цæры нæ удварны, цæмæй бæрзонд хæссæм зæххон царды нæ сæртæ, нæ сабитæн ныффæдзæхсæм æгъдау.

Рæстдзинад у сыгъдæг удты цырен арт, зæххон адæмы цин æмæ бæллиц. Æрвнæрæгау йæ хъæлæс сисы арвмæ, сæууон хурау æппæтдæр уынаг рухс. Болатæй конд æхсаргардау йæ февнæлд, ныййарæг мадау домаг æмæ буц.

Сыгъдæг рæстдзинад! Уд æмæ дæ зондæй нæй бафауæн — æппæтæй дæр æхххæст. Фæлæ дунейыл ис æлгъаг мæнгдзинад — дæлимоны сконд хин æмæ фæлывд. Æмæ хуыснæгау агурынц дæ фæдтæ, дæ фæндæгтæ бынсæфт кæнын — сæ сæйраг.

О, цал масты, о, цал риссаг æлхынцъы ныццæнд вæййынц нæ адæмы хъуыры... О, цал хатты фыды уæзæг гæныстон кæйдæр тугмондаг аххосæй вæййы... Бæрзонд ранæй нæ цал хатты фæсайдтой...



Æрцæуæг нын куыд мерс кодта нæ мулк... Æмæ нын-иу нæ улæфт дæр ма байстой, нæ фырмæстæй-иу бацахстис нæ туг.

Ысдзурæджы-иу банымадтой знагыл. Æрбайсæфтис-иу бонрæфты йæ фæд... Тыхуарзджыты хуыдзармæй карст дзылары куыд ныффæрæзтам, куыд мах утæппæт!..

Цæй фæрсты фидар разындис нæ Ирæн, рæстагæй нæ зылын куы кодтой, уæд. Цæй дурвидар нæ Иры мадæл басгуыхт, йæ хъæбулты йын знаг куы цагъта, уæд...

Фæлывд хæлæртты ихуарæн нæмыгæй... Амынæты нæ сабиты цъæхахст... Æвирхъау бон, туджызæй, гадзрахат... Цы нæ бавзæрстам, ахæм та цы уыд?

Нæ фыдбонты нæ цæссыгæй æхсадтам нæ куыдвæллад æрхæм цæсгæмттæ мах. Фæрæзтам алы диссагæн нæ царды, уæддæр нæ систам мах дæуыл нæ къух.

Зæххон царды æцæг паддзах – Рæстдзинад! Æхсæвы тары агуырдтам дæ фæд. Сæууон æртæхмæ кастыстæм æдзынæг, дæ намысыл ма фембæликкам кæд…

Ызмæст доны кæсагахсджытæ махмæ æввахс нæ уагътой, уаз Рæстдзинад, дæу. Фæдфæливæнты ауон ахстæй цардтæ, æхсины лæгты нæй, нæ уыд дæ мæт.

Фæлæ дунейы дзыллæйæ тыхджындæр нæ уыдис æмæ никуы уыдзæн, нæ! Уæндон æмæ æмзонд къахдзæф æмдыхæй куы акæной, кæй бон сын цы у уæд!

Рæстдзинад! Ды зынаргъ дарæс нæ дарыс. Къæрид кæрцы дæр – паддзæхты æмсæр! Дæ хъæбулты ды карз тохты æвзарыс, кæйдæртау сæ нæ бамбæхсыс фæсфæд.

Ирыстоны куы бахъæуы лæджы сæр, куы æрлæууæм нæ сæрсæфæны был, уæд афонхор къæлæтджынуарзаг хъалтæм ды нал фæкæсыс, æмæ нын гъеуæд Сæнайы хохæй Æрджынарæгмæ уадау ныййазæлы де 'нæрцæф хъæлæс.

Иры сагсуртæ уæд ныууадзынц гутон. Æрбалвасынц æнгомдæртæ сæ рон æмæ фæдисы рацæуынц дæ номыл. Ирон лæгæн йæ тырыса дæ ды.

Зæххон хæзна! Ирон зæххы сыгъдæг дзуар! Дæ сæрвæлтау нæ цард уæлдай кæнæм хæсты! Дæ сæрвæлтау мах пиллон арты судзæм, нæ удты фарн, нæ амонды мæсыг.

Æцæг зæгъын, ды мын цæрай, Рæстдзинад!

# МА МÆМ ХЪУС

Мит фæлдзæгъдæн кæны. Тымыгъ сдæры мæ уазал рустæ. Æз æй нæ хатын. Цæуын гакъон фæндагыл зазты дæлбазыр æмæ мысын.

Сусæны мæй... Хурсыгъд мæнæугæрдæн... Рыгдзагъд къахвæндаг... Суадоны сатæг... Гæдыбæлæсты æппæрстуагъд сыфтæртыл цæссыджы æртæхтæ... Дæ цæстыты арфы цины уылæн... Æмæ дæ фæсус хъæлæс.

Цытæ мын дзырдтай? Нал æй хъуыстон. Мæ зæрдæйы фæдисуынæры аххос уыд, æви мæнæуы сусу-бусу мынæг кодта дæ ныхæстæ?

Уæдæй нырмæ æнцой нал зонын. Уæззау рынчынау рафт-бафт кæнын, фæлæ ницы амал арын фервæзынæн.

Мæнæ та ныр дæр цæуын митдзагъд фæндагыл æмæ демæ ныхасæй нал фæллайын...

Курын дæ, ма мæм хъус. Мæ сусæгдзинады цæстытæм, мыййаг, куы фемдзаст уай æмæ мыл дæ зæрдæ истæмæй куы фæхуда. Фæлæ дын дзургæ дæр куыд нæ кæнон?

Хъуыды ма йæ кæныс, скъолайæ зымæгон куы здæхтыстæм уæрагмæ миты, уæд мæ къухтæ куыд бандæвтой? Хæххон фосдарæг хъæуы бæргæ цардыстæм, фæлæ нанайæ мæнæн æрмкъухтæваг не 'нтыстис. Æхсæв-бон нæ хынцгæйæ, цы фæсмын æрмкъухтæ æмæ цъындатæ быдта, уыдон-иу хæсты цæхæрмæ сырхæфсæддонтæн æрвыста. Йæ иунæг цъæх чызгмæ дзы не 'нтыстис. Æз йæ фарсмæ уыдтæн, æмæ-иу мæ къонайы артмæ бахъæрмттæ кодта. Йæ цыппар фырты та Уæрæсейы тыгъд быдырты знаджы ныхмæ риуæмбæрц лæгæрстой кардæлвæст, топпæргъæвдæй. Йæ зæрдæ сæм куыд не 'хсайдтаид...

Æз ныцъцъæх дæн. Ды мæ тæригъæдмæ скуыдтай æмæ мын мæ чысыл къухтæ де скъуыдтæ уæлæфтауы бын дæ буары хъармmæ ныл-хъывтай. Уыцы хъарм цæмæндæр мæнæй нæ ферох ацал-ауал азы. Исчи дæ ном куы фæзæгъы, уæд уыцы хъарм мæ зæрдыл æрбалæууы, æмæ йæ мæхæдæг дæр нæ рахатын, мæ цæсгомыл мидбылхудт куыд фæзыны, уый.

Фæлæ адæмы цæст уынаг у. Бирæ чидæртæ бафиппайдтой уыцы хабар, æмæ, дæ кой куы фæкæнынц, уæд мæ сæ цæстæнгас нал фæхицæн кæнынц. Ау, цас диссаг у, иу саби иннæйы рыст кæй асырдта? Æви уæд райдыдта, уæлæмæ сдзурын кæй нæу мæ бон, уыцы рæсугъддзинад?



Нæ, нæ... Уæд нæ уыдаид... Æвæццæгæн мын зымæгон уæлхохæй цымы къæбуз дæ хъарм роны куы 'рхастай не 'мбæлтты сусæгæй, уæд банкъардтон дæ зæрдæйы уаг.

Ма мæм хъус. Мыййаг, кæд рæдигæ кæнын... Фæлæ-иу рувæнты мæ фарсмæ цæмæн рауад алкæддæр дæ рувинаджы хай, æмæ-иу дын цыма æнæбары рауад, уыйау-иу мæ рувинагæй дæр дæ разæй тæлм цæмæн ахастай? Æви æнхъæлдтай, æмæ йæ æз не 'мбарын, худæн ныхæстæй-иу цæмæн нал æфсæстæ?

Æвæццæгæн, цард æцæг доны къусау конд у: кæд фæкъул уыдзæнис, уый ничи зоны... Æви æцæгæйдæр мæхи аххос уыдис? Дæ цæстыты арфмæ кæсын нæ уæндыдтæн. Азтæ куыд цыдысты, афтæ тынгæй-тынгдæр тарстæн дæ къухты хъармæй. Æндæртæ та демæ чырчырæй худтысты.

Дæ чындзæхсæв дæр, дам, тынг хъæлдзæг рауадис. Адæм фæрнæйдзаг кафт кодтой дæ хæдзары. Фæлæ дæ зæрдæ уæд цæуыл æнкъард кодта? Æви адæмы цин, митрауарды размæ хъарм дымгæ куыд вæййы, афтæ æнæуд уыдис?

Æмæ дæ хъысмæтыл ныууарыд залты мит. Нал тайы хурмæ дæр, æмæ ныссалдысты дæ зæрдæйы тæгтæ. Митхалас радардтой дæ сæнтсау дзыккутæ.

Бахудыс дæ мидбыл дæ чысыл сабитæм, барæвдауыс сæ дæ дæрзæг къухты хъармæй. Фæлæ уыцы хъармы дæр цыдæр рис фæцæры...

Кæд, мыййаг, де уæнгты баззадис мæ кæддæры сыд къухты уазал рис, æмæ йе скуынæг кæнынæн ницы фæразыс? Мыййаг, кæд, уæдæй нырмæ мæ зæрдæйы цы хъарм хæссын, уый дæ уæлæфтауы бынæй æнæмбаргæйæ адавтон? Бæргæ дын æй радтин фæстæмæ, фæлæ йæ куыд сисон мæ зæрдæйы арфæй, мæ тугимæ куы сæмхæццæ ис, уæд?

Ма мæм хъус... Бæргæ мæ нæ фæндыд дæуæн дæ удæнцой адавын, фæлæ афтæ рауад... Æмæ уæд мæ удæнцой та, цымæ, чи адавта? Цæмæн мæ хоны нæ кæддæры митдзагъд фæндаг кæдæмдæр æмæ цæмæн худынц кæйдæр дæлбазырæй сырх цъуйы цупæлттæ?

# САУДАРÆГ НАНА

*Арын дзы майрæмадаггаг зæронд ус*
*Батиаты Дзгойы рухс ном*

Дымгæ фыр куыдæй ныффæсус, батымбыл кæмдæр. Сау мæрддзыгойау ныггуыбыр хъæды халас сæр. Арв дæр нал уромы цæссыг, миттъыфыл кæны. Æрдз йæ цардбæллон хъæбултыл сусæгæй кæуы.

Хъæдрæбыны æрдузы ингæн. Уым хъайтар лæппутæн карз хæст бакодта хуыссæн. Ам Фыдыбæсты сæрвæлтау аскъуыдис сæ цард, æмæ сыл йæ хъарæг скодта саударæг Нана.

Лæнчы-иу фæраст ис хъæуæй æрдузмæ æдзух. Судзаггаг цæссыгтæй ингæн никуы уагъта цух. Майрæмадагмæ дæрддзæф уыд денджызонты цырт, æмæ хъæуккæгтæ нæ хъуыстой хъарæг æмæ куыд. Стыр Уæрæсейы хъæбултыл урссæр мад куыдта. Хи ныййарæгау сыл алкæд хъарджытæ быдта.

Хъæд тæфæрфæсау лæууыди саударæджы раз. Раст цыма дзырдта: "Цы 'рцыди? Ферох кæн дæ маст".

Стыр Уæлахизы сæраппонд ницы уыд æвгъау, æмæ Хъаспийы хæстонтæ радтой уæд сæ цард. Ныр ам хуры 'рттиваг тынау ингæн у нымад. Ам нæ бахус вæййы уарди – у бæрзонд сæ кад.

Ам нæ бахус вæййы уарди, ничи скæны хъæр. 'Рмæст цыты кадæгау хъуысы суадоны сæр-сæр... Æмæ уарзон чызгау цыртмæ бæлæстæ кæсынц. Сгуыхт хæстонты аив цыртыл æртæхтæ кæлынц.

Ам фыццаг малусæг уалдзæг бахуды фæлмæн. Ам фыццаг миты гæлæбу акалы тæмæн. Ингæны ныййарæг мадау баныуæрды мит, фæлæ йæм сæумæрайсоммæ чидæр скæны фæд. Уый зæронд Нана æд уисой ратындзы æдзух. Мады зæрдæ ингæн никуы, никуы уадзы цух.

Майрæмадаг... Бонивайæн... Нал хуыссы На-на. Кувы та дунейы фарнмæ, адæмы ныфсмæ:

"Курын уæ! Мæ урс дадали ме 'вдисæн фæуæд – мауал рауадзут нæ зæххыл знаггад æмæ хæст!

Бафæлладтæн ауал азы хъарæджы уæзæй... Ма сныв кæнут дундунетæм сау мæлæты зæй. Уадз, æдзард удты бæллицтæ фидар цæлхдур уæнт, æмæ уыдоны тæригъæд судзæд знаджы сæр!"

Стыр Фыдыбæсты быдырты къорд ингæнты рис... Саударæджы судзгæ хъарæг, сис дæ хъæлæс, сис!



Урссæр Нана кувы, кувы... Дунемæ – йæ сидт! Хуры фыццаг зæлдаг тыны арвырон ссыгъд.

# ХÆРЗБОН

Ды ацыдтæ.

Хæрзбон дæр мын нæ загътай. Дæ бæсты мæм æнкъардæй кастис мæй, æмæ тæрккъæвда урс-урсид æндæхтæй мæнæн хуыдта чындздзон къаба. Дæуæн æндæримæ рæсугъддæр уыд дæ бакаст. Æппæт дæр уын парахатæй уыдис, æмæ уæм-иу хæлæг дæр кодта чидæр.

Æрмæст цæмæндæр арвæрдыны рон уæ кæртæй дард йæхи тæргайау хаста, нæ йæ фæндыд уæ амондмæ кæсын. Æмæ-иу хохаг доны сæрмæ комыл йæхи налхъуыт-налмасау айтынг кодта.

Æппæт бæстæн дæр цины бон уыдис. Нæртон симды-иу бацыдис уыгæрдæн, мæнæуы 'фсир бæркадджынæй куывта йæ алыварс лæууæг æндæр æфсиртæн. Ды сæ нæ уыдтай...

Ды ацыдтæ.

Хæрзбон дæр мын нæ загътай. Дæ бæсты мæм сæууон æртæхы цин згъордта хуымты, булæмаргъ мын зарыд. Дæ бæсты мын тæгæр бæласы сыф мæ цæстысыгтæ адæргæй сæрфта.

Æхсæвы тары Леуахи бырста, кæмæдæр-иу мæсты æртхъирæн кодта. Ды та дæ уаты тарф фынæй уыдтæ. Бынтон дæ ферох стъалыты кæлæнтæ, цъæх арвы сатæг, цъитийы æрттывд. Æппæт дуне дæ къуындæг уаты бацыд.

Æдде та къæрццæмдзæгъд кæны цард. Къæйдур фæндаг æхсæрдзæнау згъоры, æмæ йыл хъазы сабийау сæгуыт. Æрцæуы донмæ здыхстсыкъа дзæбидыр. Кæмдæр ныккæрзы хъæды тары уыг, æмæ кæркуасæн сабыргай фæхъуызы.

Кæмдæр йæ кæрон байгом кодта арв, æмæ уæлхох уыгæрдæнмæ фæцæуы æд цæвæг чидæр... Къахвæндаг у нарæг, æмæ лæгмæ-лæг фембæлдыстæм мах. Кæсы мæм уый цымыдисæй. Кæсы мæм... Йæ цæстытæ тыбар-тыбур кæнынц æмæ сæ судзынц æртæхы цырæгътæ...

Æз та цæуын – тæрккъæвдайæ фæлыст. Мæ фæдыл уадзын уазал фæдтæ къæйтыл... Тындзын дæумæ, кæд райхъал уаис ды... Сæумæйæ дын хæрзбон зæгъон мæхæдæг.

# МÆЙЫ ЦАУТЫЛ АФÆЛГÆСТ

● 3-æм февралы Фыдыбæстæйы Стыр хæсты Уæлахизы 75 азы кадæн республикæйы Сæргълæууæг Битарты Вячеслав юбилейон майдан «Уæлахизы 75 азы»-æй схорзæхджын кодта хæсты ветерантæ Гулуты Хизиры, Васили Коротаевы, Валентинæ Майоровайы, Магкæты Исрафилы, Мамсыраты Исламы, Пагæты Алыксандры æмæ Арутюн Хачикяны.

● 21-æм февралы йæ 88-æм азыл цардæй ахицæн УФ-йы сгуыхт æмæ РЦИ-Аланийы адæмон артист, Цæгат Ирыстоны Тæбæхсæуты Балойы номыл академион театры актер – Тылаттаты Бексолтан. Уый ирон театралон аивадмæ бахаста стыр æвæрæн, сарæзта 150 фæлгонцæй фылдæр. Хъазыд куыд комедион, афтæ драмон спектаклыты дæр. Тылатты-фырт хорзæхджынгонд у бирæ хæрзиуджытæй, уыдонимæ – майдан «Ирыстоны Намысæн».

● 25-æм февралы ЦИПУ-йы библиотекæйы уыд поэт æмæ ахуыргонд Джыккайты Шамилы райгуырды 80 азы кадæн изæр. Архайдтой дзы республикæйы интеллигенцийы минæвæрттæ, ахуыргæнджытæ, студенттæ, йе сфæлдыстадæн табугæнджытæ.

Шамилы цард æмæ сфæлдыстады тыххæй радзырдтой профессор Тахъазты Харум, ЦИПУ-йы Президент Мæхæмæтты Ахуырбег, газет «Рæстдзинад»-ы сæйраг редактор Хозиты Барис æмæ æндæртæ. Республикæйы сфæлдыстадон коллективтæ равдыстой сæ аивад.

● 26-æм февралы Ног Бæтæхъойыхъæуы уыд РЦИ-Аланийы адæмон поэт, РЦИ-Аланийы Фысджыты цæдисы Президент Ходы Камалы сфæлдыстадон изæр. Архайдтой дзы фысджытæ, мыггаджы минæвæрттæ æмæ йæ бирæ хæлæрттæ. Изæр бацæттæ кодтой Ходы мыггаг æмæ Бæтæхъойыхъæуы администрацийы разамынд.

● 27-æм февралы Хуссар Ирыстоны уыд Джусойты Нафийы райгуырды 95 азы кадæн мысæн изæр. Мадзалы архайдтой Ирыстоны интеллигенци, стыр аргъ ын чи кодта, уыдон. Йæ цыртдзæвæныл сæвæрдæуыд дидинджытæ.



**<u>ТÆФÆРФÆС</u>**

# БАГАТЫ ЛАДИ



Йæ цардæй ахицæн Фыдыбæстæйы Стыр хæсты архайæг, Уæрæсейы Фысджыты цæдисы уæнг, ахуыргæнæг, скъолæты райдиан къласты чингуытæ аразæг, æхсæнадон архайæг, журнал «Мах дуг»-ы иузæрдион хæлар æмæ автор Багаты Захары фырт Владимир (Лади).

Райгуырд 1919 азы Тибы. 1923 азы йæ ныййарджытæ æрцардысты Æрыдоны районы Къостайыхъæуы. Педагогон училище каст фæуыны фæстæ куыста райдайæн къласты ахуыргæнæгæй Къостайыхъæуы, уый фæстæ каст фæцис пединститут.

Хæсты фæстæ Лади уыд Кировыхъæуы скъолайы ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнæг. Куыста Сунжæйы æмæ Тарскæйы астæуккаг скъолаты. Ахуыргæнджыты зонындзинæдтæ уæлдæргæнæн институты. 1979 азы рацыд пенсийы, фæлæ уæддæр æвæлмæцгæйæ фæллой кодта.

Æвзонджы бонтæй фæстæмæ мыхуыры цыдысты Ладийы уацтæ газеттæ æмæ журналты. Рацыдис ын æмдзæвгæты æмæ æмбисæндты æмбырдгæндтæ, сывæллæттæн фыст уацмыстæ, ахуыргæнæн æмæ методикон амынддзинæдтæ ахуыргæнджытæн, кæстæр кары ахуыргæнинæгтæн диктанттæ æмæ изложениты æмбырдгæндтæ. Лæвæрд ын æрцыд бирæ паддзахадон хæрзиуджытæ.

Ацыд цардæй æнусы кары лæг, æвзыгъд хæстон, адæмуарзон æмæ уæздан адæймаг. Ладийы сурæт мыггагмæ баззайдзæн нæ зæрдæты.

*Журнал «Мах дуг»-ы редакци*

«Мах дуг»-ы равдысты цы къамтæ ис Годжыцаты Исахъæн, уыдон ист сты РЦИ-Аланийы театралон аивады музейы æвæрæнтæй. Редакцийы кусджытæ сын зæгъынц бузныг се ’ххуысы хайы тыххæй.

* * *


*Шеф-редактор* Н.С. ДЖУСОЕВА
*Корректор* А.К. КАРГАЕВА
*Дизайн, верстка* М.Т. БАГАЕВ
*Специалист по информационным ресурсам* А.А. ГАБИСОВ

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РСО-Алания.

Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 15-00148 от 9 июня 2017 г.


Редакцийы куысджытæ авторы хъуыдыимæ алкæд разы нæ вæййынц.

Журналы цы æрмæг рацæуа, уымæй æндæр мыхуырон оргæн куы пайда кæна, уæд хъуамæ амынд уа, «Мах дуг»-æй ист кæй у, уый.

Журналмæ цы къухфыстытæ лæвæрд цæуынц, уыдон редакци рецензи нæ кæны, стæй сæ автортæн фæстæмæ нæ дæтты.


Учредитель: Комитет по делам печати и массовых коммуникаций РСО–Алания
362003. г. Владикавказ, ул. Димитрова, 2.



*Адрес редакции: 362015, г. Владикавказ, пр. Коста 11.*
*E-mail редакции: mahdug@mail.ru; http: // www.mahdug@mail.ru.*
*Тел.: гл. редактор – 25-09-64;*
*отдел поэзии, корректор – 25-09-74; бухгалтерия, компьют. – 25-22-47.*



Подписано к печати 13.03.2020 г. Формат издания 60х90 1/16. Бум. офсет. №80г./м². Гарнитура шрифта Times New Iron. Вклейка 1 п.л. мелованная. Печать офсетная. Усл. п.л. 10. Учетно-изд. л. 9,30. Тираж 1800 экз. Заказ №137. Цена свободная. Выход из печати 26 марта 2020 г.

Отпечатано в ОАО «Осетия-Полиграфсервис»
РСО-Алания, 362015, г. Владикавказ, пр. Коста, 11. Дом печати.